30. Kini akan kuwisuda dan kuangkat  
dari pangkat dan kedudukan di bawah,  
menjadi punggawa berkedudukan tinggi,  
dengan pangkat Wedana Depan, juga disebut bupati,  
dan namanya pun kuganti  
menjadi Tumenggung Sumabratia.
31. Adapun mereka yang menjadi pendamping  
ialah Raden Ngabehi Suryawinata  
yang mendampingi di sebelah kiri,  
dan di sebelah kanan didampingi  
oleh Raden Ngabehi Cakradiningrat".  
Setelah pengangkatan dan wisuda itu  
disaksikan oleh semua yang hadir,  
perapatan lalu dibubarkan.

32. Kini cerita beralih kepada kedua adipati yang sedang ditugasi menyerbu Pasuruan, ialah Adipati Sampang dan Surabaya; juga yang dari Mancanegara beserta semua para wadya balanya lengkap. Suara prajurit di jalan sangat ramai, namun perjalanannya tak dikisahkan.
33. Barisan diperintahkan berjalan cepat; dan telah sampai di telatah Jipang. Lalu barisan membelok ke selatan meninggalkan telatah Jipang, terus bergerak ke arah tenggara. Untuk memperpendek jalan ceritanya, kini para adipati sudah sampai di Gentong.

Semuanya mulai mengatur barisan.  
Para adipati berpasanggrahan di Gentong.  
setelah itu adipati Cakraningrat  
mengutus putranya Raden Demang Cakrakusuma,  
untuk pulang kembali ke negaranya,  
sekaligus menjemput tentara kumpeni.
35. Mereka itu semuanya akan berjalan dengan berlayar melalui laut.  
Lagi pula Raden Demang Cakrakusuma disuruh membawa semua wadya balanya.  
Kegiatannya tak diceritakan di sini.  
Perjalanannya telah sampai negara Mandura, dan Belanda yang ada di laut, telah dijamu.
36. Sekian dahulu ceritanya.  
Kini kisah beralih ke Pasuruan, kepada Raden Adipati Surapati yang sebagai adipati di daerah itu telah berdiri dengan kuat berwibawa.  
Ia pun kini telah mendengar bahwa negaranya akan diserang.
37. Akan diserbu oleh para adipati pasisir yang kini sedang berpasanggrahan di Gentong.

Kumpeni akan menyerang dari laut;  
begitu pula Raden Cakrakusuma,  
putra adipati Mandura, Cakraningrat.  
Maka dikumpulkanlah segenap wadya bala,  
dan kini orang Pasuruhan telah siap-siaga.

38. Mereka telah menata barisan masing-masing;  
yang menunggu perintah dari Pasuruhan,  
mereka pun sudah berangkat dari negaranya.  
Mereka semuanya datang membantu.  
membela Raden Surapati dalam perang.  
Senjatanya lengkap dan semuanya berpengalaman perang.
39. Di waktu malam Raden Surapati  
masuk ke pasanggrahan Gentong,  
bertemu dengan senapati Kartasura,  
yaitu Arya Pangeran Cakraningrat.  
Di waktu malam mereka berunding.  
Tetapi siang hari, mereka berhadap-hadapan.
40. Maka bala tentara kumpeni  
telah berangkat dari Mandura.  
Perjalannya melalui laut.  
Yang memimpin perjalanan mereka  
ialah putra Adipati Cakraningrat  
yang bernama Raden Cakrakusuma,  
beserta para prajurit pimpinannya.
41. Jumlah pasukan yang menjadi pimpinannya,  
sebanyak sekitar tiga ratus orang.  
Kalau dihitung sampai semua rendahan  
tak kurang dari enam ratus orang.  
Itu terkecuali kumpeni yang Islam,  
ialah orang-orang Bugis dan Makasar  
sebanyak kira-kira tujuh ratus orang.  
Perjalanan mereka di alut tak diceritakan.
42. Kapal-kapal mereka sudah berlabuh  
di muara sungai dekat Prabalingga.  
Para prajuritnya telah mulai mendarat  
dan memasuki daerah Ngayamalas.

Yang memimpin ialah Raden Cakrakusuma  
didampingi oleh pemimpin pihak Belanda.  
Mereka telah siap-siaga untuk menyerang.

## XVII. SURAPATI MULAI BERPERANG MELAWAN BELANDA

1. Sementara itu wadya bala Surapati di bawah pimpinan Ngabehi Kidul yang ditugasi untuk berjaga-jaga menunggu kedatangan kumpeni Belanda, telah pula siap-siaga untuk bertempur. Mereka berjaga di daerah Ngayamalas; dan kini sudah berhadap-hadapan dengan musuh.
2. Sekian dahulu yang sedang berhadapan. Terceritalah barisan yang ada di Gentong. Raden Cakraningrat sedang mengadakan perundingan dengan Adipati Surabaya. Raden Jayengrana dari Surabaya bertanya kepada Adipati Sampang dengan perlahan:
3. "Pangeran Puger tadinya mengatakan bahwa Cakrakusuma telah dipesan apa yang harus dilakukan dalam hal ini. Tetapi karena Cakrakusuma masih muda, jika belum mengetahui siasat perang, mungkin dapat menyimpang dari pesanan." Dan berkatalah Adipati Cakraningrat: "Memang kini hati saya agak resah.
4. Kepadanya tidak saya jelaskan jpesan Pangeran mengenai siasat perang Sang Raja. Dan karena ia masih anak muda, seperti dikatakan kakanda tadi, ia dapat kurang berhati-hati, dalam segala tindak-tanduknya; dan kamilah yang akan menemui celaka.
5. Benar hidup atau mati manusia itu ada di tangan Yang Maha Kuasa, namun orang mengabdi kepada raja itu betul-betul berat tanggung jawabnya. Jika tidak mengetahui rahasianya, kiranya kakanda dengan saya ini sia-sia saja dijadikan abdi raja.

6. Tak akan ada gunanya Sang Raja  
menganugerahi negara kepada kami ini.  
Apakah sekarang tidak sebaiknya  
yang ada di muara Kaliwurah itu,  
pemimpin pasukannya saya ganti  
dengan seorang mantri yang berpengalaman.  
Belanda tentu akan lebih memperhatikan  
nasehatnya daripada anak saya."
7. Adipati Jayengrana lalu berkata:  
"Syukur bila anda benar-benar rela.  
Memang betul, orang mengabdi raja itu  
tidak memandang anak maupun Saudara."  
Sekian dulu yang sedang berunding.  
Terceritakan kembali yang ada di Ngayamala  
dan yang berhadap-hadapan untuk berperang.
- 8-. Yaitu orang-orang dari Sampang dan Pasuruhan,  
dan tak terkecuali bala tentara kumpeni.  
Orang Pasuruhan mulai menyerang  
di bawah pimpinan Ngabehi Kidul.  
Ketika menyerbu, bende dipukul bertalu-talu.  
Orang Pasuruhan mengamuk bagaikan raksasa;  
orang Sampang dan Belanda menandingi.
9. Sangat ramai mereka bertempur;  
orang kumpeni menembaki bertubi-tubi,  
orang Pasuruhan menyusup maju  
di antara asap tembakan senapan.  
Orang Madura pun kuat mengamuknya,  
bergumul satu lawan satu.  
Dan banyaklah orang Belanda yang mati.
10. Raden Demang Cakrakusuma sangat marah  
melihat wadyanya banyak yang tewas.  
Ia minta kudanya disiapkan,  
mau maju dalam peperangan pribadi.  
Kini ia sudah di atas kuda, memegang tombak  
ia maju menyerbu sambii menantang:  
"Hayo rebutlah aku! Ini prajurit sakti!"

11. Putra Adipati Sampang yarig bernama  
Raden Demang Cakrakusuma itu,  
memang orang muda gagah, lagi tampan.  
Ia tak akan mundur dalam perang;  
orang Pasuruhan berbarengan menyerbu maju,  
bagaikan banteng yang sudah terluka.  
Siapa saja yang diterjang, tewaslah ia.
12. Wadya bala Raden Demang Cakrakusuma  
beserta bala tentara kumpeni Belanda  
digempur hebat, banyak yang mati.  
Dan Raden Demang Cakrakusuma  
terdesak oleh penyerbuan serempak itu;  
ia dihujani panah, tombak, dan lembing.
13. Maka mengamuklah Raden Demang itu,  
bagaikan orang sudah mabuk darah.  
Tetapi dikeroyok sekian banyak wadya bala,  
Sang Raden menjadi kerepotan juga.  
Orang Pasuruhan yang diterjang dengan berani,  
banyak yang menemui tewasnya.  
Dan belakang musuh banyak yang datang,  
serempak mengeroyok yang sedang mengamuk.
14. Berapa kekuatan seorang diri manusia!  
Raden Demang Cakrakusuma serempak  
dihujani senjata panah, tombak, dan lembing.  
Ia jatuh terduduk, masih memegang tombak.  
Dikerubut orang banyak masih terus menombak  
sambil berduduk, ke kiri dan ke kanan.  
Tetapi tetap dikeroyok oleh keempat mantri.
15. Dalam keadaan dikeroyok serempak itu,  
senjatanya berhasil direbut musuh.  
Keris yang ada di pinggang dicabut,  
tetapi Raden Demang jatuh terlentang.  
Keris mau direbut musuh tetapi  
tak dapat dilepaskan dari tangannya.  
Ia tertindih mayat-mayat lain  
dan telah ditinggalkan musuh.

16. Ada seseorang yang mendekatinya,  
dengan maksud mengambil keris di tangan,  
serta kancing baju yang ada di dada,  
Sewaktu sedang melangkahi untuk mengambil,  
orang itu ditusuk dadanya, sekali mati;  
yang melihat, sangatlah keheranan.  
Datanglah bala bantuan yang telah  
membawa pesanan tertentu dari Surapati.
17. Mereka terperanjat melihat orang dikeroyok;  
dan dilihat bahwa bukan orang kumpeni.  
Mantri beserta pengikutnya sangat menyesal;  
yang bertempur semuanya sudah dipisahkan.  
Ditanyakan dan mendapat jawaban  
bahwa orang itu-adalah Cakrakusuma,  
putra Sang Adipati Sampang, Cakraningrat.  
Maka heran dan menyesallah Ki Jaladria.
18. Raden Demang Cakrakusuma segera dibawa  
masuk ke dalam pasanggrahan.  
Sehari semalam dirawat di tempat itu,  
namun agaknya telah kehendak Yang Agung,  
ia meninggal di dalam pasanggrahan itu.  
Jenazahnya dibersihkan seperlunya  
oleh Demang Jaladria yang tetap menyesali.
19. Sementara itu bala tentara kumpeni  
telah mendengar, barisan depannya tumpas;  
orang seratus tak ada yang tinggal.  
Mereka segera meninggalkan pangkalan,  
kapal-kapalnya dijauhkan ke tengah laut.  
Kini ganti yang diceritakan,  
yaitu yang sedang menata barisan di Gentong.
20. Telah terdengar kabar bahwa orang kumpeni  
barisan depannya sudah ditumpas.  
Dan Adipati Cakraningrat mengetahui  
bahwa putranya kini telat tewas.  
Ia sangat menyesal dalam hati,  
namun apa yang dapat diperbuat.

Kiranya itu telah menjadi kehendak Yang Maha Agung;  
manusia tak dapat memilih kapan akan mati.

21. Yang ada di Gentong telah lama berjaga-jaga  
menunggu-nunggu kedatangan kumpeni.  
Mereka sudah menunggu sebulan lamanya,  
namun yang ditunggu tak kunjung datang.  
Orang Pasisir semuanya diperintahkan mundur,  
kembali menghadap Sang Raja Kartasura.  
Dan berangkatlah barisan mereka.
22. Untuk memperpendek jalan cerita,  
telah tibalah Adipati Sampang  
dan adipati yang lain di Kartasura  
dan segera masuk ke dalam istana.  
Adipati Cakraningrat dan Jayengrana  
telah menghadap raja dan melaporkan  
segala sesuatu yang telah terjadi.
23. Setelah itu mereka keluar dari istana.  
Namun sekian dulu mengenai  
Sang Raja dan para adipati itu.  
Cerita kembali ke negara Pasuruhan.  
Raden Surapati telah mengutus  
Rangga Ebun Jaladria untuk memerangi  
dan menaklukkan wilayah Madiun.



**B A B A D**  
**T R U N A J A Y A - S U R A P A T I**



## I. DHANDHANGGULA:

1. Wong Madura kang padha njajari  
tumbak binang wetara nembelas  
tandhu tinedhengan cindhe  
sakehe kang angepung  
kagyat denny sandhing ningali  
nanging samya dinuga  
lamon raden ayu  
kang garwa Ki Trunajaya  
pan kang rayi marang wau sri bupati  
samya tinon kewala.
2. Tan winarna lampahirang margi  
sampun prapta sira pasanggrahan  
akatha wadya kang kaget  
katur dhateng sang prabu  
tinimbalan kang rayi aglis  
saking tandhu wus tedhak  
anulya cumundhuk  
anemba angaras pada  
lara-lara sang ratna denny anangis  
rangkul padaning nata.
3. Angandika alon sri bupati  
wis menenga babu ariningwang  
den narima ing tituhe  
pan karsaning Yang Agung  
lalakone badanireki  
balik ta ingsun atanya  
mring sira riningsun  
anang ngendi lakinira  
lan maninge priye secane mring mami  
kang rayi matur nemba.
4. Rayi Tuwan taksi wonten wukir  
mapan ngantos timbalan paduka

lampa kaula wiyose  
kinen atur pinungkul  
atur tobat dhateng sang aji  
ngandika ari narendra  
tarima riningsun  
he ta adhi Cakraningrat  
lumakua mapaga maring si adhi  
mangsa bodhoa sira.

5. Siga nembang wau sang Dipati  
Cakraningrat lengser saha bala  
Ki Suradata kanthine  
datan kawarnang ngenu  
sampun prapta sukuning ukir  
tan dangu gya utusan  
kang paman mring luhur  
wus panggi lan Trunajaya  
ingaturan kalamon kang paman prapti  
angantos aneng ngandhap.
6. Trunajaya nulya budhal gipi  
saking ardi ambakta bongkokan  
ginotong aneng ngarsane  
wetara pitung pulu  
panakawanira angiring  
pan samya barundhulan  
prapta ngadhap sampun  
panggih lawan ingkang paman  
dyan cumundhuk Trunajaya angabakti  
mring paman Cakraningrat.
7. Dyan rinangkul mring kang paman aglis  
Cakraningrat alón angandika  
adhu anakingsun angger  
sira ngabakting ratu  
apan mentas kasoran jurit  
becik nganggo pratandha

nyawa anakingsun  
katon katemenanira  
Cakraningrat wadyanira denkedhepi  
anubruk Trunajaya.

8. Trunajaya tan suwaleng kapti  
sampun mangga ing karsane paman  
mangsa ambriya dudune  
Cakraningrat amuwus  
aja susa babu anak mami  
kapanggi ing pun bapa  
dukane sang prabu  
binanda cindhe pusrita  
Trunajaya sampun binakta lumaris  
budhal saking ing Antang.
9. Kawarna wau sri bupati  
ingkang wonten pasanggrahan Payat  
siniwi dening wadya ndher  
munggeng tetarub agung  
pepek sikep para dipati  
tuwin para satriya  
kumpeni nung-anung  
pra samya munggeng ngayunan  
miwah Ambrai Helduwelde munggeng ngarsi  
sang nata angandika.
10. Maring gundhak kinen ngari-ari  
nungkulaken maring arinira  
Den Ayu Trunajayane  
binakta marang pungkur  
kawarna sang Adipati  
Cakraningrat wus prapta  
jaba baris agung  
kendel ngaturan uninga  
mring sang nata yen Ki Trunajaya prapti  
wus binakta bebandan.

11. Langkung suka ing sri narapati  
dadya kinen abaris sedaya  
tuwin wong kumpeni kabe  
abaris urung-urung  
anggigila kang lagi prapti  
ya ta nulya ngandika  
Cakraningrat wau  
ambakta Ki Trunajaya  
wus lumampa anangis ajroning ati  
anutu kang sarira.
12. Prapta ngarsa ing sri narapati  
Trunajaya tumungkul alengga  
lir konjem siti mukane  
tinggar munya gumrudug  
mányeme awanti-wanti  
kodhok ngorek sauran  
gong beri ambarung  
tambur amunya brangbrangan  
Trunajaya saengga binayangkari  
angles sarira lupa.
13. Sri narendra angandika aris  
e bagea adhi Trunajaya  
denparek ing ngarsa kene  
Trunajaya anuhun  
arsa nemba sumungkem siti  
sang prabu angandika  
ing ubayaningsun  
mengko adhi luwarana  
apan isun ora duwe ujar mali  
samengko ya ing kuna.
14. Apan dhingin isun wus prajangji  
lawan sira yen aijaning lampa  
isun jro sira jabane  
rat Jawa sun tan weru

drema isun dadi narpati  
sira kang nduwenana  
dhangdhing alum-alum  
mengko adhi tampanana  
Nusa Jawa isun pan nor a ngawruhi  
mangsa bodhoa sira.

15. Trunajaya maksa nora tampi  
pangandika dalem kang ping tiga  
Trunajaya nun ature  
paran Lamongan muwus  
anambungi sabda narpati  
e anak Trunajaya  
amatura nuhun  
teka sira tampanana  
ngendi ana satriya cidra ing jangji  
kaya trahing bandrakan.
16. Trunajaya anembang nuhun si  
sri narendra alon angandika  
padha saksenana kabe  
lu waranjangjinisun  
adhi Trunajaya sunsrahi  
rat Jawa wus kalakyan  
estokena iku,  
amung punagi manira  
kari siji mengko arsa sunluwari  
duk isun neng Tetegal.
17. Punagiku mung kari sawiji  
Trunajaya payu luwarana  
keris Ki Belabar kiye  
sunliga laminipun  
apan nora isun sarungi  
yen nora asarunga  
ing jajanireku  
ya ta sagung pra dipatya

Trunajaya sinaosaken ing ngarsi  
sang nata sigra tedhak.

18. Saking dhadhampar amarepeki  
Trunajaya ginoco jajanya  
terus marang walikate  
ludirá dues sumembur  
ya ta wonten parepat alit  
aran Ki Antagopa  
nututi ändudut  
graita sagung punggawa  
pan sadaya bupati tumut nyuduki  
ajur kuwandanira.
19. Sri narendra asru denira ngling  
e sakehe pra bupatinengwang  
padha mangana atine  
sigra nulya rinebut  
dening sagung para dipati  
atine Trunajaya  
kaduman sakuku  
mastaka sampun tinigas  
apan tansa sinandhing dera narpati  
munggeng soring dhadhampar.
20. Nenggi wonten embane sawiji  
sakalangkung ageng inggilira  
Ki Secagora arane  
sampun binakta wau  
nanging keda bala ing gusti  
dinangu mring sang nata  
suntanya sireku  
neng ngendi Eyang Kajoran  
Secagora umatur saha wotsari  
wonten ing Sonyasirna.
21. Secagora sampun denpateni  
kawarnaa Jengrana wus prapta

sareng lan Anggajayane  
ngandika kalihipun  
prapta ngarsa saha wotsari  
sang nata angandika  
nusula anuduk  
ing bathange Trunajaya  
wus saaiju saksana prayayi kali  
sareng narik curiga.

22. Kunarpane sampun awor siti  
sinudukan maring Ki Jengrana  
wong roro lawan kakapge  
sareng wewedhak marus  
kawarnaa sri narapati  
kondur amasanggrahan  
mastaka tan kantun  
cinangking dening parekan  
munggeng ngarsa sira wau sri bupati  
binakta pesarean.
23. Ya ta wau kang rayi narpati  
kang kagarwa mring Ki Trunajaya  
miyarsa asru tangise  
dhu lae kakang prabu  
mbok iyaa awlas ing kami  
dene wus atur tobat  
ing kadudonipun  
sri naranata ngandika  
ingkang rayi wau ta denbibisiki  
ing lire lakinira.
24. Dadya kendel wau ingkang rayi  
kawarnaa surup sanghyang arka  
kang sinuhun mingga sare  
mastaka datan kantun  
pan kinarya kesuding wengi  
singa kang mungga nendra

kekesed puniku  
ing endhase Trunajaya  
para selir miwa kang para paminggir  
pra samya kesed sira.

25. Ya ta wau kawarnaa enjing  
sri narendra miyos siniwaka  
siniwi ing wadya andher  
angandika sang prabu  
mring sagunge kang para nyai  
sami kinen nggeploka  
ing mastakanipun  
Trunajaya lumpang sela  
ya ta wau para nyai lawan selir  
samya nggeplok mestaka.
26. Ajur mumur wus awor lan siti  
kang metaka sang nata ngandika  
mring para dipati kabe  
sagung ponggawanisun  
piyarsakna timbalan marni  
si Lembu lan si Buwang  
karo isun junjung  
wedana bumi Dumija  
pan si Lembu Tumenggung Natayudeki  
si Buwang Natajaya.
27. Sri narendra angandika aris  
Rangkusuma padha undhangana  
isun arsa budhal age  
mring Surabaya ngunjung  
Rangkusuma saha wotsari  
Pangeran Cakraningrat  
anemba umatur  
angaturaken jarahan  
saking Ngantang sakarine para rabi  
samya asmaradana.

## II. ASMARADANA

1. Ya ta kondur sri bupati  
malebet ing pasanggrahan  
datan winarna dalune  
ya ta enjang kawarnaa  
sampun nembang tengara  
syaraning bala gumuru  
kadya ombaking samudra.
2. Wus budhal sri narapati  
wau saking pasanggrahan  
untabing wadya agolong  
saengga wukir kusuma  
asrine bala kosya  
wadya pasisir neng ngayun  
ing wuri mancanegara.
3. Sagunging bala kumpeni  
tan teba layan sang nata  
munya brangbrangan tambure  
sira Tumenggung Jengrana  
kang munggeng ngarsa pisan  
datan kawarna ing ngenu  
lampahe sri naranata.
4. Prapta nagri Surawesthi  
sawusira mesanggrahan  
alajeng ngujung mring Ngampel  
sira Pangeran Lamongan  
ginempal linggihira  
ing Surabaya wong sewu  
sira Pangeran Lamongan.
5. Sri naranata anuding  
maring Raden Mangunjaya  
sira mring Giri ya angger  
turena semba manira

isun denidenana  
panjenenganisun ratu  
amengkua ing rat Jawa.

6. Lan keris wasiyat Giri  
iku sunenan denira  
Ki Kalamunyeng arane  
Mangunjaya awotsekar  
lengser saking ngayunan  
ing marga datan winuwus  
wus prata ing Giriputra.
7. Panggi lan Pangeran Giri  
Mangunjaya wuwusira  
Pangeran kula kinengken  
dhateng ing gusti kawula  
Susunan Amangkurat  
tuwan idenena iku  
ing jenenge mangku Jawa.
8. Ngandika Pangeran Giri  
ingkang jeneng Amangkurat  
isun takon satemene  
wartane anakeng Amral  
paksa ngrabaseng Jawa  
yen estu warta puniku  
tan arsa sun ngidenena.
9. Lamon wijil ing Mentawis  
kang nama Prabu Mangkurat  
isun ngideni jenenge  
jar iku kang duwe Jawa  
yen dudu trah Metaram  
tan arsa ngideni isun  
Mangunjaya matur sala.
10. Kaula boten udani  
wijile Sunan Mangkurat

elon-elon ing wong ake  
dening prayayi Mentaram  
akatha kang suwita  
nanging wartane misuwur  
inggi anake wong sabrang.

11. Pun Ambral ingkang ngembani  
jumeneng ing nungsa Jawa  
Pangran Giri ngandika Ion  
wis Mangunjaya muliha  
isun tan arsa seba  
angidini sun tan purun  
keris pinundhut tan suka.
12. Mangunj aya nulya amit  
datan kawarna ing marga  
wus prapta Surabaya ge  
lajeng tumameng ngayunan  
sang nata duk sineba  
Ki Mangunjaya umatur  
gusti pun Giri am baga.
13. Datan purun angindini  
ing jeng tuwan nalendra  
dhuhung pinundhut tan awe  
aseba pan datan nedya  
sang nata langkung duka  
jajanira sumung-sumung  
ngartipara suryanira.
14. Pangandikanira wingit  
payu nembunga tengara  
ing Giri suntindakane  
sigra kang para dipatya  
samyu tata gegaman  
wadya kumpeni akumpul  
sri naranata dyan budhal.

15. Sumreg kang wadya lumaris  
bubar saking Surabaya  
lir ombaking segara rob  
ginelek lampahing bala  
ing marga tan winarna  
ing Garesik sàmpun rawu  
mapan sampun mesanggrahan.
16. Warnanan Pangeran Giri  
pan sampun miyarsa warta  
yen linurugan prajane  
dening Susunan Mangkurat  
pan arsa mapag yuda  
kulawangsa sampun kumpul  
miwa para modinira.
17. Sedaya sedya prang sabil  
sentana ing Giripura  
samya anedheng wanine  
kawarnaa sri nalendra  
enjang nembang tengara  
ing Giri sampun kinepung  
gegaman tanpa wilangan.
18. Mancanegara pasisir  
miwa kang bala Welanda  
samya marepeki kabe  
wadya Giri binedhilan  
nanging tan purun medal  
baris pendhem sadyanipun  
amuwru sajroning dheka.
19. Ginunturan dening bedhil  
wong Giri pan arsa medal  
sri sentana rempag kabe  
amapan ginawe lesan  
dadya wong Giri medal

awetara kali atus  
wong Giri angamuk rampak.

20. Mancanegara pasisir  
miwa kang bala Welanda  
wong Giri wau tandange  
arempek pangamukira  
binendrong lan senjata  
wong kumpeni bedhilipun  
mimise pan kadi udan.
21. Anusup kukusing bedhil  
wong Giri ngiwung prangira  
wong pasisir ake longe  
miwah wong mancanegara  
akatha ingkang peja  
kang para dipati magut  
samya ngawaki ayuda.
22. Wonten sentana ing Giri  
aran Raden Singasekar  
kagila-gila tandage  
wong pasisir bubar-bubar  
ingamuk Singasekar  
langkung duka sang aprabu  
angatag sagunging bala.
23. Lumayu wadya kumpeni  
pira kadere wong arga  
urugana mayid bae  
saksana sareng umangsa  
Bugis lawan Mekasar  
ambontrong nateng pan ambyuk  
sareng wadya kasinoman.
24. Miwa sagung pra dipati  
ngembuyuki sabala inya  
wadya ing Giri tandage

ketib sabat katha peja  
denlambung saking kanan  
wong Sampang sampun umangsup  
jro dhuku geger puyengan.

25. Miwa wadya Surawesthi  
pan sampun manjing jro dheka  
wong Giri wus kuwur prange  
dene dhuku kalebетan  
wadya Pangeran Arga  
sampun binabayang wau  
dening kang para dipatya.
26. Ya ta Raden Singasari  
awas andulu kang paman  
yen binabayang wong ake  
sigra nulya mbuwang watang  
angamuk lan curiga  
singa katrajang amawut  
marang Raden Singasekar.
27. Para dipati nadhahi  
kinarocok Singasekar  
lir panjangputra anggane  
sinosog ing alang-alang  
dadya sagunging wadya  
giris mulat samya mundur  
wus katur dhateng sang nata.
28. Langkung duka sri bupati  
Adipati Jagasura  
lan kang wadya anom-anom  
sedaya kinen amangsa  
nadiah Singasekar  
sinosog ing watang ganjur  
lembing busur lan godebag.
29. Nanging tan wonten nedhasi

marang Raden Singasekar  
sakalangkung ing timbule  
angawet pangamukira  
rusak ingkang apangga  
wingwrin baiane sang prabu  
Judhipati Jagasura.

30. Kang wadya nom-anom gusis  
akatha ingkang palastra  
wong kumpeni ake longe  
langkung duka sri nalendra  
arsa ngawaki yuda  
myang Pangeran Adilangu  
Panembahan Natapraja.
31. Umatur dhateng narpati  
sampun âge mangsah yuda  
yen maksi ingkang mangkene  
sigra Pangran Natapraja  
sampun nyandhak talempak  
mara sarwi nguwu-uwu  
he Singasari mandhega.
32. Sira Raden Singasari  
anguwu-uwu tan mirsa  
pan wus wuru pangamuke  
Panembahan Natapraja  
mara saking ing ngarsa  
pan sampun dulu-dinulu  
Raden Singasari mojar.
33. La sira wong apa iki  
wus dhawuk paksa sudira  
lungaa aja neng kene  
apa nganti deksesempal  
Pangeran Natapraja  
angandika manis arum  
e panten sira nututa.

34. Ya ta Raden Singasari  
 bramantya anggeget waja  
 arsa narajang sedyane  
 tinadhahan ing talempak  
 la iya tadhahira  
 apan wus amlas amlaku  
 ing Pangeran Natapraja.
35. Mapan sampun angemasi  
 maksi angawet lathinya  
 curiga pan maksi lengket  
 astanya lawan ukiran  
 datan kena winengkang  
 gawok sedaya kang ndulu  
 gebeg-gebeg Ambrai mulat.
36. Ya ta si Pangeran Giri  
 ingaturaken babandan  
 mapan sampun dipunlawe  
 Pangeran Giri wus peja  
 Ki Kalamunyeng ika  
 apan ta wiyos pinundhut  
 sri narendra nulya bubar.
37. Gumeran syaraning baris  
 ing ngenu datan winarna  
 prapta ing Surapringgane  
 sri narendra masanggrahan  
 watawis pitung dina  
 wadya ingundhangan sampun  
 sang nata pan arsa budhal.
38. Saking nagri Surawesthi  
 ya ta wau Mangunjaya  
 sampun jinunjung linggihe  
 Sumenep ganjaranira  
 Raden Amangunjaya

sarta sinungan jujuluk  
Pangeran Cakranegara.

39. Ya ta wau sri bupati  
budhal saking Surapringga  
anglarug sikep lampuhe  
gumeran syaraning jalma  
narajang grit ancala  
teka waudadi iku  
Ambral tumut medal dharat.
40. Kasukan samargi-margi  
sang nata lan wadyabala  
suka manahe punang wong  
sagunging para dipatya  
pasisir wetan samya  
ambakta sagarwanipun  
kadi madu pinasthika.

### **III. DHANDHANGGULA.**

1. Tan winarna lampahirang margi sampun prapta nagri Garobogan anjog Semarang karsane datan kawarnang ngenu ya ta ganti winuwus mali Ki Buyut ing Laweyan wau kang winuwus lan anake Martanaya duk sinuhun budhal saking ing Tetegil anglayang mring Jepara.
2. Ki Laweyan lan anakireki samya sega neng tengga lautan akatha atur-ature duren lawan kepundhung myang pijetan nanas kuweni pelem kalawan salak semangka lan timun sang nata nuju kasatan Martanaya suguhe katur sang aji langkung dening precaya.
3. Duk dhinahar suguhe tumuli sri narendra pan angrasa nikmat dadya dhawu timbalane tarima temen tengsun mbesuk isun lamon basuki andon aprang bang wetan amapaga mbesuk samengko sira karia sun alimi aja milu sirang kami tur semba Martanaya.
4. Ki Martanaya miyarsa warti lamon smuhun lanang kang yuda

rawu Semarang badhene  
Ki Martanaya methuk  
lawan bapa dhateng sang aji  
wuwusen sri narendra  
lampahira rawu  
pan negari ing Semarang  
Ki Laweyan kelawan anakireki  
nenggi Ki Martanaya.

5. Wus tmameng pasanggrahan aji  
sri narendra pan lagya sineba  
kagyat duk wau praptane  
Ki Martanaya wau  
angandika sri narapati  
la sira Martanaya  
bagea tekamu  
tur semba Ki Martanaya  
sampun katur suguhe ingkang narpati  
sang nata angandika.
6. Ki Laweyan pan anakireki  
isun pundhut ya si Martanaya  
isun arsa naur sihe  
sunjunjung lunggu iku  
aduwea nagri Semawis  
lawan sunwehi aran  
ing panedhanisun  
Mas Rangga Yudanegara  
Ki Laweyan asujud konjem ing siti  
langkung panuhunira.
7. Pra dipatya samya anakseni  
yen Ki Martanaya aran Ermas  
Rangga Yudanegarane  
apan ta wis misuwur  
dennya lengga nagri Semawis  
semana sri narendra  
siniwi wadya gung

pirembagan badhe kutha  
sri narendra tan arsa kutha Metawis  
Mangunoneng tur semba.

8. Yen suwawi ngedhaton ing Tingkir  
datan arsa wau sri narendra  
Ki Wiradigda ature  
yen karsa sang aprabu  
sukuning kang Ardi Marapi  
ing logender punika  
sae papanipun  
sang nata mali tan arsa  
Ki Urawan umatur saha wotsari  
gusti ing Wanakarta.
9. Apolatan papannya aresik  
lawan celak kadhaton ing Pajang  
amba mirsa wirayate  
duk kala syarganipun  
yang paduka Pangeran Pekik  
ngandikan mring Mataram  
kadalon ing Butu  
lajeng asare ing dagan  
wonten syara ujaring syara dumeling  
he Pekik wruhanira.
10. Alas kulon ing Pajang puniki  
Wanakarta mbesuk dadi kitha  
ana dene narpatine  
iya putunireku  
mbesuk yen wis bedha Metawis  
sang nata langkung suka  
kadhahar ing atur  
sira Dipati Urawan  
angandika sang nata marang papati  
Radyan Anrangkusuma.
11. Rangkusuma mangkata karihin

babadaan alas Wanakarta  
rerekanen sapatute  
bakal kadhatonisun  
atur nemba rahaden pati  
lengser saking ngayunan  
saha wadyanipun  
tan winarna lampahira  
aneng marga rahaden mung tigang latri  
prapta ing Wanakarta.

12. Binabadan rineka tumuli  
sasampune rineka sadaya  
gatra-gatra ing bdhane  
warnanen sang aprabu  
budhal saking nagri Metawis  
gumere sayaranira  
pongawa nung-anung  
ing ngenu datan winarna  
sampun prapta ing Wanakarta sang aji  
lajeng ngadhaton pisan.
13. Pan dipunli araning nagari  
pan ing Kartasura Adiningrat  
duk kalampa ngadhatone  
Rowa tanggal ping pitu  
apan nuju ing taun Alip  
Buda Pon dinanira  
sinangkalan wau  
guna tanpa ngrasa jalma  
rebut seneng lir ngumbara ngrasa wani  
singa ingkang kanggea.
14. Sri narendra pan arsa nimbal  
mring kang rayi Susunan Ngalaga  
ingkang ngadhaton Pelered  
umangkat dutanipun  
pan sinigeg duta narpati

ganti kang kawuwusan  
kang umadeg ratu  
kang ngrebat Pura Metaram  
Kang Sinuhun Ngalaga lagya tinangkil  
andher kang wadyabala.

15. Ingkang mungga ing ngarsa narpati  
Arya Mandhalika lan Ki Patya  
Natakusuma sisihe  
jajar para tumenggung  
demang arya lawan ngebehi  
rangga lan pecattandha  
kandhuruwanipun  
Tumenggung Gajapramoda  
lan Ki Rangga Wintulas munggeng ing ngarsi  
Ngabehi Tanpanata.
16. Demang Kaleng lan Ki Jagapati  
he tinapi Arya Tambakbaya  
lan Arya Surajayane  
Ki Mandhalika matur  
arsa nemba dhateng narpati  
gusti kula miyarsa  
nenggi wartinipun  
raka ta umadeg nata  
geng keraman pun Trunajaya kajudhi  
denta rakanta nata.
17. Baia tiyang sabrang warni-warni  
nanging wonten satengahing warta  
sununya Mral satuhune  
pindha-pindha mring suyud  
ing bumya rat tata lan Jawi  
sang nata angandika  
apa yaktinipun  
iya dudune kakangmas  
Mandhalika matur sarya awotsari  
wetawis yen dedea.

18. Denny ngangge acara Welandi  
lan malihe akula lan kupar  
tan pisa sanalikane  
punika dedenipun  
gusti mengga watawis marni  
inggi yen rakandika  
dene abdinipun  
rakanta kang lama-lama  
inggi maksi asuwita ing narpati  
sagung wong Kadyapatyah.
19. Dadya emeng driyaning narpati  
angandika mring sagung punggawa  
he wongisun sedayane  
aja na sira tungkul  
densamakta dangdan ajurit  
menawa angandaka  
si Ambrai kang rawu  
mangsa wurunga ayuda  
yen si Ambrai maksi ngukuhi ing Jawi  
yak ti singa tiwasan.
20. Nadyan sili kakangmas dipati  
yen tan amri mulyaning nagara  
wong kapir den teka kabe  
tan eman nagrinipun  
anyambata asra wong cilik  
padha kinan boyonga  
mring wong sabrang iku  
yen mengkono kakangemas  
yekti isun saoli-oli nyambili  
singa tiwasa peja.
21. Kaya dudu kakang mas dipati  
dene wartane ngaji mring Meka  
mengko mengkono dadine  
dadya Welanda butun

Mandhalika awasna mali  
den waspada ing warna  
aja sala surup  
kalamon dudu kakang mas  
pasthi kono ngantep pranga raup ganti  
matiyang pambaratan.

22. Lagya eca dennya gunem kawis  
pan kasaru praptane kang duta  
jumarogjog ing ngarsane  
mundhi surat wus katur  
tinampanan dening prabaris  
tembungue kira-kira  
salam donganisun  
Kanjeng Susunan Mangkurat  
Senapati Ngalaga Ngabdurakmani  
Sayidin Natagama.
23. Dhawuha mring adhimas dipati  
ya ing Puger medeg Natenglaga  
ingkang ngenggeni Palered  
sawusing salamningsun  
maring sira sun we upaksi  
prakara musu paran  
kang ngrusak Metarum  
si Trunajaya wus peja  
wonge tumpes ana dene ingsun adhi  
ngadhaton bumi Pajang.
24. Wanakarta kang isun bakali  
sira adhi praptaa den enggal  
isun oneng mring dheweke  
titi kang surat sampun  
angandika sri narapati  
he duta wis balia  
sun pikire pungkur  
duta tur, semba umangkat

lengser saking ngarsanira sri bupati  
sinigeg dutaning kang.

25. Saundure duta gunem kawis  
wau Kanjeng Susunan Ngalaga  
lan ponggawa sakathahe  
angandika sang prabu  
kayaparan kabe suntari  
umatur Mandhalika  
adhu gustiningsun  
tan eca raosing driya  
mbokmenawa guna-gunaning kumpeni  
akarya pindha-pindha.
26. Pangran Natakusuma wotsari  
adhu gusti suwawi asowan  
moal yen anggawe-gawe  
dene pasisir suyud  
yen dedea ta kadipundi  
teka arupa Welanda  
nggi manawi guna-gunaning wong kapir  
tan eca lambanana.
27. Angandika wau sri bupati  
Natakusuma sira sunduta  
waspadakena yaktine  
lan si Natabrateku  
sungawakken minangka kanthi  
ira ana ing marga  
kang kinen wotsantun  
Pangeran Natakusuma  
lawan Raden Natabrata dyan lumaris  
budhal saha balanya.
28. Kawarnaa dutanya narpati  
Pangalsan prapta Kartasura  
tumameng ing ngarsa angger  
tur semba sarwi matur

amba tuwan duta wus prapti  
negari ing Metaram  
rayinta kapanggu  
kang umadeg Natenglaga  
datan arsa rayinta seba tumuli  
dadya awalang driya.

29. Pangandika wau ing narpati  
inggi amba kinen rumiyina  
lagya pinikir pungkure  
warnanen dutanipun  
Susuhunan Nglaga Metawis  
aran Natakusuma  
lan Natabrateku  
prapta nagri Kartasura  
sri narendra pan lagya miyos tinangkil  
andher kang wadyabala.
30. Ingkang munggeng ngarsaning narpati  
Rahaden Pati Anrangkusuma  
para pratiwa- ke-ake  
myang prawira nung-anung  
Arya Sindureja ing ngarsi  
lan Dipati Urawan  
jajare alunggu  
Tumenggung Wirawidigda  
Mangunoneng lir sagung para dipati  
pasisir munggeng ngarsa.
31. Raden Anrangkusuma wotsari  
dyan umatur mring sri naradipa  
gusti yen wonten dutane  
sekar arinta prabu  
teka ingkang duta karyeki  
paran Natakusuma  
pratiwa nung-anung  
lan Natabrata juga dya

sri narendra marang wadya lingnya manis  
undangen ngarsanetingwang.

32. Duta karoajara tumrap ning  
ngarsa narpa umangsa gya-agya  
caraka atur sembahe  
dhuu sang narpati ngutus  
tekaping ri naradipati  
manganjali arinta  
katura sanghulun  
marma arinta tan tumrap  
tekap tita rancaka ari narpati  
myarsa narpa sutamral.
33. Yen miyarsa arinta narpati  
yen si kakang sayugya kang prapta  
mastyu tumameng gya angger  
ing ngabyantara prabu  
mangraup jing amanganjali  
ing padubya narendra  
arinta pukulun  
sang sinuhun angandika  
iya bener si adhi prayatneng westhi  
manawi mindha-mindha.
34. pangran Natakusuma ya manis  
adhi Natabrata pakanira  
payu muliha den age  
matur lamon yen estu  
yen kang raka naradipati  
Natabrata gya mesat  
sing ngarsa sang prabu  
tan ucapen kang lumampa  
kawuwusan rahaden nagri Metawis  
lagya amsang pratiwa.
35. Prawira nung-anung neng ngarsa ji  
saha semba Arya Mandhalika

dhuh gusti yen sardya angger  
sampun adya cumundhuk  
nadyan sili rakanta aji  
pan Mangkurata raja  
tan wonten lyanipun  
dyantara kang naradipa  
syaleng karsa angait wadya kumpeni  
asyara naga arja.

36. Nata lagya sakeca tinangkil  
pan kasaru prapta dutaning kang  
tumameng abyantarane  
Raden Natabrateku  
dyan sumesel pada narpati  
manemba ing suku sang  
mangusapi lebu  
sampun karsaning Yang Sukma  
Natabrata semana pan matur silib  
wus karsaning Pangeran.
37. Pukulun amba dinuta prapti  
nagri Kartasura Adiningrat  
anelika ing yaktine  
rakanta sang aprabu  
ing watawis kaula gusti  
kados sutanya Amral  
kedhik iribipun  
kelawan rakanta narpa  
abdi dalem pun Natakusuma gusti  
tan arsa umantuka.
38. Asuwiteng narpati kumpeni  
sri narendra aputek ing driya  
Natakusuma karine  
yen ta dedea iku  
kakangemas ingkang ngenggoni  
kedathon ing Wanarja  
mangsa sedya kantun

iya sang Natakusuma  
Arya Mandhalika matur awotsari  
punapa karasa tuwan.

39. Duk miyarsa aturing prajurit  
pambanguse Arya Mandhalika  
sang narpa madeg surane  
myang prajurit nung-anung  
dadya samya riyeg ing jurit  
lumakya pabaratan  
angrura ing satru  
kang sedya don ing Wanarja  
rajeng sabrang kang ambek angrurusuhi  
sedya ngrabaseng Jawa.
40. Mandhalika matur awotsari  
gusti lamon Mandhalika peja  
sampun âge ing balunge  
linusung ing bumiku  
titikelen gusti karihin  
karyanen mimis obat  
bedhila nang satru  
.ing Welanda paksa sura  
sukur bage matia prang lan kumpeni  
asedya sabilulla.
41. Kula gusti pan sampun menangi  
yen lananga Welanda neng Jawa  
kula mirsa wirayate  
winalik jagad retu  
milanipun kaula gusti  
mugi-mugi wontena  
putulung Yang Agung  
kang dhawu dhateng sampeyan  
ngaged nata tan ngangge baia wong kapir  
amba aweta gesang.
42. Yen estu lanang yudane kapir

amba gusti anunten pejaha  
anglampahi ayahane  
kadya jinait wau  
driyanira sri narapati  
wus angundhangi wadya  
pratiwa nung-anung  
asaos ing pabaratan  
tan winarna gentiya winuwus mali  
sang Prabu Amangkurat.

43. Pan ing mangke sanag nata tri sasi  
dennya ngadhaton ing Kartasura  
samana dina Somané  
siniwi ing wadya gung  
pepek andher para dipati  
lan sagunging satriya  
prawira nung-anung  
Rahaden Anrangkusuma  
manganjali ing nata umatur aris  
pukulun rinta nata.
44. Kang umadeg Prabu Ngalagadi  
estu datang arsa tumundhuka  
inggi kenging pambanguse  
wadya sura nung-anung  
ari nata umadeg baris  
mesem nata ngandika  
adhu arinisun  
anggugu aturing wadya  
kang tan yakti baya karsening Yang Widi  
mangsane lali kadang.
45. Nrangkusuma sun tindak pribadi  
undhangana sagung wadyabala  
miwa si Ambral Duwelde  
sakehe upsur iku  
poma kabe welegen sami  
beras bebek lan ayam

barambang den tuwuk  
sang nata kondur ngadhatyan  
dyan warnanen sagunging para dipati  
prasamya asiyaga.

46. Miwa sagung kang bala kumpeni  
wus siyaga para mayorira  
miwa pra kapitan kabe  
datan kawarna dalu  
enjingane nembang tengari  
gumra syaraning jalma  
baris ngalun-alurt  
gegaman awarna-warna  
anglir penda sang udayagiri mijil  
ngayunan nandhingi ngrat.
47. Budhal nata kumresek menuhi  
lir jalani kang tumrap ing dharat  
wadya kosya bar mbeleber  
wukir aguntur rugrug  
awor ingkang syandana ngerik  
myang kriciking warastr  
barung lan gong tambur  
sireng panganjuring lampa  
Mangkuyuda angirid wong sura sakti  
padha suranggakara.
48. Prapta sagung wadya kang pangarsi  
pan ginelek muntab bala melatar  
cucuke aneng Karacek  
datan prapta dalanggung  
masanggrahan sri narapati  
wadya kang aneng ngarsa  
nglarug mring Kalepu  
ing Pokak pan kaibekan  
wong kumpeni tansa munggeng kanan keri  
aneng sri naranata.

Neng dalan gung sang nerpa sawengi  
enjing budhal sumahab kang wadya  
Melinjon pasanggrahane  
dening wadya pangayun  
wus anocog ing Lawangaji  
miwa ing Parambanan  
ibekan wadya gung  
sinigeg wong Kartasura  
dyan warnanen ingkang ngedhaton Metawis  
nistha yen undurana.

\* \* \* \*

#### **IV. DURMA:**

1. Kawamaa sang aprabu Ingalaga  
enjing miyos tinangkil  
.andher kang ponggawa  
sawadya balanira  
Arya Mandhalika nenggi  
Gajapramoda  
Tumenggung Jagawesthi.
2. Arya Surajaya Arya Tambakbaya  
pratiwa Ketcingpuri  
Demang Nangleng seba  
Ngabehi Pajer ika  
Jenar Bocor munggeng ngarsi  
rangga Pitera  
Gila Sraba anangkil.
3. Mandhalika umatur sarwi anemba  
pukulun mengsa prapti  
paksa angrurahan  
nagrinta Ngaksuganda  
nenggi panganjuring jurit  
ing Parambanan  
penu kang wadya baris.
4. Ta pun Ambral ing Malinjo pakuwonnya  
tansa nggen kanan keri  
nira naradipa  
sang nata angandika  
ge undhangana denaglis  
wadya Mataram  
sun arsa magut jurit.
5. Jeng paduka gusti amengkua dhadha  
kinen amba nindhihi  
bang keri punika  
inggi Gajapramoda

sigra bendhe sii bupati  
wadya kumerab  
gumer gumuru latri.

6. Pra pratiwa nung-anung samya siyaga  
gugup tengara muni  
wadya amalatar  
gagaman warna-warna  
sa atunggul lalayadi  
bandera abang  
daludag myang kikitir.
7. Dyan tengara budhal sumahab kang baia  
anglir prawatang geni  
mangka panganjur prang  
Ki Arya Mandhalika  
Gajapramoda nisihi  
panganjuring prang  
karo prawireng nurit.
8. Sri narendra wus tedhak niti turangga  
aran pun Kam asari  
abrit ulesira  
rinengga busana bra  
wadya kang parek marapit  
wergul kang kamba  
angapit kanan keri.
9. Sri narendra busananya abrang muncar  
baju baludru wilis  
pinarenggi mubyar  
sinuji titirannya  
kancinge maniking wari  
cindhe pusputa  
lancingan panji-panji.
10. Apaningset tasbe kutange rinengga  
dhestar genjong kinitir  
sumyar tatali brang

pun Muncar kethap-kethap  
    ujylanira nelahi  
    asarawungan  
    lan pekiking narpati.

11. Datan mantra-mantra jalma madyapada  
        lir Hyang Asmara enting  
        apan sri narendra  
        lagya yuswa tridasa  
        langyan pamurwenging sari  
        sedheng sudira  
        myang mempeng ing kuwanin.
12. Pan kinubeng wong Magersari agampang  
        sewu wong Numbakputi  
        acalana jerak  
        abaju taratesan  
        gumer gut tandanging dasi  
        pangulunira  
        amalayun ing gusti.
13. Adhu gusti kawula tumut palastra  
        sang nata ngandika ris  
        e pangulu aja  
        karia tengga pura  
        mbesuk yen sun ngantep jurit  
        milua sira  
        ing ngalun-alun mbenjing.
14. Tan kawarna lampahira sri narendra  
        prapta ing Kaliajur  
        wadya Kartasura  
        kang wonten Parambanan  
        denira umangkat enjing  
        cucuking yuda  
        kapranggul Kalibening.
15. Wong Kalagan lir danawa ngaksi mangsa

anon ing mungsu prapti  
samya nganga-anga  
saksana anerajang  
wong Kartasura nadhahi  
pengku prangira  
rame bedhil-binedhil.

16. Mandhalika wus atur wau uninga  
dhateng sri narapati  
yen wadya pangarsa  
sampun campu ing yuda  
ngandika wau narpati  
e adhi emas  
Arya Panular aglis.
17. Enggonana adhi upacaraningwang  
sira sun gawe wakil  
ngangge tengeringwang  
sun adhi maring ngarsa  
amomor arsa udani  
tandanging mengsa  
sang nerpa dyan umyarsi.
18. Prapteng madyanta uni kang rinanggana  
wadya samya upaksi  
yen sri naradipa  
prapta tan mawa bala  
tumanduk manempu westhi  
wadya Kalagan  
mangrep mangamuk ngungki.
19. Tunadhahan ing bedhil ganjur lan watang  
ya ta wadya Metawis  
anusup mangrepak  
geger wong Kartasura  
giris maledug mangisis

dhedhel saksana  
burua marang Taji.

20. Wong Kalagan anglud dhateng Parambanan  
lajeng ngamuk mring Taji  
ramya tinadhahan  
Tumenggung Mangkuyuda  
mapan arasa ngawaki  
sang Natayuda  
karta myang syageng jirit.
21. Ramyaning prang kala duk Prang Trunajaya  
Mandhalika mangungki  
golong pangamuknya  
Ki Arya Mandhalika  
tan wonten purun nadhahi  
gempang su sirna  
wong Kalagan lir belis.
22. Arya Mandhalika asru sumbar-sumbar  
rebuten isun jurit  
iki Mandhalika  
otote song Metaram  
kang amomong sri bupati  
Prabu Ngalaga  
e payo wong pasisir.
23. Baya mengko usus iwak dhorang mijas  
paparaming Metawis  
e sesengkan anyar  
kumluruk arep sira  
wijil wong mbedhog pitik  
wijil wong bantrang  
mengko dadi bopati.
24. Suranata sira iki liwat ala  
sira wus denbeciki  
marang gustiningwang

Susunan Ingalaga  
teka pati mbebentusi  
si Demak edan  
ngenger ratu kumpeni.

25. Pan bramantya Ki Tumenggung Suranata  
ngembat watang kumitir  
mangsa saha bala  
Kiyai Mandhalika  
tan gya gumingsir madhahi  
campu ing yuda  
apanggi padha wani.
26. Wadya Demak lir andaka tawan brana  
sagung wadya pasisir  
samya nganga-anga  
dene mentas jayeng prang  
mateni prajurit luwi  
Gajapramoda  
maleber kangkat wani.
27. Mandhalika matep dennyang ngola bala  
tarunge golong pipis  
cinorok tan kena  
baiane Mandhalika  
yen anabet mbabayani  
ramyaning yuda  
magia awuru geti.
28. Pan kasaput dadalu nggenira yuda  
mundur makuwon sami  
Arya Mandhalika  
langkung ngungun miyarsa  
yen Gajapramoda mati  
katur sang nata  
langkung tikbra nerpati
29. Kawarnaa sira Prabu Amangkurat

Tangkisan denna bads  
mbalabar kang bala  
piran pandeleng sinang  
miwa kang bala kumpeni  
datan ateba  
lan pasanggrahan aji.

30. Pra dipatya sedaya samya ngandika  
sang nata saatawis  
prapta ngarsang nata  
sagung para dipatya  
Anrangkusuma wotsari  
matur sang nata  
yen abdi kya ngemasi.
31. Ingkang yuda unggul nanging katha risak  
kamuk den wong Metawis  
kalangkung sudira  
yudane wong Kalagan  
sang nata ngandika aris  
he adhi emas  
wignya ngadu wong cilik.
32. **Mengkene** ya tatarunge wong Metaram  
duk pamundura dhingin  
pasthi nora bedha  
dening wadya Madura  
bala Mekasar pan dening  
mangsa bangkita  
ambedha ing Metawis.
33. Tan winarna kang guguba ing Tangkisan  
gantya wuwusen mali  
sang Prabu Ngalaga  
kang aneng Parambanan  
ginubel sagunging mantri  
samya ngaturan  
kondura maranag puri.

34. Arya Mandhalika matur awotsekar  
dhu gustiku sang aji  
suwawi konduran  
nadyan ngantepa yuda  
ing alun-alun ta benjing  
sri naranata  
kadhabhar aturing dasi.
35. Dadya budhal sang nata saha wadyanya  
ingkang tinilar baris  
aneng Parambanan  
Rangga Wiradipura  
kakali kantuning mantri  
lan Pulangjiwa  
dadyan kaweling jurit.
36. Sri narendra rawu salebetung kitha  
ing alun-alun baris  
Arya Mandhalika  
panganjuring ngayuda  
Pangran Panular wus dening  
tuwin ki paman  
Pangran Pamenang singgi.
37. Nenggi ingkang puputra Pangran Pamenang  
Pangran Silarong nenggi  
dadya prena paman  
mring Susunan Ngalaga  
sinigeg kang tata baris  
kang kawarnaa  
Prabu Mangkurat nenggi.
38. Enjing budhal saking pasanggrahan sigra  
gumera punangjalmi  
panganjuring lampa  
pan sampun giniliran  
Jengrana ing Surawesthi

Suranggakara  
lan sagung wong pasisir.

39. Kang abaris Prambanan katerajang  
mawur ming Kalibening  
tan wonten kang lawan  
lajeng lampahing baia  
wus prapta ing Kaliajir  
sri naradipa  
lawan baia kumpeni.
40. Pajarkan sadalu nggennya guguba  
enjing budhal sang aji  
atata lampanya  
dene wus prek lan mengsa  
panganjurira wus prapti  
tepining kitha  
lajeng ajeng ngajurit.
41. Wong Kalagan bans jro kitha malatar  
nanging ora metoni  
ngalun-alun aglar  
sedyu angantep yuda  
ucapen wadya pasisir  
akampang-kampang  
karaton den barisi.
42. Pan angatos timbalane sri narendra  
sagunging pra dipati  
ya ta sri narendra  
sampun ngaturi wikan  
yen kang rayi aneng puri  
mempen sabala  
ngalun-alun abaris.
43. Sang Aprabu Mangkurat anata baia  
pangawat kanan keri  
ingkang munggeng dhadha

kang sura mateng nglaga  
sagunging para dipati  
nembang tengara  
tambur kendhang gong beri.

44. Awurahan pra dipati nata bala  
wuwusen sri bupati  
sang Prabu Ngalaga  
lagya anata bala  
sagung tengeran narpati  
tunggul bendera  
lalayu myang kikitir.
45. Kang anyekel sadaya wus sinalinan  
milihi para mantri  
kang sura barawa  
kinen nyekel bendera  
tuwin kagungan narpati  
gula kelapa  
bopati kang nyekeli.
46. Sampun tata kang wadya nembang tengara  
myang Kyai Gunturgeni  
sampun ingisenan  
miwa Kyai Subrastha  
Kyai Pamecut wus dening  
samya ngisenan  
bopati kang njagani.
47. Ki pangulu wus kumpul ketib modinnya  
kang ngadhep sri bupati  
sedya ngantep yuda  
matia sabilulla  
sigra atengara beri  
munggeng tinembang  
kendhang bendhe tinitir.
48. Kodhokngorek lan Galaganjur sauran

munya aneng sitinggil  
ganti kawarnaa  
bala geng Kartasura  
umangsa kang munggeng keri  
kang munggeng kanan  
sareng dhadha ngebyuki.

49. Wong Kalagan ingkang baris aneng pasar  
punika kang nadhahi  
Arya Mandhalika  
tinempu mungsu sura  
apangku denny nadhahi  
rebahing watang  
lir galaga kang basmi.
50. Wadya Kartasura sangsaya gung kang prapta  
miwa bala pasisir  
gumera syaranya  
Ki Arya Mandhalika  
lan Arya Surajayeki  
sareng umangsa  
lan sagung para mantri.
51. Syaranira senjata lir ardi bentar  
sigra wadya Metawis  
miyat keri kanan  
pan sampun winangsitan  
sigra Kyai Guriturgeni  
lan Ki Subrastha  
Pamecut den suledi.
52. Kadya gelap sewu muni ngawang-awang  
tumpes kang kapalipis  
pan kagum sedaya  
wadya ing Kartasura  
ake longe kenang mimis  
Prabu Mangkurat  
asru denira angling.

53. Ngatag sagung kumpeni sareng umangsa  
Ambrai sigra ngabani  
kumrutug syaranya  
tambur barung senapan  
kadya mbedhahena kuping  
tanpa rurungyan  
liwat gugup nggugupi.
54. Dyan sinipat ing mriyem wong Kartasura  
gusis tan ana kari  
kang katrajang gempang  
datan manggapuliha  
miwa kang wadya kumpeni  
akatha peja  
miwa wadya pasisir.
55. Sang Aprabu Mangkurat nindhihi bala  
bendhe tinitir-titir  
apan Kyai Bicak  
wau ingkang ingasta  
angungkung munya ing langit  
kang pra dipatya  
pasisir wani maning.
56. Sigra mangsa wong pasisir mawurahan  
pra dipati ngawaki  
sumahab kang bala  
tana ngucap pajrihan  
dene wau sri bupati  
Prabu Mangkurat  
anindhhihi ngajurit.
57. Wong Kalagan lir danawa rebut mangsa  
sedaya ambek pati  
akathahen lawan  
lir udan tibeng rawa  
singa tinarajang gusis

wingking tinilar  
wuri atangkep mali.

58. Rumening prang kunarpa susun atumpang  
pra samya wuru geti  
prajurit Kalagan  
liwung pangamukira  
saparane den tadhahi  
saya ke peja  
wantune wonge kedhik.
59. Arya Mandhalika ngamuk saya nenga  
pangulu lawan modin  
ketib rewangira  
binondrong ing senapan  
binalangan gutuk api  
uleng-ulengan  
wong Kalagan ke mati.
60. Arya Mandhalika kalangkung sudira  
pra dipati ngebyuki  
sinosog ing watang  
cokel biring godebag  
tinawuran bausur lembing  
nanging tan tumrap  
Mandhalika sinakti.
61. Pira-pira braja kang tiba tan paksa  
maksi dipun bedhili  
Arya Mandhalika  
pira kuwating jalma  
sampun karsaning Yang Widhi  
Ki Mandhalika  
pan sampun angemasi.
62. Nora paksa kulite Ki Mandhalika  
rempu babalungneki  
ngalumpruk wangkenya

kinembulan pra wira  
ya ta wau sii bupati  
katuran wikan  
yen Mandhalika mati.

63. Langkung krodha wau sang Prabu Ngalaga  
pasuryanira abrit  
jaja bang winga-winga  
kumejot kang lathinya  
tedhak pan arsa ngawaki  
wadya Kalagan  
sakarine kang mati.
64. Anggarebeg sedaya mring sri narendra  
sigra sri narapati  
nyandhak pangawinan  
Kyai Palered ika  
ingembat-embat kumitir  
lir Madyatmaja  
duk mangsa aprang tandhing.
65. Dyan umangsa manenga saha balanya  
Arya Surajayeki  
Arya Tambakbaya  
Alengbocor tan karya  
wus dene sagunging mantri  
sareng umangsa  
kotbuta tandangneki.
66. Ngiwang-ngiwung pangamuke wong Kalagan  
gustine anindhahi  
sagung pra dipatya  
Kartasura umangsa  
wong Kalagan anadhahi  
gumra syaranya  
angamuk golong pipis.
67. Singa ingkang katarajang tutumpesan

sagung para dipati  
awas dennyu mulat  
yen Prabi Ingalaga  
ingkang ngawaki pribadi  
samyu lumajar  
ngunsi wurining gusti.

68. Arya Sindureja umatur anemba  
gusti arinta aji  
angawaki yuda  
langkung dening sudira  
abdidalem pra diapati  
samyu lumajar  
kagyat sri narapati.
69. Angandika sira Prabu Amangkurat  
padya piyaka aglis  
he Ambrai den enggal  
ana ing wuriningwang  
manawi prapta si adhi  
sigra Urawan  
nemba umatur aris.
70. Adhu gusti paduka ucul rasukan  
menawi rinta aji.  
pandung ing paduka  
gusti dados punapa  
wau kawula udani  
rayi paduka  
Ki Palered pinandhi.
71. Sri narendra mesem Urawan dhinahar  
sigra ucul kulambi  
sang nata angliga  
karepus wus binucal  
ya ta wau ingkang rayi  
Prabu Ngalaga  
angamuk marepeki.

72. Kagyat mulat dhateng ingkang songsong jener  
kang rayi marepeki  
sarya ngulap-ulap  
yen estu ingkang raka  
sigra dennya awotsari  
sing luhur kuda  
sarwi ngingger turanggi.
73. Cinamethi kudanipun nander nyongklang  
saha bala tan kari  
dhadhal barisira  
jengkar Prabu Ngalaga  
saking ing kitha Metawis  
bala Kalagan  
sinamber dhandhang puti.

## V. DHANDHANGGULA

1. Mring Bagelen lorode sang aji  
rangu-rangu denira lumampa  
kang kacipta ing driyane  
kang raka sang aprabu  
langkung ngungunira narpati  
osiking tyas mengkana  
sira sang aprabu  
kaya paran kolahingwang  
lamon isun sebaa mring kakang aji  
ta isin tan pahingan.
2. Yen tulusa mumusuhan marni  
pasthi lamon sun iki kasoran  
kang emas ake baiane  
ewuhe atinisun  
kaya paan ingong puniki  
dadya putek ing driya  
ángamyang sang prabu  
neng Bagelen pirempagan  
lan kang paman apa dening ingkang rayi  
paran Arya Panular.
3. Lan baiane siksane kang mati  
pra prawira pan tumut sedaya  
andher seba ing gustine  
angandika sang prabu  
kaya paran tingka puniki  
Pangeran ing Memenang  
alon aturipun  
anak prabu yen sembada  
ing Selinga wonten wong umadeg aji  
dibya guna prawira.
4. Yen sembada paduka panggihi  
amundhuta karyane sapisan

lan ingambe sapatute  
yen angentasi kewu  
sanggup milya karya narpati  
ya ta sagung prawira  
angriyegi atur  
ans Pangeran Pameng  
yen suwawi ingayonan raka aji  
inggi sapisan engkas.

5. Budhal saking Bagelen sang aji  
wadyabala umiring sedaya  
dhateng Salinga jujuge  
ginelek kang lumaku  
genti ingkang winuwus mali  
gempalaning carita  
sira Raja Namrud  
kang umaged neng Salinga  
wong Tengahan Leledhok samya angabdi  
ingangken raja-raja.
6. Raja Namrud amiyarsa warti  
lamon nata kasoran ing yuda  
badhe ngungsi mring dheweke  
amepek balanipun  
kang tengeran pun Umbulwaring  
kathahe winatara  
kang suyud mring Namrud  
gegaman rong ewu ana  
arsa methuk ing Prabu Ngalaga nenggi  
warnanen kang lumampa.
7. Sampun prpta Salinga sang aji  
Raja Namrud amethuk sang nata  
apanggi ngabyantarane  
auluk salamipun  
Raja Namrud angrangkul gupu  
duh sutane pun bapa

anyawa wong bagus  
wong agung banter njalarat  
mung cacade sawiji kala ajurit  
wong bagus kaya Parta.

8. Angungsiya pun bapa rumihin  
dhingin mula wus menang ayuda  
mung kari mangkruk mangkruke  
bari andulang cenguk  
yen ta isun dhingin nulungi  
musu prang lan Welanda  
gurem padhanipun  
sun epoka bae minggat  
ya ta sampun atata samya alinggi  
aneng kadhatonira.
9. Tan winarna kang ana ing Mesir  
kawarnaa sang Prabu Mangkurat  
kang bans kitha Pelered  
kang agung amirangu  
tikbra marang ari narpati  
sampun anata bala  
kinen ngungsir wau  
mring kang rayi Ingalaga  
ngawasena lorode sri narapati  
kang tinudu wus bubar.
10. Nenggi ingkang kinon anindhijihi  
Kyai Tumenggung Wirawidigda  
Mangkuyuda myang arine  
wetara tigang atus  
mapan sami angre wong cilik  
samya ngrapken arahan  
kang samya anungkul  
abaris aneng Parapag  
apan bumi Bagelen den atuguri  
wuwusen sri narendra.

11. Sampun budhal asking ing Metawis lampahira tan kawerneng marga wus prapta Kartasurane sang nata angedhatun nanging tansa rancakeng gali dening tikbraning nata adhu arinisun Ki Dipati Puger sira lali temen adhimas mariang ing kami yen awet mengkenea.
12. Pasthi awet rusake kang bumi yen adhimas aweta suwala tan eca jumeneng rajeng ya ta carakanipun kang atugur Parapag prapti tur uninga narendra yen ari sang prabu Nateng Ngalaga kantenan ing Selinga nggenny umadegken baris Namrud bobotohira.
13. Tan winarna wau sri bupati Kartasura gantya kawuwusan ingkang wonten Selingane Nateng Ngalaganipun Raja Namrud ingkang nanggupi ambedha Kartasura ing samangsanipun marmanya ingela-ela Raja Namrud pinaringan istri luwi sentana saking sanak.
14. Pan ingajap magut ing ngajurit Raja Namrud tansa nanggakrama ora nana wekasane dadya kaku tyasipun

Nateng Nglaga den semayani  
nanging Pangran Pamenang  
sanget aturipun  
yen anak prabu tan sabar  
sabudine tinurut Namrud puniki  
malar dadia rewang.

15. Nateng Nglaga wus puwas ing gali  
sigra budhal saha balanira  
marang Bagelen jujuge  
sang nata akukudhung  
mapan sampun'atata bans  
Ki Arya Tambakbaya  
kang kinarya wau  
senapati pabaratan  
lan sang ari Ki Arya Surajayeki  
karo Suranggakara.
16. Wong Bagelen akatha kang prapti  
samyu mbakta sagegamanira  
pan sampun dadi barise  
sigra budhal sang prabu  
kang abaris Prapag ginitik  
marang Ki Tambakbaya  
lan Surajayeku  
wong Kartasura wus wikan  
yen den langgar wus campu lingkang ajurit  
wong Kartasura wikan.
17. Yen Sinuhun Ngalaga nindhihi  
pan maledug baia Kartasura  
lumayu rebut dhingine  
wadya Bagelen ngelud  
saparane maksi den ungsi  
mala dhateng Metaram  
maksi den bubujung  
dadamel ing Kartasura

aneng Pokak kandheg sami tata bans  
ya ta sang Nateng Nglaga.

18. Neng Metaram saha madyang sasi  
wong Metaram akatha kang prapta  
kinerig sadadamele  
Pangran Panular iku  
pan kinarya titindhi mali  
tan kantun lan kang raka  
sapolanya tumut  
nanging Pangeran Pamenang  
maksi kantun aneng Seiingga abaris  
mila Namrud aranya.
19. Mapan arsa jinungjung narpati  
marang Namrud Pangeran Pamenang  
milanya nut barang rehe  
warnanan ta sang Prabu  
Ingalaga budhal tumuli  
saking nagri Metaram  
pan arsa amagut  
angrura ing Kartasura  
baris ageng nenggi panganjuring jurit  
Ki Arya Surajaya.
20. Lan sang kaki Ki Tambak ing westhi  
wus ginitik kang baris neng Pokak  
wadya sumyar tan sarere  
wadya Kalagan anglud  
den bubujung Dreksanan prapti  
ingusir saparannya  
prapta ing Delanggung  
ingusir mali lumajar  
prapteng Sagung sampun malebet negari  
dadamel Kartasura.
21. Nateng Nglaga Sagunge abaris

pan angepung nagri Kartasura  
wong desa wus biluk kabe  
samyा prapta susugu  
apan lajeng tumut abaris  
angepung Karatasura  
gantya kang kawuwus  
sang Aprabu Amangkurat  
ing nalika semana miyos tinangkil  
andher kang balakosya.

22. Pra prawira nung-nung neng ngarsi  
para upsir kang munggeng ngiringan  
tuwin Ambrai Helduwelde  
Raden Nrangkusumeku  
tumameng byantara narpati  
anemba ing suku sang  
mangusapi lebu  
gusti kaula tur palesa  
rinta nata Prabu Ngalaga dimurti  
ngrabaseng ngepung kitha.
23. Pan ing Sagung pakuwon ri aji  
panganjure wus anglantak sigra  
kabe wijil wong Bagelen  
samyा sura nung-anung  
rinta paran paduka nenggi  
titindhihing ngayuda  
ngandika sang prabu  
payu kabe undhangana  
mapan isun arsa amapag pribadi  
yudane yayi emas.
24. Sigra nembang tengara sang aji  
bendhe tinembang munya angangkang  
gong beri umyang syarane  
abarung lawang tambur  
pra upesir wus ngati-ati

miwa mayor kapitan  
asiyaga.sampun  
sang nata ngrasuk busana  
wus samakta sagung kang para dipati  
mundur anata bala.

## VI. DURMA

1. Sigra budhal syaraning bala gumera  
lir ombaking jaladri  
abrang busananya  
kadya giri pawakan  
lir penda segara geni  
bala Welanda  
lir mendhung barisneki.
2. Pra dipatya pasisir pangawat kiwa  
tengen mancanegari  
wadya Kartasura  
rumaksang wuri nata  
lampahira sri bupati  
ing njaba wus prapta  
wus yun-ayunan jurit.
3. Sigra mangsa wadyabala ing kalagan  
angamuk golong pipis  
lir singa ambabal  
lir bantheng tawan brana  
ngamuk marumpak mangukti  
pan katadhahan  
marang wong Kartawani.
4. Ramening prang apanggi padha sudira  
tan ana ngucap ajri  
nulya sinawuran  
ing gurnat lan gurnada  
binalangan gutuk api  
lir penda gelap  
syaraning gurnat muni.
5. Pan binendrong ing senjata wong Kalagan  
pangefreling kumpeni  
syaraning senapan

lir penda ardi gempal  
peteng dening kukus bedhil  
wadya Kalagan  
maksi sudireng westhi.

6. Wong pasisir angebyuki keri kanan  
wong Bagelen nadhahi  
bubar ingamukan  
dening wadya Kalagan  
angungsi baris kumpeni  
sri naranata  
arsa ngawaki jurit.
7. Wus tinembang Ki Ricak muni angangkang  
sigra mangsa narpati  
saha baia kosya  
gelare Pritaneba  
ing dhadha baris kumpeni  
ing keri kanan  
sagung wadya pasisir.
8. Ramening prang wong cilik atutumpesan  
Nateng Ngalaga nenggi  
kengser perangira  
dening karoban lawan  
sasat karubuhan wukir  
wadya Kalagan  
rempek undure riri.
9. Pan kasaput ing dalu kala semana  
pan samya saya kali  
wus neng pambaratan  
wus mundur sowang-sowang  
Prabu Mangkurat anenggi kondur ngadhatyan  
sawadya agung alit.
10. Prabu Ngalaga makuwon kuwel ta ika  
pan samya tata baris

prajurit Kalagan  
akuwel gantya-gantya  
ya ta wuwusen sang aji  
Prabu Mangkurat  
Urawan dentimbali.

11. Prapta ngarsanira nata angandika  
he Urawan den aglis  
sira isun duta  
angempuk adhi emas  
anggawaa batur siji  
sira namura  
Ki Urawan wotsari.
12. Mundur saking ngarsane sri naradipa  
prapta wesma asalin  
Dipati Urawan  
sampun ngangge momohan  
akulambi cara santri  
laju lampahnya  
ing Karapan wus papati.
13. Pan gumera syaraning wadya barisan  
ing wayah sirep jalmi  
Dipati Urawan  
pitekur pinggir jurang  
sedyane ngantosi enjing  
arsa tumama  
ing dalu pan kawatir.
14. Yen ngantia siyang pisan Ki Urawan  
iya langkung kawatir  
mbok wonten uninga  
marang ki adipatya  
menawi winastan telik  
kandheg ing jaga  
pasthi yen denpateni.

15. mBokmenawa ora kanti asesambat  
nora katur ing gusti  
Susunan Ngalaga  
dadya Kyai Urawan  
sawengi amelik-melik  
neng pinggir jurang  
ing waya bangun enjing.
16. Ki Urawan marepeki maring jamban  
momor lan wong pangarit  
katyiju semana  
gamel daleme toya  
Ki Urawan dentakeni  
rika wong apa  
Ki Urawan nauri.
17. Isun iki gamele Ki Tambakbaya  
mentas dipun gitiki  
isun arsa lunga, purikmilu ing sira  
yen isun ana ing jawi  
pasthi kacandhak  
satema rara mali.
18. Gamel dalem angres manahe miyarsa  
pan sampun ngajak muli  
kinen nyangking dhedhak  
wus prapta pasanggrahan  
warnanen sii narapati  
neng pasanggrahan  
tedhak mriska turanggi.
19. Ki Urawan kumepyur ndulu sang nata  
sigra amarepeki  
prapta ngarsa narpa  
anyemba ing suku sang  
apan sarwi lara nangis  
dhu gustiningwang  
kang abdi lir angimpi.

20. Ya ta kagyat sang nata wau Ngalaga  
andulu yen Ki Sendhi  
sang nata ngandika  
arum wijiling sabda  
e bagea sira Sendhi  
apa karannya  
sira prapta ing kami.
21. Ki Urawan umatur sarwi karunan  
adhu gusti sang pekik  
ulun pejahana  
yen ta tuwan maksisha  
asuwaleng karsa gusti  
lan raka nata  
paran dadining bumi.
22. Ing rat Jawi sinten gusti kang ngemana  
liyan sampeyan gusti  
alawan rakanta  
yen ta boten emuta  
kang ngemana wadya alit  
agung asuda ewon kethen kang mati.
23. La punapa pekantukipun punika  
leresak wadya alit  
sinten kang kecalan  
resake Tanah Jawa  
pan inggi sampeyan gusti  
lawan rakanta  
arjane Bumi Jawi.
24. Kang amanggi gusti tan liyan sampeyan  
lawan rakanta aji  
yen tuwan akrsa  
gusti jumeneng raja  
suhunen sangkaning ans  
tuwan panggiyan  
lawan rakanta aji.

25. Gero-gero Urawan panangisira  
dhu gusti adhu gusti  
angger den dhahara  
ature kang kawula  
kapiro liyan negari  
kalangkung nistha  
lan kadang rebut singgi.
26. Sri narendra kumenyut mirsa wecanya  
pangandikanya aris  
la Sendhi menenga  
sun turut aturira  
la aturna bakti marni  
marang kakangmas  
lan silap gampil marni.
27. Ki Urawan matur sarwi awotsekar  
dhu gustiku sang pekik  
paduka utusan  
dhateng rakanta nata  
amba maksu wonten ngriki  
ndherek ing tuwan  
tan purun amba muli.
28. Inggi gusti sanadyan amba mantuka  
sarenga lawan gusti  
sang nata ngandika  
he Kalenga dangdana  
sun utus marang negari  
amawa surat  
aturna kakang aji.
29. Demang Kaleng sampun amundhi nuwala  
lengser saking ngarsa ji  
sigra lampahira  
mbakta kuda sedasa  
tan winuwus lampahneki

- ing marga prapta  
ing Kartasura enjing
30. Sri narendra pan lagya miyos sineba  
pepek kang pra dipati  
Demang Kaleng prapta  
anujujug Nrangkusuma  
pan sampun katur narpati  
dutanya rinta  
prapta amawi tulis.
31. Wus pinundhut dhateng wau sri narendra  
serate rinta aji  
anulya binuka  
ngandika sri narendra  
wong apa dutane adhi  
caraka nemba  
amba mantri pamijil.

**VII. MIJIL**

1. Dyan winaca bubukaning tulis  
atur sembahingong  
rinta nata Prabu Ngalagane  
la katura kakang sri bupati  
ingkang ngalegani  
Wanarja winangun.
2. Ulun ngaturaken pati urip  
mring panduka katong  
nenggi sanget supene samangke  
yen adarbe panembahan kali  
gegenti ramaji  
ingga kadang sepu.
3. Mangke punapa reh kakang aji  
sumangga wakingong  
nadyan kurebena ngabahane  
tan suwaleng ing karsa narpati  
gya ing pati urip  
ingga kakang prabu.
4. Kadya jinait driyanira ji  
myarsa turing anom  
sri narendra alon ngandikane  
undhangana sagung wadya marni  
sun mapag si adhi  
Soma budhalisun.
5. Duta sampun winangsulan tulis  
caraka wotsinom  
lengser saking ngarsane sang rajeng  
lampahira tan kawarneng margi  
ing Kuwel wus prapti  
dyan tumameng ngayun.
6. Duta demang angaturken tulis

marang sang raja nom  
dyan tinampan binuka lamate  
penget bubukane ingkang tulis  
katur marang adhi  
salam donganisun.

7. Sira adhi angaturi tulis  
wus katur maring ngong  
sunpariksa sapatembungane  
isun tarima marang si adhi  
besuk Soma yayi  
sira isun pethuk.
8. Nateng Nglaga tusthane tyasneki  
mirsa surat katong  
sakalangkung suka ing driyane  
Ki Urawan sampun dentimbali  
sinungan upeksi  
surate sang prabu.
9. Wadya Kalagan wus den undhangi  
waos kinen mbongkok  
datan wonten malangi karsane  
pan sinigeg wau sang prabarisi  
wuwusen sang aji  
kang karsa amethuk.
10. Wus siyaga sagung pra dipati  
gumeran punang wong  
pra ponggawa samya nangkil andher  
para mantri anindhiji baris  
barising kumpeni  
agenggeng lir mendhung.
11. Sigra budhal saking pancaniti  
wau ta sang katong  
ambalabar kang wadya balane  
warna-warna gagaman ngajrihi

wus prapta ing Piji  
kang wadya geng laju.

12. Prapta sagung wau pra dipati  
gumeran punang wong  
dennya baris munggeng loring lepen  
sri narendra angantos kang rayi  
wuwusen narpati  
Nateng Ngalageku.
13. Budhal saking Kuwel sri bupati  
kang wadya agolong  
waos binongkok aneng ngarsane  
pratandhane yen sampun bedhami  
Urawan tan kari  
mbok padha angimur.
14. Tansa wurinira sang apekik  
Urawan tan ado  
kawarnaa wau ing lampahe  
pangarsanira sagung wus prapti  
Kodhokngorek muni  
wetan kulon umyung.
15. Sampun prapta sagung pra byatari  
warnanen sang katong  
Prabu Amangkurat tedhak age  
saking kuda amethuk kang rayi  
ya ta sang nata ris  
anon rangu-rangu.
16. Dene kang raka cara Welandi  
Nateng Nglaga mirong  
pan sekala ala ing tampane  
wadyanira kinedhepan sami  
wus kinen natasi  
bobongkokanipun.

17. Samya ngrangkep sagagamaneki  
geger ing sabrang lor  
ake wadya kumepyur irtanahe  
Ki Urawan asru dennyang nangis  
dhu gusti sang pejdk  
sampun ta kadyeku.
18. Pan punika rakanta sayakti  
abusana tinon  
sampun gusti asala tampine  
dening sagung kang bala kumpeni  
samya ngiring-iring  
ing rakanta prabu.
19. Nateng Ngalaga neng kidul kali  
kang raka neng elor  
pan waskitha sapola baiane  
datan samar yen kang raka yakti  
dyan nambrang tumuli  
Urawan tan kantun.
20. Mentas saking uwe sang prabu ris  
kang raka sang katong  
ingkang rayi pinengku anggane  
saha waspanira adres mijil  
anemba sang ari  
angusapi lebu.
21. Pra dipatya sami suka tyasning  
andulu kaloron  
sri narendra alon andikane  
mring sagunging kang para dipati  
ngebaktiya sami  
marang arinisun.
22. Ya ta sagung kang para dipati  
angunjung kumroyok  
sasampunira wangsl ngenggene

nulya sedaya para upesir  
nung-anung kumpeni  
tabeyan sedarum.

23. Sinengkalan sebane narpati  
mring kang raka katong  
wau ilang karo satunggale  
pan sampun abudhalan sang aji  
gumeran ing margi  
tan ka'warneng ngenu.
24. Sampun rawu sajroning negari  
sang nata ngedhaton  
ingkang rayi wus sinung prenahe  
padaleman wus kapanggih dadi  
sinungan lilinggih  
cacab kali ewu.
25. Saben enjing ngandikan mring muri  
maksih oneng katong  
ya ta wau sang narpa karsane  
lagya teman aneng pati-pati  
wau sang narpati  
alon aturipun.
26. Amba punika kangmas rumiyin  
sampun ngadeg katong  
apeparab Sunan Ngalagane  
mangko lamun maksihan ing nami  
saru praja aji  
langkung nari wuwus.
27. Sang nerpa raka suka lingnya ris  
adhu ariningong  
iya bener sira ing wuwuse  
sira muliha aran kang lami  
Pangran Adipati  
Kapugeren iku.

28. Ingkang rayi nuhun awotsari  
tan lenggana katong  
ya ta gantya kang ingucap mangko  
sagung para bopati pasisir  
sakilen cumawis  
wus kinen anglurug.
29. Mring Salinga sagung pra dipati  
sing kutha wus bodhol  
adipati Tegal tetindhie  
Ki Tumenggung Mangkuyuda nenggih  
lan Natayuda ri  
Suranggakara nung.
30. Timbalan dalem yen menang jurit  
yen si Namrud asor  
anak putune dentumpes kabe  
ingkang metu lanang ja na kari  
kang padha pawestri  
denboyonga iku.
31. Winatawis wadya kang lumaris  
nem ewu gungnya wong  
kang asikep tumbak bedhil bae  
pan kajawi pipikul pakathik  
tan kawarneng margi  
lampahira rawu.
32. Aguneman samya tata baris  
genti winiraos  
raja Namrud miyarsa wartine  
lamon baia Kartasura prapti  
angrabaseng jurit  
angrurahi Namrud.
33. Wus prayatna Namrud sawadyeki  
anedya rerempon  
wong pasisir wis mrpit kuthane

pra dipati ngawaki ing jurit  
panggih padha wani  
lir dhangdhang ngangalup.

276

## VIII. DHANDHANGGULA

1. Pra dipatya aneteg tengari  
pan sumahab sagung wadyabala  
wong Selinga akekenjer  
Raja Namrud akumpul  
lan Pangeran Pamenang singgih  
prasamya mapag yuda  
ramya denya campuh  
metokaken pangabarar  
Raja Namrud pangabarane wus dadi  
pan wus karsang Pangeran.
2. Wadyanira akathah kang mati  
tutumpesan Namrud balanira  
tan ana tawa mimise  
wus dhadhal barisipun  
pra dipatya prasamya ngucir  
Raja Namrud kacandhak  
rinampog wus lampus  
sira Pangeran Pamenang  
wus kacekel samana denbarondongi  
ing sagung pra dipatya.
3. Mapan sira tinumpesan sami  
nadyan bocah yen lanang pinatyau  
wadon binoyongan bae  
sagung prawira rempug  
budhal saking Salinga aglis  
angiring beboyongan  
tan kawarneng ngenun  
prapta nagri Kartasura  
pan Pangeran Pamenang wus densedani  
linawe Kamendhungan.
4. Datan tila Ungirá ing nguni  
Kartasura semana wus aija  
tan wonten kara-karane

kumpeni arsa mantuk  
sampun wau sinung negari  
Carebon lan Pasundhan  
tinampunan sampun  
lawan Susunan Mangkurat  
ananggemi nempuhi reganing mimis  
obat kinarya perang.

5. Belanjane wau duk ajurit  
pan sinuhun sanggup ngilenana  
sarta Welanda regañe  
sakehe mati cucuk  
kang sinuhun sanggup maringi  
Amral sampun pamitan  
marang sang aprabu  
ingkang njagani susunan  
pan Welanda rongatus badhe jaganing  
tugur neng Kartasura.
6. Kang tinilar kapitan sanunggil  
lutnanipun pan inggih satunggal  
pan satunggil loperese  
sigra budhalan sampun  
sakathahe bala kumpeni  
saking ing Kartasura  
Semarang jinujug  
pan sarwi ngulari papan  
ing Semarang pan arsa dipun lojeni  
sarta idin sang nata.
7. Tan winarna kang numpak jaladri  
ingkang muli anang Batawiyah  
sira Amral Helduwelde  
gantiya kang winuwus  
ingkang lagya angreka puri  
apan andina-dina  
syaraning wong gumruh

wadyabala Kartasura  
pan sadina-dina denny nambut kardi  
wisma nyang pura nata.

8. Ya ta sagung wau pra dipati  
samya gunem kawatiring praja  
dening wadya ing Bagelen  
pra mantri maksi kumpul  
mapan wonten Pangran Dipati  
ing Puger panggonannya  
andadekken rempug  
satenga rebut mangkana  
yen aweta angger tinunggu pra mantri  
mangkana tan manawa.
9. Kena binuka ing para mantri  
kadya atur rempaging Welanda  
sang nata pangandikane  
ya bener pikir iku  
marmanipun adhimas nenggi  
ngin lawas tan arsa seba  
marang jenengisun  
iya pambahusing wadya  
sri narendra kang rayi wus dentimbali  
Dipati Puger prapta.
10. Sri narendra angandika aris  
e adhimas den kapareng ngarsa  
marma sun undang dheweke  
manira ayun weru  
ing wong para kang lami lami  
miyah wong Araadyar  
isun arsa weru  
Pangeran Puger tur sembah  
pan sedaya kang wadya wus dentimbali  
tumameng ngarsa nerpa.

11. Kawandasa cacahe kang mantri  
 samya taruna tur asura-sura  
 sang nata pangandikane  
 marang kang rayi wau  
 apa iku wong para lami  
 sun dulu pelag-pelag  
 isun warnanipun  
 pantese padha digjaya  
 Jeng Pangeran umatur saha wotsari  
 titiyang amba lama.
12. Yen ajaa wongira kang lami  
 pasthi isun sanpundhut sedaya  
 marma sunkonjara bae  
 iku kang ngadu-adu  
 lamon iku wongira lami  
 pasthine sun sampura  
 yen adhimas nanggung  
 Dipati Puger tur sembah  
 pan sumangga ing karsa paduka aji  
 kawula tan suwala.
13. Sri narendra angandika aris  
 ing Bagelen adhi isun rena  
 suneket sun lawe-lawe  
 sakeh ponggawinisun  
 kabe padha duweyang adhi  
 iya sathithik sewang  
 kang rayi umatur  
 sumangga karsa narendra  
 pan sinigeg wonten babakan nglayoni  
 gempalaning carita.
14. Wau ingkang pinurciteng kawi  
 Kapitan Emur anang Batawiyah  
 adarbe tutukon lare  
 lagya umur pitung taun

duk tinumbas saking ing Bali  
pekip ing warnanira  
Kapitan Mur iku  
pan laminira tinumbas  
rare iku kapitan untunge prapti  
dagang myang lungguhira.

15. Minggah mayor nulya komasaris  
tan lami minggah idler Mur olas  
adagang akeh bathine  
dadya sugi linuhung  
angluwih ing samineki  
Idler Mur duk semana  
rumaosing kalbu  
yen rare kang asung bagja  
wus ingambil anak sinungan kekasih  
pun Untung namanira.
16. Pan ingugung sapolahireki  
ya ta wusnya ing alama-lama  
diwasa ake umure  
mepeg birainipun  
ya ta Idler Emur winarni  
darbe atmaja nyonya  
luwi saking ayu  
sedheng birai ing priya  
sinaduluraken lan si Untung nenggi  
tan pisah sanalika.
17. Nanging nyonya remene tan sipi  
mring Ki Untung dyan alama-lama  
saya mepeg biraine  
kirda lawan Ki Untung  
pawewehe dunya anggili  
barang panjalukira  
Ki Untung pan sinung  
nanging Ki Untung semana

datan arsa asimpen dunyanireki  
akarya pan sanakan.

18. Mapan samya budhaking kumpeni  
den prasanak agung winewehan  
sabbarang ing sasukane  
dunyanira Idler Mur  
ingularan raina wengi  
nanging datan kinarya  
kasugihanipun  
pan kinarya weweh ika  
prasanakan aris wau den tutuki  
lumintu salaminya.
19. Budhak kumpeni wene wong Bali  
kang sawene Bugis pinet sanak  
akatha prasanakañe  
wetara wolung puluh  
pan sedaya budhák kumpeni  
prasamya kapotangan  
kang sawene muwus  
apa kang isun walesna  
mring Ki Untung menawa manggiha kardi  
sunwales lara peja.
20. La Idler Mur mangkana winarni  
lamon dunyane ake kang ilang  
amiyarsa yen anake  
kirda lawan Ki Untung  
ingularan dunyanireki  
pan anakira nyonya  
ical polahipun  
awedhar tan mawi sandhang  
dyan cinekel Ki Untung denjemalani  
dirangket satengah peja.
21. Datan arsa suwaleng ing kapti  
asambat mintak ampun kiwala

Idler Mur angres manahe  
pan ingampra sampun  
sawusira ing lami-lami  
tan man polahira  
nyonya lan Ki Untung  
duk semana kawenangan  
mring Idler Mur nggennya kirda pukul kali  
mring gedhong pajungutan.

22. Dyan cinekel mring Idler Mur aglis  
liwat gusar Ki Untung semana  
tinaro belok ing gedhong  
nyonya sigra sinapu  
ya ta wau ingkang winarni  
Ki Untung neng pambelokan  
tansa kawlas ayun  
pan akatha rewangira  
wong dodosan sawidak yen winatawis  
sawusnya lama-lama.
23. Pan Ki Untung angucap ta aris  
ing rowange kang neng pambelokan  
sanak-sanakisun kabeh  
paran ta dayanisun  
ora nana kang duwe budi  
rehnning padha lalaran  
rowange sumaur  
he Untung teka mengkara  
ujar arep ngayoni belokan wesi  
lan gedhong tinutupan.
24. Tur kinunci kumpeni njagani  
kaya paran baya polahira  
Ki Untung alon wuwuse  
manawi ana pitulung  
ing Hyang Sukma mring kawlas asih  
pan kuwating kawula

saking ing Yang Agung  
rewange mali angucap  
sira iki Untung kaliwat kumaki  
sun iki wong wis tuwa.

25. Neng belokan wis tri madya sasih  
lawan isunora mangan mangan  
lan isun ta saprandene  
tan bisa budi isun  
sira boca paksa ronangdi  
mila akatha krerah  
tiwikrama tuhu  
ing ajur-ajer tan kewran  
kaya sira ngayoni belokan wesi  
tuhu yen rare lanang.
26. Pan Ki Untung amesem nauri  
isun ora rempug lawan sira  
pikir lan wong ake kiye  
sasukane atimu  
sira dhewek tan ngawikani  
Ki Untung alón mojar  
mring wong ake iku  
he sanak-sanak sedaya  
yen anaa iya kang bisa nguculi  
paran karepe samya.
27. Wong akatha sedaya nauri  
yen ucula Untung saking sira  
sanak-sanakira kabe  
apa sakunireku  
nadyan siü kurungan wesi  
alamating pambelokan  
Ki Untung gumuyu.  
sarwi ngurut kang salira  
saking konus saking pambelokan wesi  
gawok sagung kang mulat.

28. Tataruke wong sawidak sami  
inguculan wis ucul sedaya  
amung sawiji kang makseh  
ingkang nyampahiwau  
ya ta saguñg kang ucul sami  
sareng denira ngucap  
mring wau Ki Untung  
bagus paran karsanira  
dene uwis ucul saking ing sireksi  
mengko paran rehira.
29. Ki Untung alón denna nauri  
isun arsa angamuk Welanda  
paran karsanira kabe  
sedaya nya sumaur  
sanadyan sili ngamuka loji  
kabe datan suminggah  
ing karsanireku  
mung upayakna gegaman  
lan maninge goletena sarap dhingin  
dimone padha kuwat.
30. Pan Ki Untung mesem muwus aris  
yen mengkono wis padha menenga  
isun mengko ora suwe  
sigra wau Ki Untung  
lawang gedhong binuwang aglis  
kuncine wus malesat  
Ki Untung nya metu  
cinatur kala semana  
ngandhut patrem tapak gedhene sanyari  
sapraptanireng jaba.
31. Kang ajaga pinatrem ngemasi  
angguledhag tan kongsi sesambat  
kuncinya pinasang mangke  
Ki Untung sigra laju

angulati wong sanakneki  
ya ta wonten kang kapanggya  
kekalah ing ngenu  
saksana rinangkus sigra  
mring Ki Untung pan sarwi lara nangis  
lah paran polahira.

32. Lawasira apa nyandhang sakit  
isun arsa titilik tan bisa  
mengko uwis ucul dhewek  
payu sungawa mantuk  
pan Ki Untung sigra tut wuri  
sapraptanirang wesma  
pan wong sanakipun  
sedaya wus binilangan  
dening wau ingkang kapanggih ing nguni  
akatha samya prapta.
33. Pra sanake sedaya anangis  
pan Ki Untung alón denny ngucap  
sünjaluk gegaman bae  
lawan sun njaluk sekul  
den akathah lan kinang aglis  
lah payu aterena  
isun nuli wangsl  
sigra pawong sanakira  
anggawani keris pedhang lawan cundrik  
myang waos cacabolan.
34. Wus binakta sangung warastra güs  
sigra mangkat sagung prasanakan  
angaterna gegamane  
saweneh mbakta sekul  
papanganan kinang myang sapi  
semana wayahira  
nenggih pukul tolu  
duk Ki Untung wedalira

- pan pukul nem lampahira sigra prapti  
prenahe pambelokan.
35. Sareng ingkang gilir jaga prapti  
kumpeni satu ingkang ngater kopral  
ya ta Ki Untung nulya ge  
anarik patremipun  
wus pinatrem siji ngemasi  
koprale arsa medhang  
gya pinatrem lampus  
praptane jro pambelokan  
pan sedaya winedalaken tumuli  
samya berag manahnya.
  36. Nulya samya kinan nedha aglis  
kumaroyok wong sawidak samya  
sawusira nginang kabe  
nulya warastranipun  
ana ingkang amili cundrik  
saweneh amilip pedhang  
ana kerisipun  
wene tombak cacabolan  
sampun samya siyaga angati-ati  
wonten jawining gudhang.
  37. Wonten wong tuwa sawiji angling  
amakanjar sawi anggarita  
lemah Untung mari mangke  
lamon kumpeni rawu  
yen mingsere teka gegaris  
nggenisun tata yuda  
nyawa anakisun  
dudu anaking manusa  
anak anjing yen isun tinggala garit  
bunuhen saking wuntat.
  38. Ya ta wau litnane winarni  
kang ajaga-jaga pambelokan

wus suwe prapta koprale  
sigra kinen anusul  
sareyane mapan lumaris  
wus praptang pambelokan  
kagyat sareng ndulu  
ana baris njawi gudhang  
gedhong menga sareyan lumalya aglis  
lyat rewangira peja.

39. Bilang maring litnanipun aglis  
katur marang rempani sedaya  
gupuh amukul tambure  
wadya kumpeni kumpul  
sabradaga sigra lumaris  
wus praptang pambelokan  
wong kumpeni ngepung  
ya ta Ki Untung semana  
angabani marang wong sawidak sami  
la payu denprayitna.
40. Binarondong bedhil tan gumingsir  
wong sawidak sareng ngamuk rampak  
kumpeni wus akeh longe  
kuwel denna atarung  
tandangira Ki Untung nenggi  
lir singalodra galak  
kanan keri nyuduk  
anggoco sarwi anyepak  
wong sawidak kadya bajo angajrihi  
gempur kang sabradagan.
41. Kang neng wuri kumpeni bedhili  
saya katha kumpeni kang prapta  
wong sawidak ngamuk bae  
akuwel perangipun  
pedhang tarung kelawan keris  
kumpeni kathah pejah

ing wuri keh rawuh  
Ki Untung rewangnya telas  
pan ronoban ing mimis lir udan api  
tumpes kantun priyangga.

42. Ki Untung tinubruk datan keni  
ingkang parek pinatrem gumledhag  
duk inandhang-kandhang bae  
medal sing loji sampun  
saparane pan denbedhili  
mring benteng nglang-alang  
panyalimpetipun  
kumpeni pan wus kelangan  
pan ingosak-asik Ki Untung tan panggih  
wadya kumpeni bubar.
43. Samya suhur anres Batawyah nagri  
pan Ki Untung ucul sing belokan  
angamuk rame rowange  
wong sapratukon ucul  
tumpes awor lawan kumpeni  
tingtrim wong sanegara  
ya ta kang winuwus  
Ki Untung denny singidan  
aneng benteng Alangalang tigang latri  
Ki Untung duk samana.
44. Amomor dhateng negari malih  
angulari pawong sanakira  
saprapitanira ing rajeng  
pan wong sanakirfeku  
pan akathah ingkang kapanggi  
Ki Untung tinangisan  
kabe arsa tumut  
pangucapira mangkana  
isun milu ing sira sabaya pati  
amales becikira.

45. Tigang dasa kang tumut rumihin  
       dalu mangkat saking ing negara  
       tan kari sagegamane  
       benteng Langalang rawu  
       karsa inggyanira miranti  
       ing saban ari prapta  
       pawong sanakipun  
       kali tri ndungkap busekan  
       lama-lama tutur-tinuturan sami  
       sake prasanakira.
46. Kang saweneh ana ngait-ait  
       duk semana nagri Batawiyah  
       nayaka kumpeni kabe  
       minggah tebusanipun  
       pan Ki Untung ingkang winarni  
       neng benteng Alangalang  
       panyalimpetipun  
       lawan sagegamanira  
       pan cinatur benteng Alangalang nenggi  
       samana maksi wana.
47. Mapan eca dennyamiranti  
       pan Ki Untung lan sarewangira  
       dene kang ngraksa pangane  
       nenggih amung Ki Untung  
       kaweruhan saba negari  
       tan ana kang uninga  
       mangkana cinatur  
       yen kala marang negara  
       sawedale patreme papat tinarik  
       winor suru candhikan.
48. Yen kapethuk kumpeni satunggil  
       myang kekalih gineplok ing sedhah  
       tiba kapisanan bae  
       saban-saban pinethuk

wong kumpeni gineplok mati  
yen waya soring asar  
wingwrin ing marga gung  
tan ana wong wani liwat  
wong kumpeni atine pan sami ajri  
samya ajaga-jaga.

49. Henengena wau wong kumpeni  
sami rembug arsa nggolekana  
Ki Untung ing panggonane  
arsa linuru-luru  
apan nganti bisa pinanggi  
arsa denlawan ing prang  
lamun wus katemu  
samana wus kawenangan  
wong kumpeni sigra dennyata tata baris  
tan wonten tolih wuntat.

## IX. PANGKUR

1. Baris Kumpeni samana  
wus angepung benteng Alangalang sami  
tan dangu mulya anempu  
bedhile barondongan  
ting jelegur swarane atri gumuru  
peteng kukusing sundawa  
Ki Untung sigra ngabani.
2. Sigra pan sareng umangsa  
ngamuk rampak nusup kukusing bedhil  
wadya Mekasar anglambung  
ngebyuki keri kanan  
ramening Ki Untung sarewangipun  
anengah lir singalodra  
wong satus agolong pipis.
3. Sabalanira sudira  
kang katrajang kumpeni akeh mati  
Bugis Sembawa lumayu  
Ambón akatha pejah  
dyan warnanen kumpeni saya gung rawu  
Ki Untung sarewngira  
lir andaka tawan kanin.
4. Ngurugan mimis lir udan  
datan kampo pangedraling kumpeni  
lir gelap sewu ambarung  
gurnat lawan gurnada  
gutuk api lir udan lamun dinulu  
Ki Untung pangamukira  
tan apisah golong pipis.
5. Nguculan gurnat lir udan  
sira Untung lir Partamaja iki  
binut sato Korawa gung  
rempu karoban lawan

ake kanin balanira ake lampus  
wong kumpeni ake pejah  
wangke awor tumpang tindhi.

6. Saari denira yuda  
rewangira Ki Untung ingkang mati  
sawidak kehe kang lampus  
kumpeni babragadan  
Bugis Ambón Sembawa lawan Lumayu  
wadya Mekasar keh peja  
angres prajurit kumpeni.
7. Amung kari kawandasa  
sira Untung maksu sudireng westhi  
wong patang puluh angamuk  
wuru pangamukira  
ya Ki Untung kang yuda kasaput dalu  
wadya kumpeni sedaya  
wus mundur marang negad.
8. Ki Untung ingkang winarna  
pan ing dalu gunem sarencangneki  
ana ingkang rada sepuh  
Ki Ebun namanira  
alón mojar he ta sanak-sanakisun  
kabeh paran budinira  
kang wongsedaya nauri.
9. Manira tan duwe sedya  
saparane Ki Untung sun tut wuri  
ing sarehe isun turut  
Ki Ebun alón mojar  
mring Ki Untung he Ki Bagus pikirisun  
yen emonga bandayuda  
pira kuwat kita iki.
10. Amungsuh wong sanegara  
yen sembada payu padha angungsi

Ki Untung alon amuwus  
iya sakarsanira  
ingendi ika prayoga ingungsi iku  
Ki Ebun alon angucap  
ing Carebon nedha ngungsi.

11. Menawi ing Kangjeng Sultan  
ing Carebon mbenjing wani ngukuhi  
ya ta ki Untung anurut  
ing dalu dennyu bubar  
ngidul ngetan kang denjogi ing Cianjur  
ong patang puluh tan pisah  
gantya wau kang winarni.
12. Saundurira ayuda  
wong kumpeni dalu angati-ati  
pra samya abaris tugur  
atangkeb pintu kutha  
mriyem samya pinasang plataranipun  
angraksa lan gegamannya  
ya ta kawarnaa enjing.
13. Sumreg syaraning kang bala  
pan kinerig sagung wadya Betawi  
wus budhal syara gumuruh  
ing marga tan winarna  
prapteng benteng Alangalang manggi suwung  
ambrai ambakta kapitan  
pipitukenen ngulati.
14. Myang wadya kumpeni Islam  
pra kapitan pipitu ingkang tinuding  
ambakta wadya anyatus  
nenggih panganjuring prang  
sira Mayor Bendempol prajurit luhung  
sigra budhal kang gegaman  
angidul ngetan lumaris.

15. Ya ta ingkang kawuwusan  
lampahira Ki Untung sampun prapti  
wau nagri ing Cianjur  
nggepak ngalor angetan  
ing Carebon sedyane wau junujug  
nengna Ki Untung lampahnya  
Sultán Carebon winarni.
16. Darbe abdi kinasiyan  
tur pinutra peparab Surapati  
sultán kalangkung sihipun  
munggu sapolahira  
ingapura mateni tanpa doseku  
mangkana Ki Surapatya  
abuburu ing wanadri.
17. Ambakta wadya sakupang  
pan sedaya samya wahana aji  
arsa sikep pedhang tulup  
tohok lembing neng ngarsa  
tan winarna ing marga wana wus rawuh  
araryan ana ing marga  
w'ong liwat pra samya ajri.
18. Wadya ngapit kering kanan  
dyan warnanen Ki Untung wau prapti  
Carebon talatahipun  
angamba wanawasa  
prapta ing gyanira Surapati sampun  
Surapati kagyat mulat  
wong liwat pating kulincir.
19. Kang deniring rare pelag  
Surapati ngatag wadyanira glis  
padha andhegen wong iku  
isun arsa tetanya  
kang deniring undangen mring ngarasaningsun  
Ki Untung wau wus prapta

ing ngarsane Suarapati.

20. Ki Surapati atanya  
sira iki adhi wong saking ngendi  
miwa kang sinedya ngayun  
sapa wawanginira  
sira Untung alon denira umatur  
kaula ing Batawiyah  
nenggih budhaking kumpeni.
21. Milane kesa kaula  
nenggi dipun sikareng ing kumpeni  
ing kasedya ing ngayun  
angungsi Kangjeng Sultan  
ing Carebon manawi sudi amupu  
dhateng ing wong kawlas arsa  
nedya sabil lan kumpeni.
22. Surapati osik ing tyas  
rare iki yen sun wetareng ati  
jatmika waged ing tembung  
dudu trahing wong papak  
sun wetara kaya wijile wong luhung  
yen katura Kangjeng Sultan  
pasthi ta denkaremeni.
23. Dhasar gusti Kangjeng Sultan  
karemene wong pekik graiteng lungid  
kalawan wong kaduk purun  
upama kauningana  
marang gusti ya sayaktine sun kantun  
linorod pangwulaningwang  
dadya Surapati angling.
24. Dhi sunwehi peling sira  
pan negara Carebon iki cilik  
nanging singite kalangkung  
yen sira arsa masuka

lah tinggalen gaman kens lan tumbakmu  
kabeh iku rewangira  
ywa na ngangge tumbak kens.

25. Yen ora tilar gegaman  
tan tumameng sira manjing negari  
payu ta kabeh baturmu  
padha barundhulana  
gegamane sedaya manira pundhut  
dene isun kang anggawa  
manjingira mring negari.
26. Ki Untung alon angucap  
mring bature kon asrah tumbak keris  
saksana sinraken sampun  
kabe gegamanira  
Surapati mojar marang wadyanipun  
boca padha tampanana  
kang gegaman tumbak keris.
27. Ya ta sampun tinampanan  
ingkang warna tumbak kalawan keris  
sedaya sampun barundhul  
Ki Untung sarewangira  
ri saksana Ki Surapati amuwus  
adhi amung kari paran  
durung asra pedhang keris.
28. Ki Untung alon aturnya  
mbok inggiha kula ndika alimi  
dening rencang kula sampun  
kapundhutan sedaya  
mung kaula kiyai andika tanggung  
mangsa sedyaa punapa  
wong sedya angungsi urip.
29. Ki Surapati anyentak  
apa temen sira tan asrah keris

i.-angsa becika tinemu  
yen sira mengkonoa  
aweh ora endi kerismu sunjaluk  
sira iki basakena  
mendhek alingan kaeksi.

30. Apa nganti sunrabasa  
isun gawa bebandanira mring nagri  
kaget miyarsa Ki Untung  
ngadeg suraning nala  
asru mojar iya ora aweh isun  
yen durung pecat kang nyawa  
teka ing raga sun iki.
31. La iku sakarsanira  
Surapati bramantya angedhepi  
mring wadya sareng anubruk  
Ki Untung gya lumempat  
asru ngucap maring wonge sedayeku  
la batur padha mirea  
isun dhewek kang ngembari.
32. Sira wus tanpa gegaman  
ri saksana wong Carebon ngebyuki  
saweneh ana anuduk  
ana ingkang anumbak  
Surapati anindhiji wadyanipun  
lawunge ingembat-embat  
Ki Untung datan gumingsir.
33. Narik patrem asta kanan  
asta kiwa sampun anarik keris  
tangane keri ambunu  
tinumbak tan sumingga  
wong Carebon kang kapatrek ake lampus  
Ki Untung taha susumbar  
payu kene Surapati.

34. Aja ngadu wadyanira  
 Surapati ngatag wadya ing wuri  
 payu urugana busur  
 wong siji kader pira  
 udanana tohok lembing lawan tulup  
 Ki Untung ngamuk anengah  
 ingkang panggah angemasi.
35. Wong Carebon giris mulat  
 tandangira Ki Untung angajrihi  
 lir singalodra dinulu  
 winatang tan tumama  
 wong Carebon akeh longe ingkang lampus  
 kang kari mawur sarsaran  
 datan anoli ing gusti.
36. Ki Surapati lumalya  
 sedyanira wawadul dhateng gusti  
 ya ta warnanan Ki Untung  
 rewangnya kang sumingga  
 sareng mara sedya sami angrubung  
 gegetun ing polahira  
 saweneh ana nangisi.
37. Ki Untung arep rempugan  
 lan rowange prasamya angling aris  
 daweg animpang Ki Untung  
 manawa winangsulan  
 dening ingkang bebegal punika wau  
 Ki Untung lingira ngucap  
 kang ora ora sira nging.
38. Apa wong sedya rahaija  
 pasthi isun rahayu kang sunpanggih  
 saksana lajeng Ki Untung  
 lawan sarewangira  
 kawarnaa Surapati kang lumayu  
 sampun prapta ing negara

jumrojog lumebeng puri.

39. Kangjeng Sultán kagyat mulat  
Surapati prpta saha wotsari  
agupuh denira matur  
kaula tur uninga  
abdi dalem gusti kathah ingkang lampus  
binegal wonten ing wana  
dening kang amendhet kardi.
40. Tiyang saking Batawiyah  
akekasih gusti pun Untung nenggih  
dening ing mangke pukulun  
lajeng manjing jro kitha  
kendel wonten margi pramapatan wau  
sultán alon angandika  
mring gandhek kinen nimbali.
41. Ki Untung kering semana  
sigra prpta rewangnya kantun njawi  
Ki Untung wau glis rawu  
ing ngarsa Kangjeng Sultán  
sang pandhita pangandikanira arum  
aja maras atinira  
Untung marma suntimbali.
42. Pan isun arsa tetanya  
apa sedyanira prpta ing kami  
ana ing negaranisun  
lan pira baturira  
dyan Ki Untung umatur saha wotsantun  
gusti amung kawandasa  
Jeng Sultán ngandika aris.
43. Alane si Surapatya  
kang dursila wong langkung praja marni  
durung ana luwangipun  
la iya ngendi ana

wong patang puluh awani mbegal wong satus  
dening ta sunela-ela  
mengko nyukeri negari.

44. Ri saksana pinariksa  
sira Untung sultan kalangkung runtik  
Surapati nya pinikut  
wus kinen mejahana  
sinudukan wau aneng alun-alun  
Ki Surapati wus pejah  
sultan angandika aris.
45. He Untung isun wus wikan  
sedyanira prpta marang ing kami  
sedyangungsi sireku  
pan iya suntarima  
nanging isun Untung tan kawaweng ngrengkuh  
pan iya negaraningwang  
ing Carebon iki cilik.
46. Sira lajua mangetan  
angungsia sang raja ing Metarim  
mapan iku ratu agung  
anyakrawati ing rat  
Nusa Jawa iya iku ingkang mengku  
kelar ngukuhana sira  
dene isun angamini.
47. Lan sira sunwehi aran  
jumenenga Rahaden Surapati  
lawan pinasthi sireku  
dadi satruning kupar  
pan Ki Untung kalangkung denira nuhun  
anembah angaras pada  
amit lengser saking puri.
48. Saprapitanira ing njaba  
wus apanggih lawan kancane sami

Ki Untung alon amuwus  
he saTiak-sanakingwang  
timbalane Kangjeng Sultan marang isun  
isun pan kinen ngungsia  
maring sang rajeng Metawis.

49. Mapan sultan tan kawawa  
angukuhi dene negara cilik  
nanging lamine jumurung  
ing tingkah polah ingwang  
lan maninge isun sinungan jujuluk  
dening sultan ingaranan  
isun Raden Surapati.
50. Rewangnya suka sedya  
dening angsal idine ratu mukmin  
Raden Surapati muwus  
lawan isun cinetha  
dening sultan ing satedhak-tedhakisun  
apa dening badaningwang  
dadi satruning wong kapir.
51. Bapa Bun sira kang tuwa  
angaliha isun wehi wewangi  
Bun Jaladri namanipun  
dadiya pangidhepan  
ing sakehe sanak-sanakisun iku  
sira kang dadiya tuwa  
kang wong sedaya nauri.
52. Kakang Ebun amung sira  
luwi bener karsane raden iki  
sira pamugasing laku  
kang isun tuwa-tuwa  
kabeh ika kakang pan darma lumaku  
apa barang pikirira  
sira wus waskitheng westhi.

53. Raden panaksi taruna  
sadungkape sira ingkang ngaturi  
saksana umangkat sampun  
raden saking negara  
pan angetan bener wau kang dinunung  
ing Tetegal kalangkungan  
ing Pamalang kang denjogi.
54. Ganti wau kang winarna  
wong kumpeni kang wau anututi  
kendel tanah ing Cianjur  
pan wis miyarsa warta  
yen Ki Untung ngalor ngetan lampahipun  
tan pisah sarewangira  
ya ta sagung wong kumpeni.
55. Ajri yen ngungsü: ,ebah  
deneng weruh tardange yen ajurit  
duk semana pitung dalu  
kumpeni ing Pasundhan  
wong Pasundhan sedaya kinen akumpul  
neng Cianjur babarisan  
sagunging kang para mantri.
56. Kumpeni parentahira  
kang wong liwat sedaya ken niteni  
yen kanti jangkep sapulu  
yen tan nggawa gagaman  
kinen nyekel menawa iku Ki Untung  
yen wong liwat dudu dagang  
pepeten kang mring Betawi.
57. Wadya kumpeni wus bubar  
mring Betawi kang kantun pacek baris  
kang kari para tumenggung  
abaris turut marga  
yen ta dereng karuhan ing anggenipun  
kumpeni parentahira

aja bubar kang abaris.

58. Ya ta wau kawarnaan  
lampahira Rahaden Surapati  
Pamalang nggepak mangidul  
prapta Toyamas ika  
reren dhusun Ajibarang sedyanipun  
padhukuhan Ajibarang  
patingginipun kekalih.
59. Mapan samya kadangira  
roro sanak kang anom Saradenti  
Saradenta kang asepuh  
langkung anyuba-nyuba  
mring tetamu laminira kawan dalu  
wira Raden Surapatya  
saksana jigadegken baris.
60. Mapan wus karya narendra  
Saradenta kalawan Saradenti  
kang ingadegaken ratu  
sampun anglar jajahan  
kanan keri Ajibarang samya kumpul  
tan ana wani anglawan  
marang Prabu Saradenti.
61. Yen ana wani anglawan  
gya ginecek rempu akeh kang mati  
dadya kang miyarsa takut  
wus dadi barisira  
nanging kantun jroning kitha dereng nungkul  
sira Tumenggung Toyamas  
mapan maksi nglawanjurit.
62. Ya ta nulya linampaahan  
Bun Jaladri panganjuring ngajurit  
kitha Toyamas wus rawu  
rame dennya ayuda

Ki Tumenggung Toyamas baiane rempug  
tan ana mangga puliha  
wus kontap saking negati.

63. Kendel sawetan Toyamas  
Ki Tumenggung sampun tata kang bans  
neng Kalijirek kukuwu  
wong wetaning Toyamas  
Pajematan kumpul baris syara gumruh  
Bun Jaladri kang winarna  
ratune wus denpondhongi.
64. Marang salebeting kitha  
wus ngadhaton sang Prabu Saradenti  
Raden Surapati ngayun  
wus dadi gegamanira  
mangkana ingkang winarni.
65. Sira Raden Surapatya  
abibisik marang Ki Bun Jaladri  
aja kelangan sireku  
isun Bun arsa lunga  
marang Kartasura arsa suwiteng sun  
ing sang Prabu Amangkurat  
yen ana wong takon mami.
66. Mapan dening ratunira  
ya warahen yen lunga tapa mami  
marang ing Segara Kidul  
nanging wewekasingwang  
marang sira yen ana utusanipun  
sarta mirsak marang sira  
ratumu cekelen gelis.
67. Karo gawanen babandan  
Bun Jaladiryा maturira inggih  
sumangga ndika wong bagus  
lawan maninge iya

aja kandheg nalukena sawuriku  
isun ta arsa alunga  
yen ana wong takon marni.

68. Sasampunira pitungkas  
dyan umangkat Rahaden Surapati  
kala wanci tengah dalu  
miniar saking Toyamas  
lampahira tan kawarnaa ing ngenun  
prapta nagri Kartasura  
wong anom ingkang lumaris.

\* \* \* \* \*

## X. SINOM

1. Sira Raden Surapatya  
wau kang sinedyang ati  
umarek rekyana patya  
Rahaden Nrangkusumeki  
lamaphnya sampun prapti  
wau paregolanipun  
sigra atur uninga  
sagung ingkang tengga kori  
laon wonten wong prapta arsa suwita.
2. Ya ta nuli ingandikan  
dening Raden Rakyan Patih  
Ki Surapati wus prapta  
ing ngarsa saha wotasri  
Raden Nrangkusumeki  
resep manahe andulu  
alon denna ngandika  
sapa sinambating wangi  
lan maninge ing ngendi pinangkanira.
3. Ki Surapati tur sembah  
tan enget sangkaning alit  
tiyang nistha kawlas arsa  
peparab pun Surapati  
sedyta kaula ngabdi  
dhateng gusti kang sinuhun  
lawan mali punika  
kaula angungsi urip  
den tedhaa benjing dening si kupar.
4. Inggi manawi sumelang  
inggi ta sri narapati  
upaminipun kaula  
tinedhaa ing kumpeni  
dados satruneng kapir

dipuntedhakena gupuh  
nanging panuhun amba  
sagung abdi dalem Jawi  
sampun wonten kang tumut tulung ayuda.

5. Daning kumpeni punika  
kapanggiha siyang latri  
pan inggi purun kaula  
sagendhinge ing ngajurit  
ya ta Rahaden Pati  
myarsa suka ing tyasipun  
alon denna ngandika  
e iya aja kuwatir  
pan manira kang matur marang sang nata.
6. Mangkana Ki Suapatya  
sinung panggonan wus dadi  
kalangkung inguparengga  
denira Den Rekyan Pati  
kinadang-kadang yakti  
ingandika siyang dalu  
gantya kang kawuwusan  
sira Prabu Saradenti  
nggi punika kang ngadeg nagri Toyamas.
7. Aran sampun awibawa  
 gegamanira wus dadi  
 kang abaris Kalijirak  
 tumenggung Toyamas neng  
 mapan sampun ginitik  
 dening Bun Jaladri wau  
 Ki Tumenggung Toyamas  
 rusak wonge ake mati  
 tan kuwawa tumenggung sigra lumalya.
8. Lumayu mring Kartasura  
 sedyane atur upaksi  
 datan kawarna ing marga

ing Kartasura wus prapti  
katur ing sri bupati  
aturira ki tumenggung  
yen nagri ing Toyamas  
wonten wong ngadegken bans  
aprakosa keraman kang ngadeg nata.

9. Sang nata kalangkung duka  
neher kinen anglurugi  
ingkang tinuduh ing lampah  
sira radyan arya pati  
ya ta ingkang winarni  
Raden Nrangkusuma wau  
ngundang kang wadya baia  
sentana lawan prajurit  
sira Radyan Surapati ingandikan.
10. Wus prapta ing ngarsanira  
ngandika rekyana pati  
isun adhi arsa lunga  
timbalan Sri bupati  
isun kinen nglurugi  
ing wong kang umadeg ratu  
aneng nagri Toyamas  
ya ta Raden Surapati  
tur pranata kenginga angger punika.
11. Sampun panduka atindak  
amunga pun Surapati  
anyekel musuh keraman  
kaula ingkang nanggupi  
wuwuha mengsah mali  
sayakti merang kalangkung  
yen amba maksi gesang  
panduka tindak pribadi  
suka ing tyas rahaden pati ngandika.

12. Yen mangkono aturira  
sunmatur sri narapati  
ri sampunira mangkana  
lumebet rahaden pati  
ing sri manganti prapti  
wus cundhuk layan sang prabu  
anulya tinimbalan  
wus prapta saha wotsari  
sigra matur Rahaden Anrangkusuma.
13. Gusti wonten palajengan  
saking Batawiya nagri  
kakasi pun Surapatya  
palajengipun angungsi  
sinikareng kumpeni  
mila angungsi sang prabu  
dening tan mawi dosa  
kinuyah dening kumpeni  
nanging mangke sanggem angrurah keraman.
14. Ingkang madhireng Toyamas  
punika sanggem mejahi  
yen suwawi rinojongan  
ature pun Surapati  
enda punapa gusti  
yen estu penet kinukup  
yen awonnya binuncal  
sampun nyunyukeri galih  
sri narendra alon denira ngandika.
15. Lah iya sakarsanira  
isun ora ngawikani  
pan isun liwat pracaya  
marang ing sira narpati  
pati sigra wotsari  
wus medal saking kadhatun  
sapraptanirang jaba

panggi lan Ki Surapati  
dhinawuhan timbalan saking narendra.

16. Kalilan kiné umangkat  
iya ta ing dina iki  
Ki Surapati sandika  
kalangkung sukaning gali  
pan sampun denkengkeni  
ki tumenggung ing Toyamas  
neher Ki Surapatya  
mangkat saking ngarsa pati  
sigra-sigra wus prapta jawining kitha.
17. Datan kawarna ing mait.a  
lampahe Ki Surapati  
ing Kalijirek wus prapta  
mapan sampun macek baris  
wong desa samya prapti  
akathah ingkang susuguh  
tarub wetan Toyamas  
mirsa jenenging narpati  
kawarnaa sira Raden Surapatya.
18. Rahaden sigra utusan  
ing panakawan kekali  
ambakta susupenira  
aglis lampahnya wus prapti  
ing Bun Jaladri iki  
pan sampun tanggap ing semu  
sira Bun Jaladriya  
rewange sampun winangsit  
babaktane saking negari Jaketra.
19. Sedaya kiné siyaga  
sagegamaning ngajurit  
mangkat seba gustinira  
sapraptanira ing puri  
wau Ki Saradenti

- apan lagya ngaben sawung  
 aneng pasowan njaba  
 ingayap pawongan cethi  
 kagyat mulat marang Bun Jaladri prapta.
20. Rada garap yen angucap  
 sira Prabu Saradenti  
 ing kene bapa denparak  
 apa wartane ing jawi  
 manawi musu prapti  
 kadingaren bapa mlebu  
 sira Bun Jaladriya  
 pan sampun amarepeki  
 angedhepi sigra marang rencangira.
  21. Tinubruk saking ngiringan  
 sira Prabu Saradenti  
 abudi nulya binanda  
 myang Saradenti ginodhi  
 kali binakta mijil  
 saking jroning puranipun  
 datan kawarneng marga  
 ing Kalijirek wus prapti  
 sampun katur dhateng Raden Surapatya.
  22. Yen ratune wus kabanda  
 suka Raden Surapati  
 sigra pinocok saksana  
 utamanganira kali  
 Toyamas denobongi  
 wau ing kadhatonipun  
 mapan samya binoyongan  
 dening Raden Surapati  
 sampun budhal saking negara Toyamas.
  23. Datan kawarna ing marga  
 prapta Kartasura enjing  
 wus katur sri naradipa

sandika suka tyasipun  
pangeran angandika  
mring sagung para dipati  
ala payu kabe aweha gegaman.

54. Iya apa sasukanya  
pamilihe Surapati  
Ki Surapati tur sembah  
sampun liyan saking keris  
Pangeran Mandura glis  
sampun ngucalaken dhuwung  
hapuripun Sempana  
tangguhe Tuban Paneti  
sampun kedah tinarik Den Surapatya.
55. Pan sarwi Ion aturira  
sagunging kang paring karis  
sampun kedah kang berawa  
paringa dhuhung kang alit  
kang dhapur Tilamupih  
kalawan KlamiSan iku  
myang Sangu tumpeng ika  
ula tedha Pasopati  
inggih pinten agenget siyunge ula.
56. Saksana sagung ponggawa  
samya suka dhuhung alit  
kang sami titi kewala  
ri sampune sinung keris  
bubar Rahaden Patih  
myang Surapati tan kantun  
pan sampun atur sembah  
sagunging para dipati  
sampun bubar saking Dalem Kapugeren.
57. Wau Raden Nrangkusuma  
wus prapta dalemireki  
apan anulya nggeganjar

dhateng wau kang prajurit  
wastra ken cana picis  
Raden Surapati sinung  
sedaya wadyanira  
sampun sinungan kulambi  
pan baludru kutang rinenda tebanya.

58. Wau ta lancinganira  
pra sami sangkelat kuning  
panjine rinenda pethak  
benting cindhe ijo sami  
prasamya udheng puti  
gantya wau kang winuwus  
duta ajidan prapta  
ing Jepara wus apanggih  
lawan Etak tinutur sapolahira.
59. Tuwin andikaning nata  
Kapitan Tak sukeng galih  
wus budhal saking Jepara  
ing Semarang kang denjogi  
Ki Rangga wus atampi  
timbalane ing sang prabu  
sira Kapitan Etak  
wus prapta nagri Semawis  
panggi lawan Ki Rangga Martanagara.
60. Sinegahan sabalanya  
kali dalu neng Semawis  
dyan budhal saking Semiwah  
Ki Rangga mapan lumiring  
kang rumaksa ing nagri  
tundhan lawan panganipun  
datan kawarnang marga  
ing Kenepan sampun prapti  
ya ta rerep Ki Rangga atur uninga.

61. Wus katur marang sang nata  
yen Kapitan Etak prapti  
aneng Kenepan balanya  
rerep nganti wadya alit  
sang nata animbali  
Sindureja kang tinuduh  
karyaa pasanggrahan  
ing Banyudana den aglis  
yen wus dadyasi Etak sira undanga.
62. Sira Arya Sindureja  
pan sampun tampi weweling  
ngirid ponggawi titiga  
ing Toyadana wus prapti  
karya pakuwon dadi  
sigra apotusan sampun  
Ki Arya Sindureja  
ing wau mantri kekalih  
mring Ki Rangga Etak kinen ngenggalena.
63. Kapitan Tak ingaturan  
dening Ki Rangga Semawis  
saking Kenepan wus budhal  
kawarnaa sri bupati  
Dipati Surawesthi  
ken ngobong-obong ing dalu  
paseban kidul ika  
saha surakira atria  
loking wadya Surapati ngamuk pura.
64. Ya ta wau lampahira  
Kapitan Etak wus prapti  
ing Toyadana balanya  
uwus apapanggi nuli  
lan Arya Sindurejeki  
sedaya sami cumundhuk  
binakteng pasanggrahan

wus tata samya alinggi  
Kapitan Tak alon denira anabda.

65. Raden manira dinuta  
dening jendral myang kumpeni  
anuhun pun Surapatya  
katha dosane kumpeni  
lan jendral angaturi  
kintun renda lan baludru  
satus elong punapa  
kang aran pun Surapati  
Raden Arya Sindureja alon mojar.
66. Nenggi wonten dhateng tuwan  
nanging si boten angabdi  
dhateng gusti sri narendra  
kang aran pun Surapati  
wonten rekyana pati  
menggi pangawulanipun  
duk tuwan apotusan  
jendral angaturi tulis  
sawingkinge pinundhut si Surapatya.
67. Karsanipun sri narendra  
kasraha dhateng kumpeni  
pun Surapati bebandan  
nanging Rahaden Apati  
sänget dennya ngukuhi  
apan nedya bareng lampus  
lawan pun Surapatya  
nedya bangga ing narpati  
pan punika kumpeni boten miyarsa.
68. Yen Raden Anrañgkusuma  
amusuh ing sri bupati  
anglabuhi Surapatya  
mala ing sadinten wingi

sedya angamuk puri  
medal ing paseban kidul  
pan sampun ingobongan  
yen sampuna enggal prapti  
Jeng Pangeran Puger tutulung kang raka.

69. Kadi kalampahan bedhah  
kedhaton dalem ing nguni  
Etak getun miyarsa  
tepiyonira binanting  
sarwi anaut rawis  
Kapitan Tan asru muwus  
e Raden Sindureja  
antinen sadinten mangkin  
Surapati wus kagem ing asataningwang.
70. Mapan sampun sinegahan  
sagung kang bala kumpeni  
marang Arya Sindureja  
datan kawarna ing latri  
warnanen sri bupati  
animbali ponggawa gung  
kang rayi ingandikan  
Pangeran Puger mring puri  
pan ingirid sagunging para dipatya.
71. Sapraptanira ing pura  
ing ngarsanira narpati  
Ki Surapati ngandikan  
lan Raden Rkyan Narpati  
sinandi lampa nilib  
medal ing paseban kidul  
wus prapta ing jro pura  
ing ngabyantara narpati  
jajar lawan pra niyaka sedaya.
72. Sang nata alon ngandika  
he yayimas Adipati

ing Puger paran karsanya  
kang rayi atur wotsari  
sumangga ing narpati  
patikbra sumanggeng kayun  
nenggih pun Surapatya  
tan gumingsir siyang latri  
pejahipun katura paduka nata.

73. Sang nata mali ngandika  
iya yen mangkonoyayi  
si Adipati Mandura  
kelawan si Surawesthi  
karo ngong srahi kardi  
den samakta mbesuk esuk  
nggusah si Surapatya  
den rame kanthaning jurit  
wangsitana lan si Arya Sindureja.
74. Poma karo den abisa  
akarya sandining jurit  
isun pan arsa umiyat  
yudane si Surapati  
lawan si Etak mbenjing  
adunen ing alun-alun  
pratiwa kali nembah  
rampung weweling narpati  
Surapatya ingkang dinuk ing sasmita.
75. Mangsah ing ngarsa narendra  
pan sarwi tampi weweling  
mangrepa nembah suku sang  
lengser saking ngarsa aji  
miwa Rahadyan Pati  
wus tampi pitungkas tuhu  
rahadan sigra medal  
lan sagung para dipati  
Jeng Pangeran Puger mundur saking pura.

## XI. DURMA

1. Tan winarna ing dalu wuwusen enjang miyos sri narapati munggeng siti bentar andher kang baia kosya wong Priyantaka Saragni wus munggeng ngarsa dyan jaga ngapit-apit.
2. Pan rong atus sumanibung ing wuri aglar samya samakteng westhi Jagabaya ngarsa lawan wong Sakragnyana Mayung Nutra lawan Miji wong Anirbaya neng ngarsa sikep bedhil.
3. Patranala kalawan wong Darmaita Maodara Miyati myang wong Wirabraja Naia Kanomanika kelawan Patrayudeki Yudamanggala ing ngarsa wong Pinilih.
4. Kartayasa kelawan wong Wisamarta wong Tanuastra iki lawan wong Jantaka tan lali sikepira wong Martalulut anangkil Singanegara angubeng sri bupati.
5. Wong Katanggung mantri ngandhek lawan mudha tangkep ngarsa narpati myang wong Jagasura tuwin Wisapracandha

sasikepira tan lali  
kabayan ngarsa  
gedhong wuri narpati.

6. Pan sedaya sami samakteng ngayuda  
sagung para dipati  
andher panangkilan  
gegaman amalatar  
busanane kang prajurit  
lamon sinawang  
kadi prawatang sari.
7. Wong kumpeni kang ajaga Kartasura  
pan sampaun sinung paksi  
marang sang dipatya  
Sampang lan Surapringga  
yen nggepuk Ki Surapati  
wadya Mandura  
lan wadya Surapati.
8. Aneng pasar barise wadya Mandura  
liyan dipati kali  
kang amangku yuda  
Mandura Surapringga  
kali sami neng jro loji  
loji samana  
pan jaro pagerneki.
9. Aneng Sendhang barise Mancanegara  
dene wadya Pasisir  
saha wadyanira  
Parung wau barisnya  
gantya wau kang winarni  
Kapitan Etak  
lan Den Sindurejeki.
10. Siga bubar wau saking Toyadana  
sagung wadya kumpeni

gumuru syaranya  
ya Raden Sindureja  
pan sampun utusan mangsit  
mring sang dipatya  
ing Sampang Surawesthi.

11. Ri sampune panggih duta Sindureja  
lan sang dipati kalih  
ya ta sang dipatya  
Mandura Surapringga  
asru ngucap mring kumpeni  
Tuwan manira  
arsa nggeceka aglis
12. Maring Kanrangkusuman nanging andikan  
barisa pancaniti  
rumaksa eng nata  
sigra samya siyaga  
sagung kang wadya kumpeni  
pan sareng budhal  
lan si dipati kalih.
13. Kalih atus kumpeni ing Kartasura  
ing alun-alun sami  
wus baris malatar  
wau ta kawuwusan  
wadya Sampang Surawesthi  
lajeng lampahnya  
gumrah sah atengari.
14. Pan anglarug marang Kaanrangkusuman  
abarisan arienggi  
wadya Surabaya  
wadya Mandura ika  
ing lulurungnya wus prapti  
bedhol sedaya  
Rahaden Surapati.
15. Kawandasa baia golong tan apisah

miwah Raden Narpati  
saha wadyanira  
rempag lampahnya tata  
wong Surabaya nututi  
lan wong Mandura  
prasamya ambedhili.

16. Pira-pira senapan kang pareng munya  
surak gumuruh atrı  
lir rug kang prabata  
nanging obat kewala  
tan wonten anggange mimis  
pan pangandika  
wau sri narapati.
17. Kawarna Kapatan Tak Ngasem prapta  
kagyat miyarsa bedhil  
Arya Sindureja  
asru pangucapira  
lah punika Surapati  
kinarubut prang  
Etak asru denyangling.
18. Amba minta Ki Sindureja yang lekas  
amba mau prang dini  
dhengen Surapatya  
Arya Ki Sindureja  
Tuwan ambra tra berani  
sama sang nata  
ben prang ada di margi.
19. Nenggih ingkang pangandika sri narendra  
asoweng pancaniti  
wadya Kartasura  
tuwan maksih akatha  
kang bubujung Surapati  
dereng kasoran  
sampun age nulungi.

20. Ya ta dutane Dipati Sampang  
panggih lan Sindurejeki  
duta aturira  
kaula pan dinuta  
ing raka sang adipati  
atur uninga  
lamon si Surapati.
21. Denbubujung mangaler nggepak mangetan  
andika denaturi  
nunten dipun enggal  
kali Kapitan Etak  
manawa pun Surapati  
ngidul parannya  
satemah ngamuk puri.
22. Dika raden ing alun-alun barisa  
rakanta langkung watir  
sigra Kapitan Tak  
lan Arya Sindureja  
ginelek lampahing baris  
gumuruh syaranya  
ing alun-alun prapti.
23. Wus anunggil barising kumpeni- aglar  
yen tinon angajrihi  
lor waringin kembar  
wus samya sinegahan  
dawegan kalayan cengkir  
dadya kehira  
pan satus wong kumpeni.
24. Tigang atus gegawane Kapitan Tak  
kalihatus kang lami  
myang Bugis Mekasar  
limang atus wetara  
sira Tak mingga sitinggil

wus tatabeyan  
kalawan sri bupati.

25. ngaturaken kintune gurnadur jendral  
wus katur sri bopati  
ya ta Kapitan Tak  
alon ing aturira  
kaula dinuta gusti  
mring yang panduka  
mikut buron kumpeni.
26. Ingkang wonten nagari dalem punika  
lila panduka gusti  
sang nata ngandika  
lah iya denpracaya  
mapan ta si Surapati  
bangga maring wang  
iya bangga kumpeni.
27. Sarupane wong isun ing Kartasura  
padha sunkon ngrewangi  
malyaa ing sira  
mau kang isun duta  
bubujung si Surapati  
wong ing Mandura  
lawan wong Surawesthi.
28. Nanging sira Etak aja lunga lunga  
nadyan maguta jurit  
aja ado lan ingwang  
menawa ta kasoran  
wong Sampang lan Surawesthi  
aja ngangganga  
satema nggepok puri.
29. Sareng mirsa Etak andikaning nata  
langkung sukaning gali  
asru aturira

dhuh Gusti jangan susah  
kalu Etak masih urip  
si Surapatya  
idhup saperti mati.

30. Ini hari sudha di dhalem sak amba  
anyahok Surapati  
nanti amba ajar  
dia puriya kepala  
beta taruk bawa kaki  
alatah-latah  
sarwi angetab wentis.
31. Wus tumurun Etak saking siti bentar  
nindhiji barisneki  
ya ta Sindureja  
sigra dennya potusan  
marang sang dipati kalih  
ing Surabaya  
lan Paran Madureki.
32. Amangsita yen KapitanTak wus prapta  
ing alun-alun baris  
ya ta kawuwusan  
wau Ki Surapatya  
denbubujung denbedhili  
ing Pepe prapta  
nggepak angetan aglis.
33. Nurut Kali Pepe binujung mange tan  
dening bopati kalih  
sarwi binedhilan  
prapta Bungan bang wetan  
nggepak ngidul Surapati  
myang Raden Patya  
ing Sendhang kang denjogi.
43. Katerajang barise Mancanegara

mawur maledug ngisis  
ya ta cinarita  
wonten wadya Mandura  
lulurah wong Sarageni  
kaku tyasira  
aran Ki Gunangpasir.

35. Gonangpasir angucap ing rewangira  
akesel temen iki  
agung buburonan  
alambang lulumbungan  
payu padha nganggo mimis  
teka sapisan  
Jinajal sigra mbedhil.
36. Rewangira Surapati siji kena  
kena wentise mati  
angling Surapatya  
wong Sampang liwat ala  
manda yen welinging gusti  
wangsal saksana  
ngilen Ki Surapati.
37. Tinarajang wadya Sampang kapalajar  
Surapati nututi  
wonten kang kacandhak  
titiga tinumbakan  
wong Mandura ingkang kanin  
katur pangeran  
Mandura sukeng galih.
38. Angandika mring Dipati Surapringga  
he kakang Surawesthi  
iki oli tandha  
ya ta kapareng uga  
wong manira nandhang kanin  
wus winangsitan  
wau Ki Surapati

39. Den Nrangkusuma wau tansah ing wuntat  
amongmong Surapati  
ya ta kawarnaa  
wong Sampang kang lumajar  
ing alun-alun wus prapti  
geger saksana  
kang baris pancaniti.
40. Ya ta wau Raden Arya sindureja  
ingkang mongmong kumpeni  
asm dennyu ngucap  
maring Kapitan Etak  
he Tuwan paran korseki;  
wadya Mandura  
punika wus kajudhi.
41. Miwah wadya Surabaya kapalajar  
akathah nandhang kanin  
tan adangu prapta  
wau wadya Mandura  
kang sami anandhang kanin  
langkung in ngarsa  
sira baris kumpeni.
42. Sakalangkung Etak bramantya tumingal  
wadyane denehiri  
rolas pan sareng munya  
gumrudug gugumyara  
kang kawarnaa randeni  
kang wadyanira  
wau Dyan Surapati.
43. Kang mbubujung maring wadya Surabaya  
ing alun-alun prapti  
kang samya lumajar  
mangilen palajengnya  
saweneh manjing ing puri

- pasowan gedhong  
 satunggal wus denbasmi.
44. Surapati pan sampun rapta Pagongan  
 terapmbarise linggih  
 ya ta sri narendra  
 munggeng ing witi bentar  
 ingadhep ingkang para ri  
 katiga samya  
 munggeng ngarsa nerpati.
  45. Pan apajeg barise wadya Kaparak  
 rumekseng ing nerpati  
 kan an keri aglar  
 ya ta wong Sindurejan .  
 Ian wadyane pra dipati  
 sareng nyenjata  
 mring wonge Surapati.
  46. Ingatagan mring wadyane Surapatya  
 mawur maledug ngiris  
 sira Tak bramantya  
 asru ngabani bala  
 lulumbungan ong kumpeni  
 wong Jawa obah  
 atrep wong sanagia.
  47. Awus parek wau kumpeni tumingal  
 ing wonge Surapati  
 sigra ingabanan  
 kumpeni bareng mangsah  
 lir gelap sewu mbarungi  
 tambur lir gerah  
 bakilung surak Bugis.
  48. Maksi ndhendheng Surapati sawadyanya  
 ingedrel wanti-wanti  
 kukusing sundawa  
 peteng lir apak-apak

- ya ta Raden Surapati  
ngabani bala  
sareng umangsa jurit.
49. Wus anempuh Surapati ngamuk rampak  
kumpeni anadhahi  
akuwel prangira  
kumrutug kang senjata  
pateng kukus angliputi  
pangedrelira  
kumpeni wanti-wanti.
50. Surapati sigra narajang manengah  
lir bantheng tawan kanin  
kabe wadyanira  
lir buta rebut mangsa  
wong patang puluh glong pipis  
numbak amedhang  
anuduk angakali.
51. Wus akathah kumpenine ingkang pejah  
nanging wuri mbedhili  
Etak langkung gusar  
mbanting tapiyonira  
ulat andik nyaut rawis  
marahken bala  
umangsah kang ing wuri.
52. Apan kocap ing carita Kapitan Tak  
datan cara Welandi  
angangge makutha  
gurdha mrep mungkur ika  
teba jaja anting-anting  
lir Kumbakarna  
agung luhur ngajrihi.
53. Ramening prang senjata lir ardi gempal  
awor tambur mbarungi  
Raden Surapatya

sayah pangamukira  
mundur pra samya alinggi  
aneng Pagongan  
ana ngulari warih.

54. Ya ta wonten timbalan saking narendra  
nedhah Ki Surapati  
sampun kalayatan  
Surapati turira  
sandika aso rumiyin  
sigra umangsa  
Rahaden Surapati.
55. Tinadhahan ing gurnat lawan gurnada  
Surapati mangungkikh  
nengah sawadyanya  
pan sampun sele watang  
rukut angamuk lan keris  
Ki Surapatya  
sampun awuru getih.
56. Saya kathah kumpeni longe kang pejah  
mala tan ngamba siti  
angedek babathang  
Rahaden Surapatya  
sira tak denparepeki  
mapan kasangga  
ing mimis lir densoki.
57. Dhuhungira wolu lan kang dencuriga  
dyan Raden Surapati  
sab an sab an angsal  
sadaya nya binucal  
pan asalin dhuhung malih  
mapan mangkana  
saban saban ajurit.
58. Sira Etak mobat-mabit tandangira  
katangggul ing ngajurit

- litnan narit pedhang  
 aneng ngarsanira Tak  
 Bun Jaladri kang nadhahi  
 padha sudira  
 pedhang panggih lan keris.
59. Pan sinuduk litnan jajane tan pasah  
 kumrampyang kere wesi  
 pinindho tan pasah  
 males litnan amedhang  
 Bun Jaladri datan busik  
 males rinangsang  
 litnan tiba kabanting.
  60. Pan kaluma bandar ban wus kinakahan  
 ginorok wus ngemasi  
 ramene kang yuda  
 ruket uleng-ulengan  
 lir gera panjriting kanin  
 sanjata pejah  
 pedhang kuwel lan keris.
  61. Surapati wus panggi Kapitan Brikman  
 ginoco wanti-wanti  
 Brikman datan pasah  
 nulya males amedhang  
 tan busik Ki Surapati  
 gelut prangira  
 udreg banting-binanting.
  62. Surapati cinokot gulu iringga  
 gineget anglir anjing  
 Surapati gila  
 sakal pan alumajar  
 sedhi dening ilerneki  
 emut saksana  
 Rahadyan Surapati.
  63. Patrem papak kinandhut kanthong saruwal

ginagapan kapanggih  
Brikman winangsulan  
ginoco gulunira  
tatas pan sampun ngemasi  
pra upsir samya  
kumrutug anulungi.

64. Miwah wonge Surapati ake prapta  
dadya rame kang jurit  
Bugis myang Mekasar  
tandange kulinthiyan  
mulat ing mungsuah agiris  
Prabu Mangkurat  
suka dennya ningali.
65. KapitanTak mulat yen Brikman wus pejah  
bramatyane tan sipi  
angahiri bala  
sakarine kang pejah  
kumpeni atata malih  
sareng umangsa  
sira Tak mobat-mabit.
66. Munggeng ngarsa angamuk Kapitan Etak  
sagung wadya kumpeni  
ambyuk sareng mangsa  
tadha Ki Surapatya  
miwah sira Raden Patih  
sareng nerajang  
tan ana ngucap ajrih.
67. Sira Etak sinosok baris nggodebag  
winatang datan busik  
sigra anerajang  
Rahaden Surapatya  
sira Tak denparekei  
ginoco sigra  
Etak myang wanti-wanti.

68. Nora pasah kang dhuhung punggel pucuknya  
nulya binucal aglis  
Raden Surapatya  
sampun salin curiga  
sinudukan wanti-wanti  
Kapitan Etak  
wulune nora rigrig.
69. Upasira Kapitan Tak kaliwelas  
dubus andeling jurit  
ngebyok saking kanan  
rinubung binedhilan  
wau Raden Surapati  
sarewangira  
samya aso rumiyin.
70. Neng Pagongan tarap pan samya alenggah  
kumpeni ambedhili  
ya saking kadohan  
tan wani yen parekan  
sira Raden Surapati  
pan dhinawuhan  
timbalaning nerpati.
71. Surapati nedha sampun kelayatan  
dinukan ing nerpati  
alon aturira  
dika matur sandika  
kenginga so rumiyin  
pan dereng suda  
galihe ingkang abdi.
72. Law an rencang punika  
boten kabranan  
arsa nginum wawarih  
inggi tigang welas  
kang sami nandhang branan  
wong gandhek awangsul aglis

prapta ing ngarsa  
wau sri narapati.

73. Ya wong gandhek sigra umatur sang nata  
ature Surapati  
wus katur sedaya  
mesem sri naradipa  
andika dhateng kang rayi  
adhimas sayah  
iya si Surapati.
74. E adhimas denenggal tutawanana  
manawi niniwasi  
sigra Jeng Pangeran  
nembah angaras pada  
tedhak saking ing Sitinggil  
mring Kamandhungan  
kapanggi lan kang abdi.
75. Kamandhungan pernahe wong Kapugeran  
wolulas kang pinilih  
tinuding pangeran  
kinen salin busana  
kadya wonge Surapati  
miwah pangeran  
busananira salin.
76. Iya pindha kadya wonge Surapatya  
samya lan wadyaneki  
sigra Jeng Pangeran  
minger ngilen lampahnya  
angaler anjog masigit  
wadya wolulas  
tan pisah lawan gisti.
77. Nulya medal saking masigit mangetan  
ing alun-alun prapti  
ya ta Surapatya  
awas dennya tumingal

- yen Pangran Puger nulungi  
 sigra umangsa  
 wadya kang rebut dhingin.
78. Surapati angantep pangamukira  
 miwah Raden Narpati  
 kumpeni apanggah  
 ya ta Kangjeng Pangeran  
 sawadya amerepeki  
 nalawung yuda  
 wus awor surapati.
  79. Jeng Pangeran wus prapta ngarsane Etak  
 dyan kinarutug bedhil  
 Pangran tan sumingga  
 sarwi ambekta watang  
 Kyai Palered kinardi  
 sigra Pangeran  
 sira Tak denlarihi.
  80. Jajanira watgata trus ing wakilat  
 nib a tan angulisik  
 wadya Kapugeran  
 wolulas ngamuk rampak  
 kadya bajo Tana Jawi  
 numbak amedhang  
 anuduk angakahi.
  81. Tutumpesan kumpeni pating jalempah  
 kadi babadan pacing  
 gempar ingamukan  
 mring wadya Kapugeran  
 miwa Raden Surapati  
 kumpeni kang pejah  
 langkung tumpang atindhi.
  82. Wong kumpeni winatara ingkang gesang  
 salawe lan wong Bugis  
 mawur asarsaran

Pangeran Sindureja  
kumpeni wus dentulungi  
kang nandhang bran a  
binakta marang loji.

83. Surapati kalawan sabalanira  
sedaya lir angimpi  
ya ta asri narendra  
kang munggeng sitibentar  
suka angandika aris  
tuhu prawira  
iya si Surapati.
84. He wong gandhek timbalana yayi emas  
lawan si Surapati  
si Anrangkusuma  
wong gandhek atur sembah  
wus mudhuh saking sitinggil  
wus tinimbalan wau para  
wau para dipati
85. Surapati amingga ing sitibentar  
miwah Raden Narpati  
prapta ngarsa nata  
asru denny ngandika  
sarwi gumujeng sang aji  
padha bageya  
kang mentas mangun jurit.
86. He adhimas anemen denny ayuda  
akrodha suntingali  
kang rayi tur sembah  
ajrih timbalan Tuwan  
sayakti kaula ajrih  
yen tan temena  
anggunggung sri bopati.
87. Ingkang rayi pinatedhan dhadhaharan

jeram kalayan manggis  
jambu lan semangka  
dhuku kalayan salak  
katiga samya abukti  
myang Raden Patya  
Surapati geng kingkin.

\* \* \* \*

345

## XII. ASMARADANA.

1. Ngandika sri narapati  
marang Raden Surapatya  
ya liwat tarimaniningong  
nanging sira angetana  
mintara Pasuruwan  
sunganjaraken sireku  
ing kono sira lungguha.
2. Sira amaceka baris  
aneng nagri Pasuruwan  
poma denprayatneng gawe  
lan sun wehi aran sira  
sunjunjung saking ngandhap  
sunsengkakaken ngaluhur  
Tumenggung Wiranegara
3. Anembah pun Surapati  
langkung ing panuhunira  
ngandika mali sang katong  
mring Raden Anrangkusuma  
iya sira milua  
mring Pasuruwan myang kantun  
kalawan si Surapatya.
4. Tur sembah Radyan Narpati  
ing karsa datan lenggana  
wus pinaringan sangune  
kencana selaka wastra  
miwa Ki Surapatya  
wus sinungan kethon sewu  
sang nata mali ngandika.
5. Payu mangkata denaglis  
sadalan obong-obonga  
ana dening kang sunkongkon

ambubujung marang sira  
iya wong Surabaya  
lawan wong Mandura iku  
miwa wong Mancanegara

6. Kakali sareng wotsari  
angaras pada narendra  
katri Pangeran Pugere  
wus medal prapta ing jaba  
panggih kang wadyabala  
ganti wau kang winuwus  
wong Sampang lan Surabaya.
- 7 Saking kilen angebyuki  
ambedhili sareng surak  
lir parta rugrug syarane  
myang wadya Mancanegara  
sedaya bareng mangsah  
Raden Surapati wau  
wus nglorop sabalanira
8. Mangetan dipunbedhili  
angobong-obong samarga  
pan ingelud saparane  
derting wong Mancanegara  
miwah wadya Mandura  
lan wong Surabaya wau  
ya ta ingkang kawarnaa.
9. Sang nata kondur mring puri  
wadya bubar sowang-sowang  
sinangkalan duk kalane  
Surapati lawan Etak  
gaja kari anggana  
jalma kawuwusan dalu  
kumpeni ingkang lumajar.
10. Kang samya kendel ing loji

pan ing dalu kesahira  
bangun raina inggate  
karainana ing marga  
tumpes dening wong desa  
kawarnaa sang aprabu  
enjing miyos sinewaka.

11. Pepek sedaya anangkil  
sagung kang para dipatya  
pra satriya ing ngarsa ndher  
Pangeran Puger aseba  
myang Pangeran Panular  
Raden Gopa anang ngayun  
sang nata alon ngandika.
12. He Adhimas Adipati  
salungane si Apatya  
kang nggentenan lungguhe  
sira Arya Sindureja  
kang rayi matur nembah  
inggih kalangkung jumurung  
ing karsa panduka nata.
13. Kalawan maninge yayi  
arinira si Panular  
pan wus liwat diwasane  
iku sunparangi aran  
iya Arya Metaram  
lan lulungguhe wong sewu  
iya si adhi Panular.
14. Iku padha sunparangi  
limang atus lilinggihnya  
kalawan adhi malihe  
si Paman Natakusuma  
isun karya wedana  
wong gedhe wedananipun  
kang rayi jumurung karsa.

15. Mukakat samya ngistreni  
sagunging para dipatya  
ing karsanira sang katong  
ganti ingkang kawuwusan  
Rahaden Surapatya  
ingkang maksih denbubujung  
ing ngenun tan winarna.
16. Ing Pasuruwan wus prapti  
sagunging para dipatya  
kang mbubujung balik kabeh  
ya ta Raden Surapatya  
kang aneng Pasuruwan  
wus tetep denira lungguh  
tan ana ingkang sumelang.
17. Suyud nagri kanan keri  
ing Bangil lan Prabalingga  
ing Pajarakan wus deneng  
miwa Japan Wirasaba  
ing Daha myang Sarengat  
ing Ngantang Winongan suyud  
seba marang Pasuruwan.
18. Lor wetan ing Ardi Wilis  
ingobongan kinakahan  
mapan wus dadi barise  
ya ta sagung pra dipatya  
Mancanegara prapta  
ing Kartasura wus katur  
mring sang nata polahira.
19. Suka tyasira narpati  
ya ta ingkang kawuwusan  
mapan wus katur wartine  
Kumendur Selut Driyansa  
kang aneng ing Jepara

yen Kapitan Etak lampus  
tumpes sakumpeninira.

20. Ayuda lan Surapati  
ing alun-alun nggennya prang  
samana menggak galihe  
Kumendur Selut Driyansa  
sampun akarya surat  
anulya binakta sampun  
layar mring nagri Jaketra.
21. Mangkana ingkang winarni  
Raden Arya Sindureja  
pan sampun mesat dutane  
mring nagri ta ing Jepara  
pangandikaning nata  
kinen prasadu asung wruh  
yen Etak tiwas ing rana.
22. Myang wadyabira narpati  
akathah ingkang kabranan  
myang mantri peja wus dene  
kang duta praptang Jepara  
katur kantekinira  
marang ing Kumendur Selut  
Driyansa nya pinariksa.
23. Miyarsa tembunging tulis  
kumendur emeng ing manah  
nanging tansa gebes-gebes  
kang duta sigra tinulak  
datan amawa angkul  
samana ingkang cinatur  
pan nagari ing Jepara.
24. Wong Jawa lan wong kumpeni  
tan ana saba-sinaba  
butarepan sadinane

wau duta Sindureja  
wus praptang Kartasura  
katur marang sang aprabu  
yen kumendur sänget menggak.

25. Mangkana sri narapati  
animbalı pra dipatya  
myang kang rayi katigane  
saptaptanira ing pura  
wus mungga neng ngayunan  
alon ngandika sang prabu  
he yayi mas Adipatya.
26. Paran karsanira yayi  
dening si kumendur mukak  
dening mengko karsaniningong  
yen ana kang dadi inarga  
becik yayi wasisan  
nang ilang susukeripun  
Pangeran Puger tur sembah.
27. Yen kenginga amba tun  
sampun kadi sapunika  
tema puwara jagade  
yen cidraa ing wecana  
lungsur ingkang darajat  
yen karsa panduka lantur  
asanget panuhun amba.
28. Sanadyan punika kapir  
tan wenang yen acidraa  
pan kapir rewang wastane  
dennya sampun kalampahan  
atulung ing panduka  
dene wonten marginipun  
bok sampun saking panduka.
29. Yen wontena margi malih.

kadya kang wus kalampahan  
karSa panduka sang katong  
dadya sang nata ngandika  
yen mangkono adhimas  
atariya ponggawaku  
sapa kang sanggup ngejuma.

30. Iya mungkeking kumpeni  
pan agung ganjaraningwang  
payu pikir age-age  
kang rayi nembah nya medal  
miwa sagung pra dipatya  
ing Srimanganti wus rawuh  
tan winarna polahira.
31. Sagunging kang pra dipati  
Pasisir Mancanégra  
samya mopo kang tinaros  
wonten abdining narendra  
munggeng mantri kang parak  
Ki Jiwaraga nameku  
punika ingkang sanggupa.
- 32 Katur marang sri bopati  
kidenan sigra umesat  
amundhi serating katong  
myang kikintun ardana tan  
kawarnaa ing marga  
ing Jepara sampun rawuh  
Ki Ngabei Jiwaraga.
33. Lajeng tumameng ing loji  
pipikul kang munggeng ngarsa  
neng jawi pipikul andher  
kagyat kumpeni tumingal  
ya ta Ki Jiwaraga  
pinapag kumpeni sampun  
Selut Driyansa wus panggya.

34. Ki Jiwaraga lingnya ris  
 Tuwan manira dinuta  
 mantedhakena surate  
 gusti iya sri narendra  
 prabu ing Kartasura-  
 lan sang nata iki kintun  
 inggi kuda sekembaran,
- 35 Lawan susu pitung dhacin  
 lembu seket lan marica  
 kumendur gupuh anthuke  
 pan sarwi ambuka surat  
 pan sampun pinariksa  
 sampun kadriya kang tembung  
 Kumendur Selut Driyansa.
- 36 Sareng denira ningali  
 he Ki Jiwaraga ika  
 pan ampun sang nata katong  
 dening kaula gegahan  
 wicantening wong katha  
 mangke ta baek sang prabu  
 punapa kang rinaosan.
37. Pan kacatur tigang latri  
 Ki Jiwaragang Jepara  
 langkung panguparenggane  
 Kumendur Selut Driyansa  
 sampun akarya surat  
 wangslu mring sang prabu wau  
 sarwi ngaturi ruruba.
38. Baludru renda pedhang mis  
 sareng kethon tigang nam bang  
 sampun tinampanan age  
 Ki Jiwaraga nulyenggal  
 medal saking Jepara

ing Kartasura wus rawu  
katur mring sang sri narendra.

39. Ki Jiwaraga tuk kardi  
sang nata kalangkung tustha  
myang sadaya tur-ature  
kang surat wus tinampanan  
sang nata langkung tushta  
Ngabei Jiwarageku  
mapan sampun ginanjaran.
40. Mapan kinarya bopati  
pinatedhan ing Jepara  
kinarya pamugarine  
kumpeni kang neng Jepara  
sira Ki Jiwaraga  
sinungan ñama Tumenggung  
Martapura ing Jepara.
41. Wus kiné budhal tumuli  
saking nagri Kartasura  
datan kawarna lampahe  
Ki Tumenggung Martapura  
pan sampun asiyaga  
lan saanak garwanipun  
wus budhal marang Jepara.
42. Datan kawarna ing margi  
wus praptang nagri Jepara  
kumendur langkung sukane  
dening Kyai Jiwaraga  
jinungjung linggihira  
pan tinuduh karsanipun  
kumpeni pamugarinya.
43. Tumenggung Martapureki  
wus tetep denira lenggah  
aneng nagri Jeparane

samana pan sampun lama  
nagari ing Jepara  
bancere kumpeni tuwuk  
sawusira ing antara.

44. Ya ta wonten wong kumpeni  
ngambil ayame wong Jawa  
kang darbe pitik tan aweh  
saksana akekerengan  
Welanda ginebugan  
cinekel binanda mantuk  
lajeng kinarya kasukan.
45. Mukane denlelerongi  
ingangusan geti jarak  
kunir apu bacingahe  
saparan dadi tongtonan  
ya ta katur samana  
mring Kumendur Selut sampun  
ing Jepara langkung runtiknya.
46. Kalangkung sakit ing galih  
mring Tumenggung Martapura  
wus karya surat dutane  
umesat saking Jepara  
sedya mring Kartasura  
ya ta kawarna ing ngenun  
prapta nagri Kartasura.
47. Wus panggih lawan narpati  
Raden Arya Sindureja  
pan sampun katur surate  
sigra Raden Sindureja  
tumameng ing jro pura  
katur marang sang aprabu  
yen surat saking Jepara.
48. Wus tinampi ingkang tulis

tembungipun kara-kara  
anuhun ta ing sang katong  
Kumendur Selut Driyansa  
pejahe Martapura  
dosane apurun-purun  
mring kumpeni siya-siya.

49. Langkung duka sri bopati  
nimbal para dipatya  
sri narendra ngandika lon  
he Yayi Puger wikana  
layange si Welanda  
alane kalangkung-langkung  
mapan wong sasanakingwang.
50. Dening ta awani-wani  
anjaluk ponggawaningwang  
si Martapura dosane  
ingaranan siya-siya  
dening tan angupama  
marang wong kumpeni iku  
wani akarya kasukan.
51. Mengko jinaluk ing marni  
alane si Martapura  
dening yayi karsaningong  
ya si Arya Sindureja  
lawan Natakusuma  
si Mangunoneng ja kantun  
binarong si Suranata.
52. Kalima sunduta sami  
marang nagri ing Jepara  
ana dening ing lakune  
tarinen si Martapura  
yen denjaluk Welanda  
yen dheweke wani ngamuk  
kabeh kang sun kon tulunga.

53. Kang rayi matur wotsari  
       inggih ing karsa panduka  
       kalamon ana margine  
       sang nata asru ngandika  
       he Arya Sindureja  
       padha gawanen bocahmu  
       myang Paman Natakusuma.
54. Piliheng kang becik-becik  
       pan ora kudu akathah  
       kang sura prawira tanggon  
       miwa sira Suranata  
       padha agegabaha  
       si Mangunoneng ja kantun  
       Binarong padha denyatna.
55. Kalih sareng asung bakti  
       sang nata mali ngandika  
       he Sindureja denage  
       nuli wangslane surat  
       dutane si Welanda  
       muniya yen sasih mbesuk  
       matine si Martapura.
56. Sira kang sunkon nindaki  
       mateni si Martapura  
       lan pepek ponggawiningong  
       ingkang badhe kanthinira  
       muniya jroning layang  
       Ki Sindureja wotsantun  
       wus medal saking ing pura.
57. Sapraptanira ing jawi  
       pan sampun akarya surat  
       wus sinungaken dutane  
       gya mesat dhateng Jepara  
       ing marga tan winarna  
       ing Jepara sampun rawuh

lan kumendur wus apanggya.

58. Wus sinung surat narpati  
mring kumendur tinupiksa  
kalangkung suka galihe  
Kumendur Selut Briyansa  
ngundhangi wadyanira  
densamakta asusuguh  
yen prapta dutaning nata.
59. Wus amangkat kang kinardi  
ing antara lampahira  
sampun gantya ing wulane  
Raden Arya Sindureja  
pan sampun asiyaga  
miwah kang ponggawa catur  
sampun samya asiyaga.
60. Acaos ing pancaniti  
pan sampun samya ngandikan  
lajeng tumameng purane  
wus prapta ngarsa narendra  
sareng bakti kalima  
wus tampi pitungkas tuhu  
ponggawa manca tur sembah.
61. Pan sareng denira mijil  
sapraptanira ing jaba  
lajeng budhal sawadyane  
gegaman awarna-warna  
ing marga tan winarna  
gancanging carita wau  
pan negara ing Jepara.
62. Ki Tumenggung Martapuri  
aglis caos pasanggrahan  
munggah ing alun-alune  
kumendur pan wus miyarsa

yen prapta dutane nata  
wadya kumpeni amethuk  
semana pan wus kapanggya.

63. Kalawan Radyan Narpati  
wus acundhuk tetabeyan  
anulya lajeng lampaha  
ing alun-alun wus prapta  
wadya kumpeni urmat  
senjata lir gunung rubuh  
mariyeme kadya gelap.
64. Lajeng tumameng ing loji  
Raden Arya Sindureja  
myang ponggawa sakancane  
Kumendor Selut Driyansa .  
Jepara langkung anyuba  
Raden Sindureja muwus  
Tuwan manira dinuta.
65. Dening gusti sri bopati  
prakawis Ki Martapura  
ing dina Soma pejahe  
nanging karsane sang nata  
nadyan silih pejahe  
wonten ing ngarsanireku  
manira benjang kang mbakta.
66. Yen sampun prapta ing loji  
pun Tumenggung martapura  
andika sendhal dhuhunge  
lawan dika densamakta  
manira nggifr prayatna  
manawi tiwas ing kewuh  
pun Martapura ngandikan.
67. Marmi sami ngati-ati  
sagung prajurit manira  
benjang yen prapta ing jero

rumaksaa pakanira  
kumendur langkung suka  
ya tarima kasi sungguh  
prasecane sri narendra.

68. Ki Sindureja lingnya ris  
Tuwan kilap pakanira  
arsa aso ing pondhoke  
ngasokaken wadya bala  
kumendur ngiring karsa  
angateraken ing pintu  
rahadyan wus masanggrahan.
69. Miwa sagung pra dipati  
sedaya wus masanggrahan.  
datan antara praptane  
suguhe Ki Martapura  
anggiJi anjodhangan  
ing raina tan winuwus  
hyang arka anitih cala.
70. Ing dalu ingkang winarni  
Ki Tumenggung Martapura  
ingandikan marang pondhok  
agunem lan Raden Patya  
miwa catur ponggawa  
Raden Sindureja asru  
ngandika mring Martapura.
71. He Martapura sireki  
denjaluk marang Welanda  
timbalan dalem maring ngong  
miwa mring catur ponggawa  
yen sira wani nglawan  
isun kinen milu ngamuk  
kalawan kanca manira.

72. Para Natakusumangling  
inggih Adhi Martapura  
ya besuk prapta ing jero  
yen pakanira cinandhak  
kabeh kanca manirá  
ora tega sareng ngamuk  
yen sira wani anglawan.
73. Bareng lebur bareng mati  
bopati kalawari sira  
Martapura sru wuwuse  
yen makaten kang timbalan  
inggi purun kawula  
wuwuha kumpeni sewu  
kaula datan suminggah.
74. Amusuh lawan si Kapir  
ing pundi nggen kapanggiha  
masanga baluwartine  
pan inggi purun kaula  
anedya sabilullah  
ya eman sariranisun  
mati bubukan kewala.
75. Anggur ngamuka kumpeni  
yen mati duk marga padhang,  
sarwi anampel wentise  
suka ponggawa kalima  
myarsa ing sanggupira  
Ki Martapura angamuk  
ing dalu datan winarna.
76. Ya ta kawuwusan enjing  
Raden Arya Sindureja  
milihi gegawanane  
wong satus padha jejaka  
kang sura matyeng laga

kang badhe binakta masup  
dening wadya ingkang kathah.

77. Badhe munggeng jawi loji  
Pangeran Natakusuma  
salawe pipilihane  
kang badhe sareng apejah  
Tumenggung Suranata  
ambakta samaktanipun  
kang badhe sareng palastra.
78. Ki Mangunoneng amilih  
wong pinethik kawandasa  
kang badhe sareng lebure  
Ki Binarong wus amilya  
antuk wong salawe prang  
kang badhe tumut angamuk  
mring loji pan sareng pejah.
79. Tumenggung Martapureki  
milihi wong kawandasa  
wadya Jepara nom-anom  
kang samya dinulang mangan  
kang badhe labuh pejah  
Raden Sindureja wau  
sampun angrasuk busana.
80. Dhuhung sakawan cinangking  
kalima cundrik punika  
kang minangka cocohane  
Pangeran Natakusuma  
nyangking dhuhung titiga  
Kyai Gupit aneng ngayun  
cinonthe munggeng undhakan.
81. Tumenggung Suranateki  
sakawan kang cinuriga

Ki Ebyuk sampun cinonthe  
Ki Mangunoneng nyuriga  
dhuhunge kang wasiyat  
Tumenggung Binarong sampun  
anyangking dhuhung wasiyat.

82. Pangran Natakusumangling  
he sanak-sanak manira  
poma ywa kongsi telangke  
padha ta bubu-bubuwan  
aja liyan kang kagoclak  
wus dadya pacanganipun  
kerisipun si Gupita.
83. Mesem sira Raden Patih  
pangeran nuhun kaula  
dening geng sihing marmane  
nanging ta badan kaula  
inggih mangsa kantuna  
sareng sampeyan angamuk  
sarenga sabaya pejah.
84. Ya ta kang para dipati  
sedaya atur prasetya  
prajangji bareng lebure  
wau ta sampun siyaga  
wadya kang pipilihan  
samya sikep pedhang tulup  
weneh tumbak cacabolan.
85. Umangkat Rahaden Patih  
kalayan catur ponggawa  
kang padha prayatnang gawe  
Ki Tumenggung Martapura  
mapan kinéng ngantuna  
mangkya Raden Patih rawuh  
ing loji dhandhang wurahan.

### **XIII. DHANDHANGGULA.**

1. Lampahira prpta ngarsa loji  
sira Arya Sindureja ika  
myang ponggawa sakancane  
kumendur sigra methuk  
saha wadya kumpeni baris  
ngormati rawuhira  
Den Sindurejeku  
wus atundhuk tata'oeyan  
pan sedaya ngaturan masup mring loji  
wus prpta samya lenggah.
2. Munggeng korsi wadya tamping wuri  
seseliran binakta sedaya  
langkung panguparenggane  
sira Tuwan Kumendur  
wus alarihaken briduwin  
kumendur alón mojar  
paran estunipun  
Raden karsa jengandika  
anauri Raden Sindureja aris  
mangko manira undhang.
3. Maksi rempag kadi wingi uni  
ya kumendur kalangkung sukanya  
pan wus andher kumpenine  
samya kendel ing kewuh  
dening ingkang munggeng ing korsi  
para upsir sedaya  
kumpeni nung-anung  
ambanjeng ayun-ayunan  
lan sagunge wau kang para dipati  
baktane ing ngajengan.
4. Raden Patih sigra anudingi  
aken nimbali mring Martapura

kang dinuta nembah lengser  
sigra ing lampahipun  
sampun prapta dalemireki  
Tumenggung Martapura  
api-api ngelu  
mukane pan sinemburan  
Martapura sasareyan denpeteki  
duka prapta angucap.

5. Ingandikan marang ing jro loji  
Martapura alon aturira  
iya kaya priye bae  
sun iki lagi ngelu  
mengko dhingin manawi man  
Ki Tumenggung-Martapura  
manahe kaduhung  
dening akeh sanggupira  
yen kenaat tinebasan ing mas picis  
wurunge bandayuda.
6. Duta tinulak prapta ing loji  
matur alon Kyai Martapura  
lagya angelu sakite  
Radyan Patih abendu  
jajanira ler wora-wari  
ngantara pasuryannya  
kang lathi kumedut  
tansa anggeget kang waja  
dyan kumendur myarsa raden sanget runtik  
ngrerepa wuwusira.
7. La punapa dhustha wong kumpeni  
pamanira umatur ring nata,  
miwa mring andika Raden  
mangko piyangkuhipun  
si Tumenggung Martapureki  
liwat dening manusia

ing satuhunipun  
kaya ora kaparentah  
ya cacaken Tuwan Raden animbali  
prandene matur dora.

8. Ingkang jamak sasat mring bupati  
kang tumedhak saking ing Jepara  
yen anggep kaula Raden  
dhateng Tuwan puniku  
tan kakali lawan narpati  
anedhaki kaula  
ambanjiri madu  
ngereh ing segara kilang  
aprasasat kaula manggih ratnadi  
saukir Danaraja.
9. Yen makaten pinanggil lan marni  
sengadiya kumpeni nambut gatya  
suka mring Martapurane  
kasukana anutug  
mesem Raden Sindurejeki  
ngandika marang ponggawa  
kekalah pan sampun  
wau prapta angandika  
samya wau ponggawi kakalah malih  
he Kakang Suranata
10. lawan Kakang Binarong den gelis  
tuwanana adhi Martapura  
kaya paran ing ature  
yen si badane iku  
masi ngaku sipat bupati  
iya gawanen den enggal  
yen si sipatipun  
yen kabupaten denrujad  
angolihi wijiling wong bendareki  
langka kang nguntapena.

11. Acangkingen endhase den gelis  
dyan umangkat Kyai Suranata  
lan binarong sawadyane  
datan kawarnang ngenun  
praptang wesma Martapureki  
Tumenggung Suranata  
asru dennyia muwus  
he Ki Bagus Martapura  
atampaa timbalane Raden Patih  
sira liwat menuusa.
12. Mapan maksih angaku sireki  
ya ūnama Tumenggung Martapura  
asipat kabupatene  
yen si mangkono iku  
isun kinen nggawa tumuli  
yen sira eling bandrakan  
wijiling wong buruh  
eocotmu asuleweran  
mapan isun kinen anggawa tumuli  
marang mastakanira.
13. Lah den enggal sira pilih endi  
Martapura sumaur agarap  
he kakang ora-orane  
isun maksyi tumenggung  
ora sedya cidra ing jangji  
nanging ta mau kakang  
isun lagi ngelu  
mengko kakang uwis waras  
entekena rerepa kang ati dhingin  
lan kakang sabarena.
14. Ki Tumenggung Suranata mbekis  
dhuh mbok aja kakehan tan ujar  
asaru denrungu bae  
sun arani wong buruh

sira iku dadi prayayi  
atimu kelab-kelab  
sanggupmu kumruwuk  
saksana sareng umangkat  
Martapura sareng ponggawa kakalih  
myang wadya pipilihan.

15. Tan adangu lampahira prapti  
Ki Tumenggung Suranata agya  
Binarong Martapurane  
katiga sareng mangsup  
wus tabeyan munggeng ing kursi  
Pangran Natakusuma  
asru dennya muwus  
baya adhi Martapura  
lagi ewuh abuburuh mikul pitik  
wus suwe ora prapta.
16. Wonten litnan andelireng westhi  
wus winangsit kinen anglariyan  
marang Ki Martapurane  
dyan linarihan gupuh  
Martapura nggennya nampeni  
gumeter astanira  
litnan minger sampun  
ingkang kiwa nyekel talam  
asta kanan anyandhak kerisireki  
Tumenggung Martapura.
17. Kena siji kaselek nginggati  
samya ngadeg sagunging ponggawa  
myang kumpeni ngadeg kabeh  
Martapura lumayu  
tebah jaja Raden Narpati  
Pangran Natakusuma  
ngusap jajanipun  
Ki Tumenggung Suranata

Mangunoneng Binarong kinen nututi  
Martapura kacandhak.

18. Kapegatan dening wadya njawi  
Martapura sampun sinudukan  
ajur mumur kuwandane  
Suranata sru muwus  
sosoweken mpakena anjing  
sigra para wadya Demak  
anyenyempal sampun  
ing jisime Martapura  
Suranata waii kinen anjarahi  
ing wesma Martapura.
19. Nak rabine sampun denboyongi  
rajabrana jinarah sedaya  
tinanggenah ing wadyane  
Ki Suranata wangsl  
sakancane maring ing loji  
kumendur kang winarna  
langkung sukanipun  
muwus mring Den Sindureja  
latah latah kumendur pan sarya angling  
Raden manah kaula.
20. Martapura ambandakalani  
boten ndimpe yen jalma arucah  
atebi lan piyangkuhe  
Tuwan Raden puniku  
ngati-atи mbakta prajurit  
ngandika Raden Patya  
sarwi sru gUmuyu  
ing nyana kaula bangga  
kala dhingin duk maksih jumeneng mantri  
wonten ing Kartasura.
21. Jiwaraga pan anglalanangi  
ya kumendur sarya latah-latah

yen makaten Tuwan Raden  
gila salaminipun  
pan kasaru wau kang prapti  
Tumenggung Suranata  
lan sakancanipun  
katur marang Sindureja  
yen isine wesma wau denjarahi  
sedaya binoyongan.

22. Kaatura kang surat kakitir  
dunya ingkang maksih neng mandhapa  
miwah saanak rabine  
rinaksa wadya agung  
para demang Grobogan Pathi  
ya Raden Sindureja  
mojar mring kumendur  
saudara jengandika  
pan menawi wonten kang Tuwan karsani  
tilare Martapura.
23. Ya kang warni barana myang bani  
sira kumendur mrempak amojar  
kang boten boten Radene  
mapan kagungan ratu  
yen kaula nuhuna ajrih  
kumpeni pan kalintang  
trima kasih sungguh  
dhateng gusti sri narendra  
pan kaula boten saged amangsuli  
sagunging kabaekan.
- 24 Raden Adipati ngandika ris  
ndhawuhaken andikaning nata  
he saudara malihe  
timbalane sang prabu  
aprakawis si Surapati  
mangkyu neng Pasuruwan

ngadeg barisipun  
ambakta Mancanegara  
sii narendra amundhut bantu kumpeni  
amukul Surapatya.

25. Ingkang badhe tinuduh ing kardi  
kang minangka senapati yuda  
Adipati Mandurane  
lan ing Surabayeku  
kang angirid wadya Pasisir  
wulan ngajeng punika  
benjang angkatipun  
yen wus dadya karempagan  
pakanira benjang kinen anunulis  
pasthine kang ubaya.
26. Ya kumendur Ion denna nauri  
yen makaten Raden aturana  
uninga ing Betawine  
tur wikan mring gurnadur  
yen karsane sri narapati  
mundhut baia Welanda  
kinarya amukul  
marang nagri Pasuruwan  
Radyan Sindureja wau anjurungi  
wus bubar masanggrahan.
27. Dyan winarna polahira nguni  
sira Raden Sindureja ika  
lan ponggawa sawarnine  
neng Jepara nem dalu  
duk samana sampun apamit  
bubar mring Kartasura  
saha wadyanipun  
si kumendur aturira  
mring sang narpa sagunging kang peni-peni  
kabakta ing rahadyan.

28. Tan winarna lampahirang margi  
sira wau Raden Sindureja  
myang ponggawa sakancane  
praptang Kartasura suk  
pan v/is katur mring sri bupati  
kalima ingandikan  
lumebeng kadhatun  
sapraptanira ngajengan  
tur pranata pan wau Radyan Narpati  
lawan catur ponggawa.
29. Katur sedaya marang narpati  
lampahira duk aneng Jepara  
kaatur ing sapolahe  
gumujeng sarwi ngungun  
angandika sang nerpa adi  
mring Raden Sindureja  
sanak putunipun  
Martapura binratana  
apan isun tan sotah angaku dasih  
bebete Jiwaraga.
30. Ya ta Radyan Patih awotsari  
angagungaken bicaranira  
myang kumendur ing ature  
wus katur sang nerpa gung  
Raden Patya tur sembah mijil  
saking sajroning kitha  
myang ponggawa catur  
gantya wau kawuwusan  
Panembahan Kajoran kang aneng ukir  
Kidul mangkya abangga.
31. Duk bedhahe Kadiri karihin  
pisahira lan si Trunajaya  
panembahan pamiline  
wong Bangwetan kang tumut

padhusunan Mancanegari  
mangke dhateng Kajoran  
lami lami wau  
kapisra saking negara  
yen angadeg dadamel wonten watawis  
sedyu angrebut pura.

32. Maksih wonten ngadeg ing Matawis  
panembahan ginitik ayuda  
samana duk sakawone  
ngungsi mring Ukir Kidul  
tapanira neng jalanidhi  
sakanca rerehannya  
neng guwa manekung  
sawusira lama lama  
panembahan saksana angadeg baris  
kukuwu neng Malambang.
33. Wong Gunung Kidul angait-ait  
pan wis suyud marang panembahan  
sampun dadi ing barise  
neng Malambang kukuwu  
cucuking prang sampun ngudhuni  
abaris neng Kaleyau  
samyu ngirup-irup  
kanan keri ing Kaleyau  
pan sedaya kang bangga dipungeceki  
suyud sakeng wong desa.
34. Sampun katur ing sang narpa aglis  
langkung duka kinen amukula  
ingkang tinuduh ing gawe  
Dipati Surengkewuh  
Ki Tumenggung Jengrana nenggih  
bubar saking negara  
sawadyane umyung  
gumrah wadya Surabaya

tigang ewu samya prajurit sinakti  
datan kawarneng marga.

35. Ing Karangasem Kaleyan prapti  
duk semana acampuh kang yuda  
wong Gunung Kidul tandange  
binendrong bedhil umyung  
denbyok tulup kalawan lembing  
datan wonten kang tahan  
akathah kang lampus  
gusis mawur asasaran  
sakarine kang pejah malayu ngukir  
ngungsi mring panembahan.
36. Yen wus katon cucuking ngajurit  
wau dening Pangran Surapringga  
wong ardi pan akeh longe  
panembahan winuwus  
duk semana lagya siniwi  
dening kang para lurah  
ya ing Gunung kidul  
atarap munggeng ngayunan  
panembahan semana apasanggiri  
patigya ing ngayuda.
37. Panembahan angandika aris  
anak putu sira kumpulena  
sun karya pasanggirine  
asor lan unggulipun  
nulya kinen nyumbeleh aglis  
kinen amanggang pisan  
wus mateng pinundhut  
pinecel ingempal pisan  
munggeng panjang panembahan ngandika ris  
yen satwa bisa gesang.
38. pasthi ana unggule kang jurit

gya ginetak satwa munggeng panjang  
pecel mugya urip mangke  
sata miber kuluruk  
panembahan ngandika malih  
iya iku tandhanya  
menang yudanisun  
kabe anak putuningwang  
yen ayuda anempuha aja wingwrin  
myat lungiding walastra.

39. Dening sira yen prapta ing jurit  
isun getak pan mangkana uga  
matya bisa urip mangke  
musu kalamun lampüs  
pasthi iku matya sayakti  
aja na walangdriya  
kabe wadyanisun  
aja maras ing atinya  
•upamane kenang tumbak tatú mimis  
tolihen nuli waras.
40. Prawiranya sami sukang galih  
lan maninge mbesuk yen ayuda  
pacalathokena mangkene  
payu pepethuk larut  
dening mungsuhira awingwrin  
andulu marang sira  
kabe ndhas sapuluh  
musu kawon kapelajar  
iya payu sedheng umagut ajurit  
wadya sedaya nembah.
41. Wonten ingkang kinarya tetindhiih  
akekasih Ki Rangga Dhadhapan  
sinembur mbun-embunane  
sinuwuk Rangga sampun  
ya pun Molang wastaneng waji

kinen sarwi wuwuda  
nengluhur kudeku  
sawusnya Ki Rangga bubar  
sing Malambang syaranya amemelingi  
gumuru surak-surak.

42. Tan winarna ing margi wus prapti  
dhateng Ukir Bumipasaran  
wuwusen wau barise  
Dipati Surengkewuh  
myang sabalanira wus prapti  
wadya ing Surabaya  
sadaya amethuk  
pan sampun ayun-ayunan  
ri saksana katempuh sampun ajurit  
wong Kidul ngamuk rampak.
43. Rangga Dhadapan ingkang nindhihi  
nunggang kuda pan sarwi wuwuda  
wong Gunung Kidul surake  
payu pepethut larut  
wadya Surawesthi mbedhili  
nanging tan ana munya  
kekes manahipun  
sira Ki Rangga Dhadapan  
marang ngarsa susumbar lir Durga ngerik  
mawur wong Surabaya.
44. Parjuritnya nir kasuraneki  
wadya Gunung kadya sihgalodra  
galak mulat ing mangsane  
akatha ingkang lampus  
wadya Surapringga ingungsi  
mangilen lorodira  
amogok ing Wanglu  
ingusir mali lumalya

ya ta wusnya ing Camper atata baris  
wadya ing Surapringga.

45. Nata baris ngundhangi wong cilik  
Paran Wangga ingkang ta kinarya  
wong desa gugunungane  
lawan wonten babantu  
saking Kartasura kang prapti  
sewu wadya Mandura  
pan sampun akumpul  
wong Gunung Kidul semana  
aneng Wanglu nggenira amapag jurit  
nungkul ingkang kedekan.
46. Ki Tumenggung Jenggrana winarni  
pan akarsa amapag ayuda  
wus samiya prajurite  
bubar kang wadya umyung  
baris Wanglu arsa ginitik  
tan winarna ing marga  
ing Wanglu wus rawuh  
saksana campuh kang yuda  
ramening prang ing dhadha wong Surawesthi  
kanan keri arañan.
47. Lawan wadya sampang apan ngisis  
senjatanya tan munya sedaya  
wong Kidul pengkuh yudane  
samya lok pethut larut  
samya ngamuk kukusing bedhil  
wong Surabaya samya  
kawur mapan ambyuk  
miwa kang wadya Mandura  
wus anglangkung ana kang ngilebi kori  
wadyeng Gunung keh pejah.
48. Wus kalindhih lumayu angisis

sira Rangga Dhadapan tan kena  
neng saluhuring kudane  
ngithar mapan anglarud  
sakarine ingkang alalis  
ya wadya kathah samya  
pan kathah kang lampus  
wadya kathah kapalajar  
wadya Gunung rempag samya ngungsi malih  
angembul neng Malambang.

49. Sira Rangga Dhadapan wus prapti  
ing ngarsane Panembahan Rama  
gupu nungkemi padane  
katur sapolahipun  
panembahan asru dennyangling  
he kabe wadyaningwang  
aywang sudeng kalbu  
maksi ake gunaningwang  
angumpula mengko isun pasanggiri  
asor ungguling yuda.
50. Padha sira jangjiya pribadi  
mengko marang pasanggiriningwang  
panembahan mundhut kabeh  
lele sajodho sampun  
wadya sami kinen njangjeni  
mangkana pamuwusnya  
alele sireku  
lamon gusti tulus lanang  
sira padha bisa amenek karambil  
dumugi maring papah.
51. Punang lele suu ginetak aghs  
mring panembahan lele malesat  
menek wit kelapa ngrangkel  
sapraptanirang luhur  
panembahan ngandika malih

la payu tilikana  
kang ingatag gupuh  
tur sembah menek wit klapa  
prapteng papah lele sajodho kapanggih  
anguntel aneng papah.

52. Kang amenek mudhun prapteng siti  
katur yen lele muntel neng tapas  
enggal kabe ponggawane  
ganti ingkang winuwus  
Ki Tumenggung Jengrana prapti  
kang ngelud sabalanya  
 gegaman lir mendhung  
wong Gunung geger sedaya  
kanan keri malambang kang denbarisi  
warnanen panembahan.
53. Tetep aneng Malambang bibiting  
tiyang Ukir ngungsi mring Malambang  
muwer sajroning bitinge  
panembahan winuwus  
apan lagya siniweng siswi  
sira Rangga Dhadapan  
sigra nembah matur  
gusti musuh kang prapta  
kang angepung baris ing eler puniki  
pun Tumenggung Jengrana.
54. Kang tinuduh ngetan am barisi  
dening Jengrana wadya Mandura  
catur mantri titindhihe  
lan wadya Surengkewuh  
tigang atus ingkang anunggil  
kilen tiyang arahan  
titindhihing laku  
inggih wadya Surapringga  
mapan lawan rakanta Ngawangga nenggih  
jejeneng munggeng wuntat.

#### **XIV. PANGKUR**

1. Panembahan sru ngandika  
he Dhadapan sira maguta jurit  
enya iki pecutisun  
agemen ing ngayuda  
arepena ing musuh nggonira mecut  
pasthi musuhira mulat  
kekes mulyang sira iki.
2. Pan isun mangsa tegaa  
ing ngayuda isun arsa udani  
mbok ana wong ingkang lampus  
isun nuli anggentak  
pasthi mulya urip maning wadyanisun  
kang wadya padha tur sembah  
kawanatus winatawis.
3. Panembahan nulya tedhak  
wadyanira ngumpul dados satunggil  
ingiweran sakukutug  
menyan sarya andonga  
sira Rangga Dhadapan wus tampi pecut  
panembahan angandika  
lor iki tempuhen dhingin.
4. Saksana kang wadya bubar  
sira Rangga Dhadapan kang nindhihi  
pan sarwi amundhi pecut  
munggeng wurining bala  
Ki Tumenggung Jengrana sigra tinempuh  
agumer tandanging bala  
ya ta wadya Surengwesthi.
5. Umiyat kang musu medal  
saking biting sadhiya ing ngajurit  
Ki Tumenggung Jengraneku

sampun ngrasuk busana  
atengara syaraning wadya gumuruh  
kerab wadya Surabaya  
wus ayun-ayunan jurit.

6. Wadya Gunung ngamuk rampak  
Ki Dhadapan amecut saking wuri  
wadya Surapririgga kaduk  
rame tempuhing yuda  
wadya Arga samya alok pethut larut  
kekes wadya Surapringga  
senjata tan ana muni.
7. Wau Panembahan Rama  
pan amomor munggeng wurining baris  
rare kekali tut pungkur  
arsa kukutug menyan  
prapta angin silir-silir awor lisus  
ing ngayuda alimengan  
kekes wadya Surawesthi.
8. Wadya Mandura miyarsa  
wus siyaga saking kiwa ngebyuki  
nanging samya kekesipun  
luwih awadya urahan  
saking kilen sareng nggenira anempuh  
gumer syaraning payudan  
prapta udan awor angin.
9. Kang wadya pra samya rumab  
Ki Dhadapan anempuh nganan ngeri  
wong Surabaya keh lampus  
miwa wadya Mandura  
wong arahan samana pan wis kaburu  
wadya Ngarga tandangira  
lir andaka tawan kanin.
10. Kasaput dalu samana

kang ayuda pra samya mundur kalih  
amakuwon kalih sampun  
ing dalu tan winarna  
Panembahan Rama siniwi wadya gung  
munggeng ngarsa ingkang kanan  
Ki Dhadapan aneng ngarsi.

11. Panembahan angandika  
he Dhadapan benjang yen sira jurit  
kaya ora bisa nempuh  
marang sariranira  
tuwin marang wadyaningong kabe iku  
kaya uwis gelarira  
gelarisun benjing enjing.
12. Alang-alang sungetaka  
pasthi dadi jala milu ajurit  
kabe kadulu ing musuh  
musuh giris umiyat  
ingkang wadya sedaya mapan wotsantun  
nengena ganti kocapa  
Ki Tumenggung Surawesthi.
13. Sadalu apaguneman  
kang nayaka sedaya munggeng ngarsi  
miyah para mantrinipun  
para mantri Mandura  
myang Arahan Paran Awangga wus rawuh  
Kukunang lawan Pacalan  
Tembayat kang dereng prapti
14. Sira Tumenggung Jengrana  
asru ngucap he sanak-sanak marni  
paran iki wekasipun  
yen awet mangkenea  
kaya ora sampurna ing sangang esuk  
ana dening karepingwang  
isun ngawaki pribadi.

15. Ayya ngangge pangawasa  
sarupane nunggal kelawan marni  
Paran Awangga ta iku  
Pacalan lan Kukunang  
ing Tembayat anaa ing wurinisun  
sampuh kedeh tumut aprang  
isun dhewe kang ngembari.
16. Umatur Pangeran Wangga  
pan pun adhi Tembayat dereng prapti  
pun adhi mindel puniku  
kedeh ngawaki yuda  
sawarnine inggih sanak-sanakipun  
binaktakaken kaula  
nanging maksi kula iring.
17. Kados ta ing dinten benjang  
dhatengipun boten inggih pun adhi  
Tumenggung Jengrana muwus  
nadyan boten dhatenga  
pan sepala ingatos-antos puniku  
parandene wus akathah  
sentanane kang wus prapti.
18. Pan kaula benjang enjang  
arsa magut ngayuda ngrubuh biting  
wong Gunung endhasa sewu  
mangsa isun gingsira  
mung andika denpened muji ing pungkur  
den kathah susuhun dika  
ing kekese wadya marni.
19. Yen ta maksi katingalan  
nadyan sili mati bisa aurip  
sok sampuna bisa mabur  
datan kena tinumbak  
yen ta maksi neng dharat wuwuha sewu

amangsa isun ulapa  
yen ta maksi tarung keris.

20. La yen wong ing Surabaya  
para mantri miwa pra kadang marni  
ing ngayuda mbesuk esuk  
ayya adoh lan ingwang  
milihana wong kang becik-becik itu  
kapanggih sareng antaka  
lan wong isun Talangpati.
21. Ing dalu datan winarna  
enjangira siyaga ing ngajurit  
miwah ing Arga pan sampun  
sedhiya magut yuda  
medal saking jroning biting wadya umyung  
tutunggul Rangga Dhadapan  
senapati ing ngajurit.
22. Panembahan munggeng wuntat  
pan amomor lan panakawan alit  
Tumenggung Jengrana muwus  
bubar saking pondhokan  
saha baia syaranira pan gumuruh  
pan sampun ayun-ayunan  
pareng nempuh ing ngajurit.
23. Sira Tumenggung Jengrana  
munggeng ngarsa dharat ngawakijurit  
Pangeran Wangga neng pungkur  
Kukunang lan Pacalan  
samya ndonga syarane apan gumuruh  
sira Tumenggung Jengrana  
ngabani wadya sinelir.
24. Wadya Surabaya mangsah  
myang Mandura samya ngamuk mangukih  
wong Arga nadhahi pengkuh

sira Rangga Dhadapan  
munggeng ngarsa ngiwa nengen ngamukipun  
ararne denira yuda  
sira kekes ing ngajurit.

25. Wadya Arga tandangira  
tan awingwrin myat warastra alungid  
lir singalodra dinulu  
gurune munggeng wuntat  
Panembahan Rama sarwi akukutug  
nienyan pan wus karsaning Yang  
pangabaran datan dadi.
26. Senjata muni sedaya  
wadya Surapringga binondrong bedhil  
ingudanan lembing busur  
wadya Gunung kek pejah  
maksi tengah wadya Mandura gumulung  
pira kadere wong Arga  
•kurugana ing pepati.
27. Panembahan ndulyang wadya  
anggalasa kadya babadan pacing  
ginetak-getak tan bangun  
ambedhol alang-alang  
gya sinebar tan wonten kadadosipun  
apan maksi alang-alang  
Ki Dhadapan angemasi.
28. Denebyok ganjur myang watang  
Ki Dhadapan kuwandanya awor siti  
panembahan mulat sampun  
lumalya pabitingan  
amung kantun wadya ingkang atut pungkur  
sampun tangkep pintunira  
Ki Panembahan gya nepi.
29. Kang kori wus tinagahan

awurahan wadya kang neng jro biting  
wadya Surabaya anglud  
bitinge wus kinepang  
binedhilan wadya jro gegergumuruh  
wadya tumpes ting jalempah  
somahnya sedaya nunggil.

30. Ironing benteng tangis umyang  
panembahan wau sira winarni  
amegeng napas amesu  
anikep pancadriya  
tan antara pangraose kang andulu  
panembahan sajajaka  
anulya kadulu mali.
31. Sarare piraosira  
antarane wau sira sabayi  
nulya musna tan kadulu  
sagung ingkang angepang  
wong ing Surabaya pan sami tumanduk  
apan sampun kinakahan  
jaga benteng denunggahi.
32. Jro biting akapuyengan  
tutumpesan wong lanang ingkang kari  
myang rare cilik tan kantun  
yen lanang pinejahan  
wong wadone sedaya wus kinen kumpul  
binoyong binakta medal  
pakuwonnya wus binasmu.
33. Wus wradin pakuwonira  
sinengkalan pan duk bedhahing ukir  
wus sima rasane iku  
wau ta kawarnaa  
Ki Tumenggung Jengrana pan arsa kondur  
sagunging kang boboyongan  
wus kinen makta rumihin.

34. Tumenggung Jengrana bubar  
saking Arga kang kinen angenceni  
Pangeran Awangga iku  
Pacalan lan Kukunang  
mbokmenawa saundure baris agung  
dening panembahan musna  
manawa angadeg malih.
35. Ing ngenu datan kawarna  
lampahira tumenggung sampun prapti  
nagari Kartasuresuk  
wus katur mring narendra  
sapolahe duk ing Arga sang aprabu  
miyarsa tusthi ing driya  
boyongan binaktang puri.
36. sira Tumenggung Jengrana  
wus ginanjar arta myang busana di  
ya ta wau sang aprabu  
kang rayi tinimbalan  
sigra Paran Adipati Puger rawuh  
ing ngabyantara sang nata  
angandika sri bupati.
37. Yayi paran karsanira  
aprakara lakune si dipati  
wus jangji lan si kumendur  
prakareng Pasuruwan  
lamon isun mundhut bala Welandeku  
amukul ing Pasuruwan  
lan pracayakena malih.
38. Kang suntuduh ing ngayuda  
ponggawengsun Mandura Surawesthi  
ngirid Pasisir sadarum  
kang rayi atur sembah  
yen suwawi ing karsa panduka prabu

- anunten linampahana  
nenggih pun dipati kalih.
39. Sanadyan sili panggiya  
inggih lawan kumpeni ta ing benjing  
wonten ing paran pukulun  
sedaya umangkata  
pun kumpeni pasthimiyos saking laut  
sri narendra angandika  
iku karsanisun adhi.
  40. Masi karsa dhingin uga  
pan wong roro iku isun karya sandi  
duk Jepara dereng ketung  
alane kang sunkarya  
Jiwaraga yayi wijiling wong buruh  
karya lingsem ing negara  
nistha kinarya bopati.
  41. Yayi nisthaning narendra  
yen akarya bopati ajrih mati  
wateking wong ajrih lampus  
wani anggawe citra  
durung prapta ing tekad ngawulang ratu  
eman jenenging manusa  
tan kena miliyeng pati.
  42. Wetarengsun yayi samya  
kya wus gedhe kundhang si Surapati  
pantes angentasi kewuh  
yan tatan kawanguran  
ingkang rayi Pangran Puger awotsantun  
inggih isinten kang puruna  
sawab dening sii narpati.
  43. Yen suwawi tinimbalan  
pun Dipati Sampang lan Surawesthi  
kinen siyaga ing pupuh

sang nata wus anduta  
animbali mring Patih Sindurejeku  
lan Adipati ing Sampang  
katiga Ki Surawesthi.

44. Ponggawa katri wus prapta  
ing ngayunanira sri narapati  
sri narendra ngandika sru  
he yayi ing Mandura  
he tanapi ing Surabaya sunutus  
angrabaseng Pasuruwan  
ngirida wadya Pasisir.
45. Lan wadya sun Kartasura  
sapratelon miwah ta ing sireki  
ponggawa kaliwon santun  
pan sami jinarwanan  
poma kalih denbisa anamur laku  
nggenira amumusuhan  
kalawan si Surapati.
46. Aywa ge sira ayuda  
yen ta durung prapta kang wadya kumpeni  
teka sira baris tugur  
aneng ing Pasuruwan  
ngandika sang nata mring Sindureja rum  
ken Sindureja Jepara  
isun paringakèn malih.
47. Marang si Secanegara  
Raden Sindureja matur awotsari  
nulya ulihena gupuh  
nggawaa suratingwang  
dhawuhena iya marang si kumendur  
yen punggawi ngong wus budhal  
kang lumaksaneng ngajurit.
48. Yen wus prapta ing Jepara

siyagaa si Secanegareki  
anulya nusuli laku  
marang ing Pasuruwan  
sampun prapta pitungkas apan wotsantun  
Raden Arya Sindureja  
wus medal saking jro puri.

49. Paran Puger apan sigra  
nulya medal saking dalemireki  
Ponggawa kalih pan sampun  
mangaras ing suku sang  
Adipati ing Mandura Surengkewuh  
sapraptaneng dalemira  
angundhangi kang prajurit.
50. Sami siyageng ngayuda  
kawarnaa wau Rahaden Patih  
sampun animbali gupuh  
marang Secanegara  
dhinawuhan timbalan saking sang prabu  
yen nagari ing Jepara  
pinatedhakena malih.
51. Anuhun Secanegara  
arsa kinen umangkata tumuli  
mring negari Jepareku  
sarya ambakta surat  
serat dalem kang dhawuh dhateng kumendur  
Tumenggung Secanegara  
gya mesat saking negari.
52. Tan Winarna polahira  
kawuwusa Dipati Manudureki  
lawan ing Surapringgeku  
sawusnya asiyaga  
bubar saking Kartasura pan gumuru  
miwha wadya Kartasura  
sapratiga kang umiring.

53. Pinilih lampah atata  
ingkang miyos wau saking Pasisir  
dening ingkang ngirid laku  
tenaya ing Mandura  
Raden Demang Cakrakusuma ranipun  
kang medal Mancanegara  
sira sang Dipati kalih.
54. Ganti ingkang kawuwusan  
Ki Tumenggung Secanegara prapti  
ing Jepara wus kapangguh  
lawan kumendur agya  
serat dalem pinatedhakaken sampun  
kumendur atampi surat  
sigra dennya numpriksani.
55. Wikan bubukaning surat  
langkung suka kumendur gya ngundhangi  
mring sagung rempaninipun  
siyaga ing ngayuda  
wus angambang munggeng ing pacalangipun  
miyos koci lawan wangkang  
ingkang maksih angentosi.
56. Duta ingkang dereng prapta  
minta tulung maring nagri Betawi  
wadya Rembag mangkatipun  
Kyai Secanegara  
sigra budhal sedaya sedaya samya prang cucuk  
Tumenggung Secanegara  
prajurite wus kinanthi.

## XV. KINANTHI.

1. Ing Kartasura winuwus  
jejek wismaning negari  
sagunging para dipatya  
padaleman denbeciki  
ing Wetan malih winarna  
sira Raden Surapati.
2. Wonten wong desa lumayu  
angungsi mring Surapati  
saking nagri Balangongan  
nenggi wastaning prayayi  
wasta Dalem Jayaningrat  
wong Balangongan nututi.
3. Wetara dadamel sewu  
Macanpura kang nindhihi  
angancik Ujung Talangwa  
ing Pasuruwan negari  
Surapatya wus miyarsa  
yen macanpura nututi.
4. Ambakta gagaman sewu  
Jayaningrat dentututi  
ya ta Raden Surapatya  
samana amagut jurit  
wus siyaga ing ngayuda  
wong Pasuruwan ti-ati.
5. Budhal syarane gumuru  
wong pasuruwan nrang westhi  
sedaya ginulang-gulang  
ing yuda angamuk bengi  
kang dadya panganjuring prang  
wau kang papatih kalih.
6. Aran Ki Ngabei Kidul

Ngabei Lor kang satunggil  
gancangcing carita prapta  
ing Pacaneyean abaris  
wus ayun-ayunan yuda  
wong Balangbangan metoni.

7. Bendhe tinabuh angungkung  
Macanpura kang nindhihi  
Raden Kambang namanira  
wong anulup denlurahi  
panganjure Macanpura  
Rahaden Kambang prajurit.
8. Wong Pasuruwan winuwus  
andulu mungsuhireki  
lir danawa rebut mangsa  
langkung berag ing ngajurit  
kang wadya sareng umangsa  
Surapati kang nindhihi.
9. Wong Balangbangan amagut  
areme campuh kang jurit  
sira ta wong Pasuruwan  
lir andaka tawan kanin  
agempang wong Balangbangan  
kang katrajang akeh mati.
10. Macanpura langkung bendu  
rusake wadyanireki  
sigra anitih turangga  
arsa ngawaki ing jurit  
wongira kang seseliran  
anggarebeg kanan keri.
11. Campuh ngandilaga kidul  
wong Balangbangan angukih  
pengkuh wadya Pasuruwan  
ingudanan paser lembing

tan ana gumingsir ing prang  
wus aruket kang prajurit.

12. Wadya Balangongan gempur  
tan ana kang mangga pulih  
Macanpura kaesisan  
kinandhang-kandhang ing jurit  
rinempak tur pinrawasa  
Macanpura angemasi.
13. Geger sakarine mawur  
lumayu maledug ngisis  
akathah ingkang kacandhak  
saweneh nusup wanadri  
ya ta Raden Surapatya  
wus kondur marang negari.
14. Asukan-sukan kelangkung  
denya tas menang ngajurit  
wus prapta ing Pasedhahan  
sira Raden Surapti  
gantya ingkang ta winarna  
pan nagri ing Kartawani.
15. Wonten wong sedya ing ratu  
ing Tembayat trahing wali  
Raden Mindel namanira  
tan arsa seba narpati  
apaksa nanggulang yuda  
kasmaran dadi narpati.

## XVI. ASMARADANA.

1. Yen wus kinen anglurugi  
denira sri naranata  
ingkang tinuduh ing gawe  
Radyan Arya Sindureja  
bubar saking negara  
syaraning bala gumuruh  
gegaman awarna-warna.
2. Tigang ewu winatawis  
prajurit kang sura sura  
busana pating pancorong  
sadaya sami pinutra  
sagunging wadyanira  
surera-surem kadya sidhum  
marapag mareng ujyala.
3. Asurem busana adi  
ingkang lumampah ing ngarsa  
Saragni kopya ta renggos  
gangsal atus winatara  
Wuri Wong Numbakbinang  
waos cemeng kalih atus  
abaju sangkelat jingga.
4. Pra samya akaweng putih  
kasundhul wong Numbakpethak  
satus samya anom-anom  
samya abaju sikepan  
sara sari sedaya  
banguntulak udhengipun  
sami rare pipiliyan.
5. celana sengkelat abrit  
panji-panji rinenda mas  
sedaya bebenting cindhe  
sedaya sami nyuriga

pendhok mas lan suwasa  
landheyan emas Parasu  
tarapang lulurahira.

6. Anyuriga pedhang sami  
karaluke munggeng angga  
slaka rupa poponthange  
kowas mas tulis sedaya  
pestol salawe samya  
kakalung karengganipun  
cineplok tatali renda.
7. Pra samya turangga putih  
rahabe cemeng sedaya  
rahab dhapure cucupon  
arañe wong Tanparaga  
pamungkas Sindurejan  
sakawan lulurahipun  
bandera papare mudha.
8. Ing wurine Numbakputih  
asundhul wong Upacara  
kendhaga kelawan lante  
miwah ingkang payung bawat  
waos pules neng ngarsa  
Raden Sindureja pungkur  
ginarebeg wadyanira.
9. Kalawan wong Magersari  
kawandasa waos pethak  
kangmbakta kulambi ijo  
kataweng kuning sedaya  
wuri para dipatya  
sekawan wau kang tumut  
sigegen ingkang lumampah.
10. Warnanen wadya kumpeni  
ingkang arsa andón yuda

Dyan Sindureja lampahe  
pan sampun praptang Tembayat  
ayun-ayunan yuda  
Pangeran Mindel amethuk  
arame kang punang yuda.

11. Wong Sindurejan mangungkikh  
sareng denny ngamuk rampak  
Tanparaga anom anom  
binendrongan ing senjata  
wong Tembayat tan tahan  
tinawuran lembirig busur  
wong Tembayat karepotan.
12. Bodhol barise angisis  
wong Tembayat akeh pejah  
sakarine sami lengser  
tan ana mangga puliya  
mawur palayunira  
wong Tanparaga angelud  
Pangeran Mindel kacandhak.
13. Linawe wus densedani  
katru Radyan Sindureja  
apan sarwi ambeboyong  
tan winarna lampahira  
prapta ing Kartasura  
polahira aprang cucuk  
wus katur marang sang nerpa;
14. Asuka sri narapati  
dening Raden Mindel pejah  
gantya ingkang winiraos  
wonten kaponakanira  
Raden Mindel punika  
angait wong Gunung Kidul  
dadya ambalik sedaya.
15. Gagamanira andadi

katur marang sri narendra  
Gunung Kidul pambalike  
ingkang tinuding ing lampah  
Dipati Surapringga  
wus bubar sabalanipun  
Jengrana saking negara.

16. Gumeran lampahing garis  
muntab wadya Surabaya  
asri tinon gegamane  
ing ngenun datan winarna  
Gunung Kidul wus prapta  
ya ta ing wong Gunung Kidul  
pra samya amapag yuda.
17. Nanging datan angenani  
nadhaih wong Surabaya  
ing ngayuda kari tate  
lan kari gegamanira  
karoban sakalirnya  
tinarajang pan maledug  
kang kacandhak akeh pejah.
18. Wong wadone denboyongi  
ingkang lanang pinejahan  
marang wong Surapringgane  
ya ta dipati Jengrana  
kondur mring Kartasura  
syaraning bala gumuruh  
sarya ngiringken boyongan.
19. Datan kawarna ing margi  
wus prapta ing Kartasura  
boyongan katur sang katong  
linebetaken jro pura  
sang nata langkung suka  
ya ta kawuwusa wau  
Mas Rangga Yudanegara.

20. Prapta negara Semawis  
utusan marang Jakarta  
amundhi nawala katong  
ing ngenun datan winarna  
agya ingkang carita  
wus jamak tinemu catur  
yen adoh ginawe parak.
21. Utusan praptang Betawi  
surat katur mring si jendral  
gurnadur jendral sirage  
para rempani sedaya  
pan sampun ingundhangan  
kang lamat binuka sampun  
ingkang jro wus tinupiksa.
22. Ngungun saguning kumpeni  
dadya hem kang idler rolas  
nanging kang dadya ecane  
dening pura ingobongan  
iku kang muni layang  
lawan mali sang aprabu  
angajak ngungsir samangsa.
23. Sinigeg nagri Betawi  
kang lagya wayang-wuyungan  
agung rempag sadinane  
tansah angadu bicara  
nenggih ingkang kawuwusan  
sri narendra Rejapurun  
sira sang Prabu Mangkurat.
24. Ing dina Soma anenggih  
sri narendra siniwaka  
pepek kang ponggawa andher  
miwah kang para sentana  
nung-anung munggeng ngarsa  
Dyan Sindureja neng ngayun  
tuwin Dipati Urawan.

25. Wirawidigda anangkil  
Mangkuyuda Natayuda  
wus munggeng ing ngarsa andher  
tuwin Pangeran Dipatya  
Puger munggeng ngayunan  
lan kang rayi kalihipun  
pra samya munggeng ngayunan.
26. Sagung bopati Pasisir  
sedaya munggeng ngayunan  
ya ta ngandika sang katong  
marang Raden Sindureja  
he Arya Sindureja  
Arya Metaram puniku  
lan adhi Arya Panular.
27. Karo sunparangi linggih  
si adhi Arya Metaram  
sewu linggih ya ta kang wong  
si adhi aryा Panular  
limang atus linggihnya  
Dyan Sindureja wotsantun  
sumangga karsa sang nerpa.
28. Lan si Sutamenggaleki  
iku sunkarya wedana  
ing Gedhong lawan suneleh  
Tumenggung Mangkunagara  
dene sisihe iya  
Suratani sisihipun  
lan malih si Kertinala.
29. Sunkulawisudha mangkin  
isun junjung saking ngandhap  
sunsengkakken ngaluhure  
iya sunkarya wedana  
Kaparek nindhihana

iya arana Tumenggung  
Sumabrata ngreh Kaparak.

30. Na dening ingkng nisihi  
Ngabei Suryawinata  
Kaparak kiwa enggone  
tengen si Cakradiningrat  
sampunnya ingestrenan  
angandika sang aprabu  
he payu ta bubarena.
31. Warnanen dipati kalih  
kang nglurug mring Pasuruwan  
ing Sampang Surapringgane.  
kang medal Mancanegara  
sumahab saha bala  
syaraning bala guipuruh  
ing ngenun datan winarna.
32. Ginelak lampahing bans  
wus prapta talatah Jipang  
minger angidul barise  
anjog talatah ing Jipang  
anglarug ngidul ngetan  
gancanging carita rawuh  
ing Gen thong sagung dipatya
33. Pra samya atata baris  
saguning para dipatya  
akukuwu aneng Genthong  
ya ta Paran Cakraningrat  
utusan putranira  
mantuk ing negarinipun  
Dyan Demang Cakrakusuma.
34. Lawan amethuk kumpeni  
pra samua medal lautan  
lan malih ngerig baiane

tan winarna polahira  
prapta nagri Mandura  
Welanda kang aneng laut  
apan sampun sinegahan.

35. Nengena datan kawarni  
ganti ingkang kawuwusan  
ingkang aneng negarane  
kang wus mukti awibawa  
Rahaden Surapatya  
mapan wus miyarsa wau  
yen nigrine linurugan.
36. Sagung dipati Pasisir  
ing Genthong pakuwonira  
kumpeni miyos laute  
lawan putra ing Mandura  
Raden Cakrakusuma  
ingundhangan bala sampun  
wong Pasuruwan siyaga.
37. pan sampun anata baris  
kang samya tengga tampingan  
bubar saking negarane  
kang badhe nadhahi dhadha  
Rahadyan Surapatya  
gegamanira ngendhanu  
wong kang sura mateng laga.
38. Dening carita kang alit  
yen dalu Ki Surapatya  
lumebu baris Genthonge  
papangggih lan senapatya  
Pangeran Cakraningrat  
aguguneman yen dalu  
yen siyang adhep-adhepan.
39. Warnananen wadya kumpeni

bubar saking ing Mandüra  
miyos laut ing lampahe  
nenggih pangiriding lampah  
putrane Cakraningrat  
Cakrakusuma ranipun  
prajurite winatara.

40. Tigang atus kang sinelir  
sedaya tekan kang rucah  
nem atus rebat luwihe  
kajawi kumpeni Islam  
Bugis lawan Makasar  
awetara pitung atus  
ing lautan tan winama.
41. Baita sampun angrajid  
neng muara Prabalingga  
sampun mentas pecalange  
ngancik bumi Ngayam alas  
kang ngirid Raden Demang  
Cakrasuma lan Welantus  
kang badhe nglurug kenaka.

## XVII. PANGKUR

1. Ya ta wau kawarnaa  
wadyanira Rahaden Surapati  
kang aran Ngabei Kidul  
ingkang tengga tampingan  
kang denirid watara dedamel sewu  
tugur bumi Ngayamalas  
wus ayun-ayunan jurit.
2. Sigeg kang ayun-ayunan  
dyan warnanen kang bans Genthong nenggih  
Paran Cakraningrat wau  
pan lagya paguneman  
lan dipati iya ing Surabayeku  
Jengrana alon atanya  
mring Pangeran Sampang aris.
3. Pangeran Puger ngandika  
nggih si Cakra wau sampun diwangsit  
ing lair batining laku  
watek wantuning bocah  
yen tan wikan ngayuda dadya apengkuh  
angling Pangran Cakraningrat  
lagi ewuh ati marni.
4. Yen isun tan pajarana  
ing rerepit wawadine sang aji  
wan tune rare puniku  
kakang ng'ebret kewala  
nora gemi pan wong anom adatipun  
dadya kula lan andika  
kakang kang nemu bilai.
5. Dene urip lawan pejah  
wus takdire kakang karsaning Widi  
wong ngawula marang ratu  
pastnine abot badan

yen kongsiya datan wruh ing wadinipun  
teka kakang lawan kula  
tiwas wong kinarya abdi.

6. Tanpa gawe sri narendra  
amarangi nagara maring marni  
apa dening isun iku  
yan ana Kaliwurah  
sunsalini mantri kang angirid laku  
si Welanda taha-taha  
kacek lawan anak marni.
7. Dipati Jengrana mojar  
sukur lamun tega dika sayakti  
bener wong ngawulang ratu  
tan panak tan pakadang  
anengena kang lagya agunem catur  
kawarnaa Ngayamalas  
kang ayun-ayunan jurit.
8. Wong Sampang lan Pasuruwan  
atanapi ika bala kumpeni  
wong Pasuruwan umagut  
Ngabei Kidul ika  
sareng mangsah bendhe tinitir angungkung  
kotbuta wong Pasuruwan  
Welanda Sampang nadhahi.
9. Arame campuh kang yuda  
wong kumpeni angedrel wanti-wanti  
wong Pasuruwan anusup  
kukuseng kang sundawa  
wong Mandura apengkuh pangamukipun  
aruket denira yuda  
Welanda wus akeh mati.
10. Den Demang Cakrakusuma  
langkung bendu ningali kang wadya mati

amundhut turangganipun  
arsa ngawaki yuda  
wus anitih turangga angembat lawung  
mara sarya sumbar-sumbar  
rebuten isun prajurit.

11. Putrane Dipati Sampang  
Raden Demang Cakrakusuma wawangi  
dhasar anom pekik iku  
tan nedya gumingsira  
wong Pasuruwan sareng ngebyuk sang bagus  
lir andaka kasriwandan  
kang katrajang akeh mati.
12. Gempur wadya ing Mandura  
lan Raden Demang Cakrakusumeki  
kesisan wadya lit iku  
tuwin Wlanda gempuran  
ya ta Raden Demang Cakrakusumeki  
sinosog ing pangrampogan  
ingudanan paser lembing.
13. Awuru pangamukira  
Rahaden Demang Cakrakusumeki  
binut sata Korawa gung  
rahadyan karepotan  
kang katrajang wong Pasuruwan keh lampus  
mungsu ing wuri keh prapta  
angebyuki sang papekik.
14. Pira kuwating suj alm a  
Raden Demang ginapyok ganjur lembing  
rahadan tiba alungguh  
maksih amangku watang  
kinarubut ing ngakathah radyan wau  
anumbak bari alenggah  
oli mantri papat mati.
15. Kinaroyok Raden Demang

kang gigitik rinebat sampun keni  
dhuhung pinipit ing lambung  
raden tiba kalumah  
kalosodan dhuhung tan kena rinebut  
tinindhiyan wus tininggal  
ya ta wonten kang marani.

16. Sedyane dhuhung denalap  
lan kancinge ma munggeng jaja ngancil  
lagya angangkahi watu  
sinuduk jajanira  
kapisanan kang kari gawok andulu  
ya ta wonten bantu prapta  
nandhang wangsit Surapati.
17. Kagyat ndulu wong rinampak  
tinginan yen dudu wong kumpeni  
mantri bantu getun-tetun  
kabeh wus sinapihan  
tinakonan Demang Cakrakusumeku  
yen putra Dipati Sampang  
angungan Ki Jalapati.
18. Binakta mring pamondhokan  
Rahadyan Demang Cakrakusumeki  
sampun amemecatipun  
sadinten sadalunya  
neng pondhokan samana pan sampun lampus  
kunarpane binecikan  
marang Demang Jalapati.
19. Ya ta wong kumpeni ika  
wus miyarsa tumpes pacalangneki  
satus datan wonten kantun  
manca i saking pangkalan  
baitanya gumilir manengah sampun  
gantya ingkang kawuwusan  
kang baris Genthong winarni.

20. Pan sampun miyarsa warta  
wong kumpeni tumpes pacalangneki  
Pangran Cakraningrat sampun  
mirsa kang putra pejah  
langkung ngungun ing manah sampun pinupus  
yen sampun karsaning Sukma  
tan kena miliya pati.
21. Tan winarna polahira  
pan wus lami denny nganti kumpeni  
alami tan ana rawuh  
aneng Genthong sawarsa  
wong Pasisir sadaya ngandikan mundut  
iya marang sri narendra  
bubar mundur kang abaris.
22. Gancanging canta prapta  
Adipati Sampang lan pra dipati  
ing nagari Kartapurun  
lajeng tumameng pura  
Pangran Cakraningrat 4an Surapringgeku  
wus katur marang narendra  
sapolahira ing nguni.
23. Wus medal saking kadhatyan  
tan winarna wau sri narapati  
gantiyan ingkang winuwus  
nagari Pasuruwan  
Raden Surapati pan sampun angutus  
mring Rangga Bun Jaladriya  
anglurug Madiyun nenggih.

\* \* \* \*









PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

